Based on a socio-historical analysis that privileges the historicity, uses and challenges of heritage and memory of potential slavery sites, as well as detailed empirical research (archives, observations, interviews, photographs, literature), this article proposes an original reflection on the traces and the historical experiences related to the colonial slavery conditions and their futures in Haiti. In analyzing the traces of the memory of slavery and the memorial stories staged in colonial dwellings, which later became places of potential memory, I shall try to understand how the inheritance of colonization and slavery and the regimes of historicity are at stake in post-colonial Haitian society, whether in terms of memorial constructions and heritage issues. How was the collective memory built in Haiti? My attachment to the crossed approach of the scales of analysis (individual and collective, spatial, temporal) corresponds to the emphasis on the transformation of spaces (historical evolution), social experience (discourses and practices of actors) the capacity (will, means, goal) of staging and representing the traces of the past.

**Chapitre 3. Du catholicisme au vodou : quelques repères  
historiques et religieux du « mimétisme chrétien » en milieu rural  
– le cas des offices funéraires du Pè savann**

**Kesler Bien-Aimé**

Dans la localité Sarbous de la commune de Léogâne du département de l'ouest d'Haïti, un *pè savann*, c'est-à-dire un célébrant religieux du village, peu alphabétisé, nous lit dans un livre visiblement vieux. Le titre de l'ouvrage à peine lisible s'intitule *Bouquet funèbre en faveur d'une personne morte*. De ce recueil de cantiques religieux, il nous entonne plusieurs chants latins. L'écoutant chanter, les lignes mélodiques suivent la tradition du chant grégorien qui consistait à créer un type musical pour le cadre strictement religieux et conforme à l'orthodoxie de l'Église catholique romaine. À l'époque, les thèmes auxquels se référaient les compositeurs répondaient plutôt au besoin liturgique de cette Église. Quels sont les liens actuels de ce descendant d'esclave à Saint-Domingue avec de telles expressions culturelles et

religieuses? Dans les moments de deuil, une ambiance complémentaire s'impose. Sans se mélanger à l'africanité en cours, il s'agit des pratiques liturgiques judéo-chrétiennes qui cohabitent avec les rituels vodou dans le travail de deuil. Par les détours de la division des rôles religieux prévus dans le Code noir (1685), comment se développent des complexes d'infériorité au sein de ces communautés à partir de ce que nous appelons « mimétisme chrétien »? Et comment se manifestent-ils dans les interactions sociales postcoloniales?

Nan lokalite Sabous komin Leyogàn ki chita nan departman lwès peyi d'Ayiti yon pè savann, kidonk, yon chèf relijye nan kanton an twouve ap li nan yon liv ki parèt ansyen. Tit liv sa a apèn lizib: « *Bouquet funèbre an faveur d'une personne morte* ». Pandan li pa plimeyank, pè savann lan chante pou nou plizyè chan an laten. Lè n ap koute l chante, sans melodi yo sanble ak tradisyon chan gregoryen. N ap raple fòm chan sa yo te kreye sèlman pou yon kad relijye. Anviwonman mizikal la pat depase preskripsyon sakre Legliz katolik women te trase nan epòk la. Bon! Ant ekspresyon kiltirèl ak relijye laten sa yo epi reyalite chak jou pè savann sa a nan kanpay kote lap viv la, ki lyen ki makònen toujou nonm sa a, ki se yon veritab pitit pitit kaptif afriken nan Sendomeng ak pratik relijye esklavajis yo? Se lè gen yon lanmò nan kominote a pou nou obsève makonnay ak move dijeyon prensip jideokretyen yo nan ekspresyon kwayans kominote riral yo pi byen, rityèl lanmò nan kapay yo pa deparye ak kredo Legliz katolik yo. Menm si nou konstate nan moman dèy yo anbyans la melanje tou ak kwayans afriken, men sa ki enterese nou sitou se enstalasyon pratik, jès ak senbòl relijye jideokretyen yo nan seremoni pou lanmò nan milye sa yo. N ap chache konprann fonksyon ak pataj tach relijye yo apati Kòd nwa (1685) la. Boutofen, kijan echanj sa yo tabli nan sosyete pòs kolonyal la yon konpòtman ke nou rele « mimetis kretyen ».

In the Sarbous locality of the town of Leogane from the Ouest department of Haiti, a *pè savann*, i.e. a village religious celebrant, little educated, was reading us an obviously old book titled *Funeral bouquet for a dead person*. From this collection of religious songs, he sang us several Latin songs, the melodic lines following the tradition of Gregorian chant to create a strictly religious musical type in line with the orthodoxy of the Roman Catholic Church. At the time, composers responded to liturgical needs of this Church. What are the existing links between this descendant of slaves in Saint-Domingue

with such cultural and religious expressions? In times of mourning, an additional atmosphere is required. Without mixing exclusively to africanism, judeo-christian liturgical practices thus coexist with voodoo rituals. Through the division of religious roles under the Code noir (Black code, 1685), how do develop some social and religious complexes within these communities related to what we call « christian mimicry »? And how do they manifest in the postcolonial social interactions?

#### **Chapitre 4. Le Moi et l'Autre : une approche herméneutique marronne**

**Lucie Carmel Paul-Austin**

La construction de l'identité noire s'est forgée dans le creuset de l'esclavage et celui des plantations coloniales. Au cours de cette période et longtemps après, il s'est créé une entité ambivalente, d'abord révoltée, puis aliénée et assimilée, mue par un désir mimétique et une impossibilité d'être à soi et l'Autre. Cette identité, tributaire de conditions sociohistoriques, offre la nécessité de soulever les tensions d'une impossibilité épistémologique et de tenter, ainsi, une énonciation théorique d'un dédoublement multiple tel que matérialisé dans la figure du marron. Les sèmes qui m'intéressent dans le marronnage sont : subversion, diversion, fuite et masque. La question centrale étant le dédoublement et la distanciation opérée par l'esclave révolté, puis son introversion pour se fabriquer une nouvelle identité hybride, une conception d'être au monde et d'être à soi. De l'essence du sujet/Moi à la réalité existentielle de l'objet/Je, mon propos est de montrer une nouvelle perspective de lecture, non plus fondée sur la dichotomie objet-sujet, mais sur la relation de l'un avec l'autre. Je tente d'explorer deux paradoxes fondamentaux dans la construction du Sujet-marron : la formation d'un être multiple et celle d'un être faussement dichotomique. L'aporie autant d'apparaître que d'être se trouve matériellement cassée.

Travay mwen pwopoze a chita sou eritaj esklavaj la, espesyalman sou fason esklav nan plantasyon yo te degaje yo pou reziste. Konsèp ki rezime tout kalite fòm rezistans sa te pran, se Mawonaj. Fason mwen eseye konprann fenomen Mawonaj la pèmèt mwen eksplòre, pou m kapab entèprete yon difikilte epistemolojik (apori) ki alabaz

mawonaj la : sa ou wè, oubyen ou konprann ou wè, se pa sa. Entèpretasyon difikilte epistemolojik sa chita, pou mwen menm, sou 2 paradòks fondamantal; premye a (endividi a pa gen 2 bò tout bon vre) : a) lè ou wè m (mwen prezan), se esklav la ou wè; b) lè ou pa wè m (mwen absan), mwen mawon; dezyèm nan (endividi pliryèl) : lè kolon an wè esklav la, eske li konnen ki moun ki anfas li. Mawonaj la se yon altènans prezans/absans. Kidonk, chak fwa kolon an wè yon esklav, dilèm sa toujou la. Objektif mwen, piske zòt pou bokou nan jan moun ye, jan moun parèt, idantite moun makònen ak lòt moun ki anfas nou nan sosyete a. Pou mwen, se eseye konprann epi eksplike ak entèprete dedoubleman an kaskad yon moun dwe opere pou soti nan klwazònman ak deklwazònman sijè/objè a.

While running away, the fugitive slave (maroon) engages materialistically his own survival, by subverting, undermining, destabilizing, disguising and masking. It is through this pluralistic register that I intend to decipher the paradigmatic manifestations of *marronnage*. My intention is to locate the continuities and discontinuities of this semiotic transformation while exploring the epistemic and social construct of the identity of the Subject who emerges from this: the Maroon. I intend to explore the theoretical links between History and Identity as they relate to the fabrication of this particular subject. Both collective and personal representations are determined by society (the Other). First, I take into account the ontological and phenomenological aspects of Being. The existence of the latter is in a permanent, yet fluctuating, dialogic relation with the Other, or by default, with the Self. Second, I offer an interpretative approach to extract a new perspective of a postmodern plural individual, not fractioned or binary. Within the same vein, I can correlate the emerging of this somewhat fractal identity, as an attempt to conjure the impact of Object/Me and Subject/I displacement; this will help in analyzing the phenomenological effects in deconstructing and achieving the exploration of the Self, into an individual who is One-multiple.

## Chapitre 5. La difficile acceptation de la sculpture dans l'art contemporain en Haïti, vestige de la campagne antisuperstitieuse

Sterlin Ulysse

Les premiers théoriciens de l'art haïtien ont tous négligé l'art volumique. C'est ainsi que pour Malraux, Haïti se présente comme le seul peuple de peintres, tandis que Michel Philippe Lerebours nous fait entendre que la sculpture n'est pas à proprement parler un art haïtien. Il faut toutefois admettre que la période coloniale et le XIX<sup>e</sup> siècle n'ont pas laissé beaucoup de noms de sculpteurs. Il a fallu attendre la fin des années 1940 pour assister aux premiers élans vers une sculpture non monumentale, mais qui se dirigeaient surtout vers une pratique artisanale, favorisée par le développement touristique de l'époque. Depuis les années 2000, une nouvelle sculpture fait son apparition. Celle-ci n'hésite pas à faire du Vodou et de l'imaginaire populaire la toile de fond de son inspiration. Cependant, très peu de galeries acceptent d'en exposer les œuvres, ce qui rend difficile son ouverture sur le marché de l'art local. Cette situation nous amène à chercher et à expliquer la réticence de la société par rapport à la sculpture, quand on sait qu'elle a été l'art traditionnel de l'Afrique subsaharienne d'où proviennent les différentes tribus qui ont été déportées vers la colonie de Saint-Domingue. Il s'agit de savoir si l'évangélisation ou les campagnes anti-superstitieuses que le vodou a connues peuvent nous permettre d'en tirer quelque chose.

Premye teyorisyen atizay ayisyen yo tout te neglije volim nan atizay. Kidonk, pou Malraux, Ayiti se sèl peyi kote pent te ka boujonnen anpil nan tan modèn nan. Michel Philippe Lerebours pa wè eskilti tankou yon atizay ayisyen. Fòk nou dakò peryòd kolonyal la ak dizneyèm syèk la pa t kite anpil non eskiltè. Se jouk ane 1940 yo premye eskilti ki pat gen anyen pou wè avèk moniman te parèt, men eskilti sa yo te plis atizana pou atire touris, ki te konnen vini anpil anpil nan epòk la. Depi ane 2000 yo, yon lòt fòm eskilti parèt. Moun ki ap fè eskilti sa yo al chache nan vodou ak nan sa pèp la imajine pou yo mete l nan zèv yo. Men galrida yo pat byen akeyi eskilti sa. Move akèy sa gen konsekans sou mache lokal la tou. Sa pote nou reflechi pou nou konprann pou kisa repiyans sa pou eskilti, alòske se atizay tradisyonèl nan zòn Lafrik kote moun yo ta prale mete nan esklavaj yo nan koloni Sen Domeng yo te soti. Nap chache

konnen si kanpay kont vodou yo ak jefò pou plante relijyon kretyen yo ka di nou kichòy nan refleksyon nou.

The first Haitian art theorists all have neglected the volume-emphasizing art forms. Thus, for Malraux, Haïti stands as the only people of painters, while Michel Philippe Lerebours would lead us to believe that sculpture is not strictly speaking Haitian art. It must be admitted that from the colonial period and the nineteenth century did not emerge many sculptors' names. One has to wait until the late 1940s to witness the first impulses towards a non-monumental sculpture, but which were oriented towards artisanal production, favored by the tourist development of the times. Since the early 2000s, a new trend in sculpture has appeared. It does not hesitate to make Vodou and the popular imagination the backdrop of its inspiration. However, very few galleries seem willing to exhibit the works, which makes it difficult to make it accessible on the local art market. This situation challenges us to explain the social reluctance to embrace sculpture when you consider it was the traditional art of sub-Saharan Africa from which originated the different tribes who were deported to the colony of Saint Domingue. It is of interest to explore to what extent evangelization and the various anti-superstition campaigns that the Vodou religion was subjected to can shed some light on this phenomenon.

## **Chapitre 6. Sikoloji afriken adan litérati afriken é afrokaribéyen**

### **Ena Eluther**

Kijan fè ou pé ka òksèvé kilti afromériken é afriken, siwvwè ou pa ka jété on zyé séryé asi nosyon a blèsman la? Nosyon -lasa fondal-fondal pou tout kèksyon alantou a Nèg an XXIyèm syèk-lasa. Listwa a Afriken yo chayé pa fòs Léizamérik, listwa a kolonizatè Léwòp ki mèt lanmen asi Lafrik, asiré-sèten, maké fon-fon-fon lèspri a pitit a Lafrik; malgré yo rézisté é yo kenbé fil a lavi, nanm a yo toujou ni mak a démounaj-la Léwòp òganizé la pou brizé-krazé ki lèspri ki kilti ki sistenm politik afriken la. Fò di osi, déklaré on sikoloji afriken ka ègzisté poubon, sé kontinyé asi chimen a on tradisyon litèrè é téorik ki pa nèf. Litérati afrokaribéyen é afriken, sé akwèdi pòtré a pèp é kilti nèg; é i ka montré soufè Nèg soufè adan listwa. Dépi tan a okipasyon

a Lafrik pou yo té razyé Nèg, é tan a kal-a-bato-la, jis oti dominasyon néokolonyal a jòdijou, makè a Lafrik é Lézanmèrik ka voyé monté tout boulvès pèp nèg ka parèt adan sé liv-la, vwè ki adan kilti a yo ki adan sosyété a yo. Siwvwè nou ka liyanné makè afriken é makè afrokaribéyen, sé davwa ladépòtasyon é lèstravay Afriken sibi, tou sa sé dé mòso a on menm balan a dominasyon lè Léwòp varé si Lafrik. Si ou ka jété on zyé *transnasyonal* é *transkontinantal*, ou ké vwè sé menm soufè-la, menm bobo-la Afriken sipòté la, ki Lafrik ki adan Lézanmèrik. Lé dé koté a loséyan atlantik, fò pran tan gèri rèlféli-la ki tini andidan nanm a sé Afriken-la, dépi kat syèk. Kanmenmsa, sé liv-la ka montré lèsprì, nanm afriken la kenbé doubout a-y ki asi kontinan-la ki adan dyaspora nèg la, magré yo èché baré van a-y é woté-y an kyè a Nèg. Woman afrokaribéyen é afriken, sé on bèl zouti pou travay ki asi bèlté a sé pawòl-maké-la, ki pou dékouvé monn-la é jan moun ka viv adan-y; woman-la ka bay on bèl koutzyé kiltirèl é istorik, plen richès, asi sivilizasyon nèg la. Men ki konba nèf pou nou menné ankò, pou sikoloji afriken la pé sa kontinyé viv toujou, pou nou woumété-y anmitan-kyè a tout Nèg? Litérati afriken é afrokaribéyen ka fè-w dékouvé tout kèksyon ki alantou a pèp a Lafrik é dyaspora mériken a-y; i pé ka ba-w répons, i ka fè-w kalkilé, i ka fè-w vwè tini on pwenviz afriken poubon ki ka rézisté, é ki pé ban-nou zouti pou on « Rènésans afriken », ki Lafrik ki Lézanmèrik.

Peut-on s'intéresser aux cultures afro-américaines et africaines sans traiter de la notion de traumatisme? Cette dernière est bien au cœur de la question noire au XXI<sup>e</sup> siècle. L'histoire de la déportation massive d'Africains aux Amériques et de la colonisation du continent africain par les Européens a, sans nul doute, laissé des traces profondes dans la psyché des Africains qui, malgré résistance et résilience, restent fortement marqués par l'entreprise de déstructuration mentale, culturelle et politique mise en place par l'Europe. Précisons que l'affirmation d'une psyché africaine se fonde sur une tradition théorique et littéraire ancienne. La littérature afro-caribéenne et africaine, miroir des peuples et des cultures, témoigne des traumatismes causés par cette douloureuse histoire. Depuis l'invasion du continent africain, les razzias et le *Middle passage*, jusqu'aux dominations néocoloniales, les écrivains d'Afrique et des Amériques donnent à voir les bouleversements culturels et sociétaux vécus par les peuples représentés. L'association des auteurs africains et afro-caribéens n'est pas fortuite : la déportation et l'asservissement des Africains qui

s'ensuivit sont partie intégrante d'un plus vaste mouvement d'agression de l'Afrique par l'Europe. Un regard transnational et transcontinental met en exergue une communauté de souffrances, de blessures tant chez les Africains du continent que chez ceux de la diaspora américaine. Des deux côtés de l'Atlantique, il faut panser la rupture ontologique provoquée par cette « aventure ambiguë » des quatre derniers siècles de l'Histoire africaine. Cependant les œuvres littéraires attestent du maintien d'une pensée africaine outre-Atlantique comme sur le continent, malgré les entreprises d'acculturation mises en place. Les productions romanesques afro-caribéennes et africaines constituent un champ d'investigation de choix : à la fois art et outil de connaissance du monde et des hommes, le roman offre un riche panorama culturel et historique du monde noir. Quels sont donc les « nouveaux » défis à relever, pour assurer la continuité, de même que la réappropriation de cette pensée africaine par le plus grand nombre? Les littératures africaine et afro-caribéenne permettent d'explorer ces questionnements qui préoccupent les peuples d'Afrique et de sa diaspora américaine, proposent des réponses et suscitent l'interrogation, révèlent l'existence d'une perception du monde africaine en résistance, capable d'offrir les outils d'une renaissance africaine ici et là-bas.

Is it possible to take an interest in Afro-american and African cultures without examining the notion of trauma? This notion is, for sure, at the heart of the black question in this 21th century. The history of the mass deportation of Africans to the Americas, and of the colonisation of the African continent by the Europeans, has, no doubt, left deep marks in the African mind, in spite of the resistance and the resilience, and because of the European's will to mentally, culturally and politically de-structure the African souls. Note that the affirmation of an African psyche is based on an old theoretical and literary tradition. Afro-Caribbean and African literature, which is a mirror of peoples and cultures, testify to the traumas caused by this painful history. Since the invasion of Africa for raiding men and women, since the middle passage, to the neo-colonial dominations, the writers of Africa and the Americas show the cultural and societal upheavals the peoples represented in the works lived. The association of African and Afro-Caribbean writers is not fortuitous: the deportation, and the Africans' enslavement that came next, are an integral part of a wider movement of aggression towards Africa by Europe. A transnational and transcontinental look will highlight a

community of sufferings, of wounds for the Africans who lived in Africa as much as for the Africans of the American diaspora. From the both sides of the Atlantic Ocean, we have to heal the ontological wound caused by this “Ambiguous adventure” during the late four centuries of African history. Nevertheless, the literary works prove that an African thought holds firm over the Atlantic as much as in Africa, in spite of the will to acculturate African peoples. The Afro-Caribbean and African novels constitute a real good field of investigation: both art and tool for knowing the world and mankind, the novel offers a rich cultural and historical panorama of the black world. Which are the “new” challenges to take up, in order to assure the continuity as well as the re-appropriation of the African mind by the largest number? African and Afro-Caribbean literature makes it possible to explore the questionings which worry the peoples of Africa and its American diaspora, offer responses and ask questions, and reveal the existence of an African worldview in resistance which is able to give us the means for an African rebirth here and there.

**Chapitre 7. Vodou et mémoire de l’esclavage dans la création  
plastique contemporaine haïtienne et béninoise : quelques  
aspects**

**Angelo Destin**

Cet article tend à examiner le traitement de la mémoire de la traite transatlantique, de l’esclavage et du vodou chez des artistes contemporains haïtiens et béninois. Le vodou est compris comme un héritage ancestral (territoire commun). Son importance est cardinale comme lieu d’élaboration et de préservation d’une mémoire des luttes contre l’esclavage. Comment, depuis le festival *Ouidah 92*<sup>1</sup> (et d’autres projets connexes), véritable tournant dans l’historiographie et les mémoires de la traite transatlantique, les artistes contemporains haïtiens et béninois s’approprient-ils cet héritage dans l’acte de création tout en étant conscients des enjeux politiques et culturels qui en découlent? Par quel langage envisagent-ils d’en découdre pour mieux faire subsister cette mémoire aujourd’hui? Le vodou serait-

1. « Ouidah 92 » était un grand rassemblement de plusieurs personnes de nationalités diverses issues de la diaspora nègre autour du culte vodou organisé à Ouidah en février 1993.

il, pour ces artistes, le liant ou le nœud de raccommodement, de renouement à « ce passé ténébreux »?

Atik sa vle ekzamine Memwa esklavaj ak vodou nan zèv atis Ayisyen ak Beninwa yo. Nou konprann vodou a tankou yon eritaj zansèt yo kite epi ki ka rapwoche eritye yo youn ak lòt, li enpòtan anpil paske li kenbe andedan li memwa batay kite mennen pou fini ak koze esklavaj la. Aprè gran fèt *Ouidah 92* la ki te fèt nan peyi Benen (ak kèk lòt pwòjè ki sanble) kite make yon gwo moman nan istwa komès ak memwa esklavaj, kouman atis yo rive pran ankont eritaj sila nan travay kreyasyon yo pandan ke yo rete konsyan de tout koze politik ak kiltirèl eritaj sila ka soulve? Ki langaj yo konte itilize ki ka pèmèt yo pran distans yon fason pou yo ka kontinye fè memwa sila ekziste? Èske vodou a pataka pou atis yo zouti ki pèmèt yo renouvle atachman yo youn ak lòt epi rive gadè an fas pase amè sa?

This article aims to examine the treatment of memory of the transatlantic slave trade, slavery, and Vodou by contemporary Haitian and Beninese artists. Vodou is understood as an ancestral heritage (common territory). As a place of elaboration and preservation for the memory of the struggles against slavery, its importance is cardinal. How, since the *Ouidah 92* festival (and other related projects), a true turning point in the historiography and memories of the transatlantic slave trade, are contemporary Haitian and Beninese artists appropriating this heritage in the act of creation while being aware of the political and cultural issues arising from it? Through what language do they challenge and call attention to this memory in order to allow it to survive today? For these artists, can Vodou be considered, the link or the knot of reconciliation, of renewal of this « dark past »?

## **Chapitre 8. Impacts du passé colonial dans les systèmes éducatifs haïtien et burkinabè : quelles possibilités de rupture par les réformes éducatives actuelles?**

**Iramène Destin**

Cet article traite du lien entre les systèmes éducatifs haïtien et burkinabè par rapport au passé colonial et esclavagiste. Il présente le chantier des réformes éducatives actuelles, spécifiquement celles qui sont entreprises selon l'approche par les compétences (APC), comme

une opportunité de rupture avec l'héritage de ce passé. Un héritage qui influence la reproduction des inégalités sociales implantées dans les colonies par le choix de l'organisation des cycles d'enseignement, des contenus, des modalités de sélection, le parti-pris pour le français comme langue de scolarisation et d'enseignement/apprentissage et les finalités de l'école.

Atik sa a pale de lyen ki genyen ant sistèm edikatif ayisyen an ak sistèm edikatif burkinabè a pa rapò ak pase kolonyal, esklavajis nan peyi sa yo. Atik la eseye montre ki jan nouvo refòm edikatif nan 2 peyi sa yo, espesyalman refòm k ap fèt selon apwòch pa konpetans yo, te ka pèmèt yo koupe pon ak tout vye lojik eritaj kolonyal la ki anpeche sistèm yo evolye kòm sa dwa. Divès rechèch ki fèt sou kesyon eritaj kolonyal nan edikasyon nan ansyen koloni franse yo montre sistèm sa yo sanble anpil. Resanblans sa yo chita sou tandans ki genyen nan peyi sa yo nan repwodiksyon inegalite sosyal ki te pran rasin yo nan kolonizasyon franse a. Inegalite sa yo manifeste nan jan sistèm edikatif yo òganize, nan matyè yo chwazi ansenye yo, nan ki jan yo seleksyone elèv yo, nan enpòtans yo bay lang franse nan ansèyman/aprantisaj la epi nan objektif yo defini pou edikasyon an.

This paper deals with the link between Haitian and Burkinabe educational systems in relation to their colonial and slave past. It presents current educational reforms, specifically those undertaken under the competency-based approach, as an opportunity to break with the legacy of this past, a legacy that influences the perpetuation of the very social inequalities established in the colonies by choosing the organization and contents of teaching cycles, the criteria for selection, the bias for French as the language of teaching and learning and the objectives of education itself.

## **Chapitre 9. Ki non epistemoloji ayisyen an? Ki sa l vle di pou pratik sikoloji ann ayiti?**

**Judite Blanc**

Nan chapit sa a mwen dabò defini konsèp epistemoloji a selon twa (3) tradisyon (anglosakson, frankofòn epi afriken). Epi mwen analize epistemoloji ayisyen an selon kritè teyori lakonesans afriken kote mwen fè konsiderasyon sou plas vodou ak tradisyon oral yo. Mwen fè gwo rale mennen vini sou kouran epistemoloji anpiris ak

rasyonalis ansanm ak rapò kouran sa yo ak epistemoloji ayisyen. Mwen reflechi tou sou enfliyans zansèt nou yo ki te fè revolisyon an 1791. Mwen konsidere yo kòm premye teyorisyen ak teyorisyèn pou mòd panse ki santre sou eritaj afriken nou (sa nou ka rele « afwosantriste »), pou mòd panse antikolonyalis yo e menm pou ideyal demokratik k ap banbile nan monn jounen jodi a. Lè mwen fin fè tout konsiderasyon sou sa ki sanble sèvi kòm wòch dife chodyè epistemoloji nan kontèks ayisyen an, mwen bout refleksyon mwen sou plas epistemoloji sa a nan pratik syans sikoloji ann Ayiti, sitou nan sa ki gen pou wè ak konseptyalizasyon devlopman entèlèktyèl selon modèl devlopman entèlijans Serge Madhère.

Dans ce chapitre, j'ai d'abord tenté de cerner le concept d'épistémologie selon trois traditions (anglo-saxonne, francophone et africaine). Puis, j'ai entrepris d'analyser l'épistémologie haïtienne selon les critères africains de la théorie de la connaissance, en mettant l'emphase sur la place du vodou et des traditions orales, pour ensuite passer à la loupe les rapports entretenus entre l'épistémologie haïtienne et les philosophies empiriste et rationaliste. Dans la foulée, je me suis interrogée sur l'influence de la révolution haïtienne de 1791 dans le développement de certains paradigmes comme le courant afrocentrique, l'anticolonialisme et un idéal démocratique. Face aux constats de ce qui constitue les piliers d'une épistémologie dans le contexte socioculturel haïtien, l'implication pour la pratique de la psychologie en Haïti, notamment en matière de conceptualisation du développement cognitif selon le modèle d'intelligence de Serge Madhère, a fait l'objet de réflexion.

In this chapter, I first attempt to define the concept of epistemology according to three (3) traditions (English, French and African). Then I analyze Haitian epistemology according to African criteria for the theory of knowledge, emphasizing the role of Vodou and oral traditions, and then I examine the relationship between Haitian epistemology and empiricist and rationalist philosophy. At the same time, I question the influence of the Haitian revolution of 1791 in the development of certain paradigms such as Afrocentricity, anti-colonialism and an ideal of democracy. Given my findings regarding the essence of epistemology in the Haitian socio-cultural context, I conclude by considering the implications of these findings for the practice of psychology in Haiti, specifically vis-à-vis the

conceptualization of cognitive development according to Serge Madhère's model of intelligence.

Cadre théorique :  
Colonisation et écologie  
sociale / Kad teyorik:  
Kolonizasyon ak  
ekoloji sosyal

# Kolonizasyon ak Ekoloji Sosyal : Konsekans Fizyolojik, Sikolojik, ak Enfliyans yo sou Lasante

SERGE MADHÈRE

## Nòt byografik

Serge Madhère fèt Baradè, Ayiti. Li fè klas primè ak segondè yo nan Pòtoprens, nan lekòl Jean Marie Guilloux epi Séminaire Collège Saint Martial. Pou etid inivèsitè yo, li ale dabò a Paris an Frans kote li fè yon lisans nan Sikoloji (Paris 5 – Sorbonne, 1975). Ansuit li janbe Nouyòk (nan New York University) kote li fè dabò yon metriz nan Sikometri ak Evalyasyon (1977), ansuit yon doktora nan

Statistik (1981). Pandan plis pase 20 lane, li te pwofesè Statistik ak Metòd Rechèch nan Howard University nan Wachintonn, Etazini. An 1997 yo admèt Serge Madhère kòm manm “New York Academy of Sciences”. Li pa janm sispann pote kontribisyon l pou avansman lang Kreyòl Ayisyen an: Sa fè senkant an (50) li nan batay sa a. Depi 2013 Doktè Madhère an Ayiti kote li mete sou pye yon sant yo rele “Teknasium” ki ap eseye soutni teknoloji pou edikasyon.

1. Twòkèt la
2. Chay Manman-Penba a
  - Kolonizasyon an
  - Demolisyon ekoloji sosyal
  - Angrenaj Aparèy Kolonyal la
3. Krebetizasyon kòm Kondisyònman
  - Idantite ak rapò sosyal
  - Sans moral epi rapò nou ak pouvwa
4. Konsekans fizyolojik
  - Konsekans sou Selil Kò a
  - Konsekans sou Sistèm Pwoteksyon Iminite
  - Konsekans sou sistèm andokrin ak aktivite metabolik
  - Konsekans sou Sistèm Newo-relè Otonòm
  - Konsekans sou Sistèm Lenbik
5. Konsekans Sikolojik
  - Newosiyal
  - Aktivite kognitif
  - Ekilib emosyonèl

6. Enfliyans sou Lasante

- Enfliyans dirèk ak endirèk

7. Dènye Mo a

8. Referans

### Twòkèt la

Fò w konn la pou w al la

Genyen yon pwen kote Sikoloji Afrikèn ak Sikoloji Ewopeyèn kapab petèt tonbe dakò. Se kote yo toude poze yon prensip bwamitan ki di : Si w vle konprann konpòtman yon moun jodi a, chèche konnen sa ki te rive l lontan, sitou depi l te timoun. Kidonk pa gen pyès loray-kale. Menm prensip la valab si n ap eseye analize sitiyasyon tout yon nasyon. Fòk nou pa sispann reflechi sou sa ki te pase depi lè kominote a te fèk ap fòme. Kolonizasyon se yon evènman istorik ki peze ak tout pwa lou manman-penba l sou jan lavi a deplòtonnen pou nou kòm yon ras moun sitou nan Amerik la. Jeneralman se istòryen ki etidye yon sijè tankou kolonizasyon. Mande yon sikològ abòde sijè sa a, se kòm si w mande yon moun detere defen manman l. Sijè a deja chaje ak anpil emosyon. Anplis, pou nou menm sikològ ki desandan Nèg Lafrik, nou nan yon pozisyon delika pou n mennen operasyon sa a, paske nou alafwa ajan (nan wòl nou kòm syantifik) epitou nou se matyè operasyon an menm (nan sitiyasyon nou kòm ansyen kolonize). Se poutèt sa nou bezwen yon bon zouti teyorik solid pou gide travay nou<sup>1</sup>.


Zouti teyorik nou adopte pou atik sa a se yon modèl ki rele INGAM mwen te devlope ansanm ak kèk lòt kolèg (Madhère, Harrell, & Royal, 2009) pou nou te fè limyè sou koneksyon ki genyen ant ekoloji sosyal, jenomiks, ak lasante. Pou kominikasyon sa a, mwen pran sèlman yon pan nan modèl total la (yon “lèz-modèl”) pou m kapab layite kesyon kolonizasyon an byen. Mwen fè yon pase men ladan pan sa a (parapò ak orijinal la). Men, nan fondanatal li, se menm modèl la. Kòm apwòch metodolojik, yon modèl toujou gen yon ekzijans apa, paske se yon reyaksyon an chenn w ap suiv pou w wè kòman varyab yo makònen youn ak lòt. Kidonk li mande

1. Nan derape refleksyon nou sou kolonizasyon ak sikoloji, nou te tire pwofi nan travay filozòf Hempel (1968) sou diferans nan apwòch metodolojik ant lasyans ak listwa.

pou w eseye esplike ni deklanchman ni fonksyònman tout dispozitif (mekanis) ki pwodui yon fenomèn. Nan kad yon analiz kote nou pral kanpe sou yon bit sikolojik pou n egzamine kolonizasyon, nou gen pou n chèche repons sou 4 kesyon :

1. Ki dispozisyon ki te pran pou Ewopeyen yo rive rasanble tout kantite moun sa yo anba jouk kolonizasyon?
2. Nan ki degre popilasyon ki tonbe anba kolonizasyon yo aksepte vale pwazon sa a?
3. Ki kote sistèm kolonyal la jwenn kapasite sa a pou l kontinye repwodui tèt li depi syèk?
4. Nan nivo endividyèl, (dèske se sikològ nou ye), ki kote dlo pase pou l antre nan bwa joumou?

Genyen plizyè lòt foyapòt ki souleve menm mòd kesyon sa yo deja (Price-Mars, 1928; Ani, 1994; Trouillot, 1990). Yon pyonyè dirèk sou chantye a nan domèn sante mantal se Frantz Fanon (1967). Men n ap fè jefò pou laji wout la yon ti jan pi plis pase Fanon, sitou sou bò fizyoloji a, paske nou anmezi tire pwofi sou kèk rezilta nan byoloji molekilè ki pa te ko disponib 60 lane de sa. Pou lapriyè a pa twò long, men sa modèl la sanble. Li parèt konplike, men manman lide a senp : kolonizasyon an rive kreye yon seri kondisyon ki kite plizyè mak grave fon ni sou kò nou, ni sou bonnanj nou, epi ki kontinye ap fè dega sou sante nou.



Lèz-modèl INGAM

## Chay Manman-Penba a

### Kolonizasyon an

Lakataw fè klaw, Langinen tande

Pou kòmanse, li enpòtan pou n bay yon definisyon klè sou kisa nou rele kolonizasyon an. Kolonizasyon se dappiyank ak dechèpiyay yon gwoup moun ki sot deyò vin fè sou resous yon lòt popilasyon apre yon maspinay pwenn-fèpa. Tousuit nou kapab wè se pa egzakteman menm definisyon an nou ta jwenn nan yon diksyonè ewopeyen. Nan pèspektiv popilasyon ki sibi maspinay la, kolonizasyon an se yon katastwòf kolektif. Dapre modèl INGAM lan, anpil fwa se yon katastwòf kolektif ki kreye kondisyon pou fè maladi vin tonbe sou yon popilasyon. Yon katastwòf kolektif kapab yon evènman oswa yon seri evènman lanati oubyen lèzom pwovoke ki pral devaste anviwònman kote yon popilasyon ap viv. Paregzanp, yon gwo tranblemanntè, yon kokenchenn siklòn, yon sechrès san fen, eksplozyon yon vòlkan se mòd dezaz lanati kapab pote; lagè ak lesklavaj se mòd dezaz lèzom kreye tanzantan nan listwa limanite.

Mouvman kolonizasyon Ewopeyen yo kòmanse depi fen 15èm syèk la se yon veritab katastwòf kolektif li deklannche sou 2 kontinan. Ani (1994) rele l nan lang Swahili yon “maafa”; nan langaj Amara yo (an Etyopi), yo pale de “maat-maik” : Toude ekspresyon yo vle di “yon kokenn chenn malè”. Nan Amerik la sèlman, jou bann dechèpiyè Ewopeyen yo debake, yo disparèt plis pase 100 milyon moun, ki te òganize an plis pase 65 nasyon. Gade kat jeyografik sa a ki montre popilasyon nan Nò kontinan an anvan Kristòf Kolon te mete pye.




Nasyon ki te deja abite kontinan an anvan Ewopeyen rive.  
Kredi pou imaj la : [www.flyoverfeminism.com](http://www.flyoverfeminism.com).

Nan peyi d’Ayiti, yo te sakrifye trapde an 25 lane prèske tout ras Tayino ki te sou zile a : An 1492, popilasyon Tayino a te estime a 1 500 000 moun; an 1495, li redui a 1 200 000; rive 1510, te gen mwens pase 60 000; an 1518, apèn si te rete 1 000.

Kòm kolonizasyon an pa tap kab fèt san bra ni san talan, Ewopeyen yo al pete yon dezyèm karastwòf kolektif sou kontinan Afriken an. Pandan tout listwa limanite, depi yo bezwen nenpòt resous (kit se materyo, kit se moun), se an Afrik yo toujou al chèche yo. Pou epòk la, se 13 a 16 milyon pitit Lafrik y al rache nan zantray li. Gen moun ki konprann se sou lakòt Lwès Lafrik la sèlman negriye yo tap frape. Non, yo te toupatou (Kenyatta, 1965). Gade kat jeyografik sa a pou nou konprann tout ekstansyon trafik kidnape Nèg lan te pran.

PENSÉE AFRO-CARIBÉENNE ET (PSYCHO)TRAUMATISMES DE L'ESCLAVAGE ET DE LA COLONISATION



Orijin ak Destinasyon Moun yo te Kidnap an Afrik yo. Kredi pou imaj la : Pearson Education Inc.

Yon fwa yo fin atrap moun yo, se nan kav yo te fèmen yo pandan plizyè jou. (Gade foto yo, dyagram 1.3, nan Zanziba). Gen yon rezon pou sa. Se pou desounen yo : kraze fè yo; mete bayonn sou 5 sans yo. Sa rele “privasyon sansoryèl”; e sikoloji eksperymanal ba nou enfòmasyon se youn nan teknik pi efektif pou fè lespri yon moun rale bak (“regrese”). Se yon lòt katastwòf pou anbake moun yo epi transpòte yo sou bato vin an Amerik. Yon bato ki ap fè trafik negriye te pote an mwayèn 200 a 250 moun lè l chaje nè. Se sou dezyèm nivo anba pon batiman an yo te anpile yo (Dow, 1970). Espas sa a, ki pa te depase 5 pye nan wotè, te divize an 2 platfòm (Al gade foto bato a). Sou chak platfòm yo, se 7 pye-kare sèlman yo te kite pou chak nèg/nègès, kidonk se yon mòg vivan ([www.Spartacus-educational.com](http://www.Spartacus-educational.com)).



Kavo pou kenbe kaptif yo nan Zile Zanziba. Kredi pou imaj yo : Dreamstime.com



Kavo pou kenbe kaptif yo nan Zile Zanziba. Kredi pou imaj yo : www.holidaybug.com

PENSÉE AFRO-CARIBÉENNE ET (PSYCHO)TRAUMATISMES DE  
L'ESCLAVAGE ET DE LA COLONISATION



Kondisyon Transpò sou yon Bato Negriye. Kredi pou imaj  
yo : eenigheid.slavenhandelmcc.nl



Kondisyon Transpò sou yon Bato Negriye. Kredi pou imaj  
yo : Gummybear15.blogpost.com

Vwayaj la, soti sou lakòt Lwès Lafrik pou rive nan zile Karayib  
la, te dire minimòm 50 jou. (Plis tan toujou si bato a pral Etazini

oswa si li soti Zanziba, sou lakòt Lès Lafrik). Si moun yo vomi akòz maldemè, oswa si yo bade, yo oblije rete lonje anchene nan salte a. Imajine ki pwoblèm ijiyèn sa poze. An menm tan tou, nan sikonstans sa a, sa fòse moun yo devlope yon fòm tolerans pou malpwòpte. Yon lòt gwo traka toujou : Kote moun yo mare nan jouk anba lakal batiman an, yo pa jwenn ase lè pou yo respire (Equiano, 1996). Mòd transpò sa a se pa ni 2 ni 3 kadav li bay. Sou 16 milyon yo te pran an, se 12 milyon apeprè ki rive vivan nan fen vwayaj la. Pami yo, anpil devlope pwoblèm respiratwa serye. Pi devan n a ekzamine konsekans fizyolojik yo.

Lè moun sa yo resi debake, se atò kalvè a kòmanse pou yo kòm esklav sou plantasyon yo. Mwen pap antre nan detay mati ak atwosite esklav yo sibi. Gen plizyè istoryen ki ba nou sou 2 chèz kòman sa te ye (Fouchard, 1972; Gisler, 2000; Talleyrand, 2002; 1977). Mwen kite aspè klinik lan pou lòt kolèg nan senpozyòm sa a menm ki pral pote ekleraj serye sou twoma sikolojik esklavaj la koze. M ap konsantre pito sou konsekans sosyo-ekolojik manch-long kolonizasyon an.

## Demolisyon ekoloji sosyal

Jete, bliye – Ranmase, sonje

Nan definisyon tou senp li, ekoloji eseye sènen tout eleman nan anviwònman fizik kote yon popilasyon abite. Ekoloji sosyal li menm santre sitou sou aranjman moun yo fè antre yo pou yo kapab viv. Yon premye kesyon ki te enterese nou se ki dispozisyon Ewopeyen yo te pran pou yo rive rasanble tout kantite moun sa yo anba jouk kolonizasyon. An repons ak kesyon sa a, nou pral ekzamine 5 gwo angrenaj nan aparèy kolonyal la. Se driverans, dechoukay kiltirèl, krebetizasyon, trafik sèks, ak anbwataj sosyo-ekonomik. Senk angrenaj sa yo reprezante kakas machin lan menm : Nou di yo “estriktirèl”. Apre sa, nou gen pou n etidye mouvman ak kadans aparèy la yon fwa li kòmanse fonksyone. Konsa nou va gade 4 aspè fonksyonèl ki vize kreye yon “espas sikolojik” pou telegide konpòtman kolonize yo. Analiz fonksyonèl sa a ap tou pèmèt nou reponn dezyèm ak twazyèm kesyon nou te poze yo : Dabò, nan ki degre popilasyon ki tonbe anba kolonizasyon yo aksepte vale pwazon sa a? Ansuit, ki kote sistèm kolonyal la jwenn kapasite sa a pou l kontinye repwodui tèt li depi syèk?

## Angrenaj Aparèy Kolonyal la

### Driverans

Nenpòt katastwòf kolektif genyen kòm konsekans ki pi grav (paske li dire pi lontan) depasman fòse. Se pa tout lè, pandan yon dezas, gen anpil moun ki mouri yon sèl kou. Men katastwòf la toujou lage yon mas moun nan kouri, nan trennen, nan drive de zòn an zòn. Se konsa kolonizasyon an bwote moun pa pil e pa pakèt soti sou yon kontinan al sou yon lòt. Men li pa lage yo tout yon sèl kote. Li gaye yo de zile an zile. Li kreye yon fenomèn driverans : Moun y ap drive epi lavi yo tounen yon rans. Menm lè bato negriye a fin debake yo nan yon zòn, pa gen garanti y ap kapab fè vye zo la. Kolon ki achte esklav la konn prese revann li, paske gen yon bon valè lajan ki kab fèt plop-plop nan tranzaksyon sa a sèlman. Plizyè dokiman istorik montre, nan lespri kolon an, twoupo esklav li yo te vo plis lajan pase tè oswa lòt bagay li te posede. Menm pou yon timoun, li te kapab touche yon bon kòb : Dokiman piblik yo klè sou sa. Nan zòn Nouvèl Angletè ozetazini, kote tè pa te bon mache, yon kawo tè (apeprè 3 “acres”) tap vann pou 21 dola. Men pou w achte yon esklav, fòk pòch ou te fon anpil. Gade yon anons pou lavant piblik alankan (ki vle di nan machanday) ki kapab ba nou yon ti apèsi sou sa. 1250 dola pou yon Negro! Nou konprann ki kote ekspresyon Kreyòl sa a soti, lè nou vle di yon bagay koute chè anpil : nou di “se tèt nèg”.

**PUBLIC AUCTION**  


---

*On*  
**MONDAY, 3rd of NOVEMBER**  
 1760  
**TO BE SOLD**  
 AT  
 THE HOUSE OF MR. JONNY RIDER  
*two*  
**SLAVES**  
*viz.*  
**A BOY & GIRL, ABOUT 11 YEARS OLD**  
**HALIFAX**

Anons Piblik pou Esklav (a)


**\$1200**  
 TO  
**1250 DOLLARS!**  
**FOR NEGROES!!**

---

THE undersigned wishes to purchase a large lot of NEGROES for the New Orleans market. I will pay \$1200 to \$1250 for No. 1 young men, and would do \$1000 for No. 1 young women. In fact I will pay more for like!

**NEGROES,**

Than any other trader in Kentucky. My office is adjoining the Broadway Hotel, on Broadway, Lexington, Ky., where for my Agent can always be found.

**WM. F. TALBOTT,**  
 LEXINGTON, JULY 2, 1850.

Anons Piblik pou Esklav (b)

Zafè pri yon esklav vo a se pa te yon senp opinyon pèsònèl kèk kolon ki gen gwo je. Se te yon politik piblik. An 1825, lè Lafrans ekzije pou Ayiti dedomaje kolon yo pou pèt yo fè akòz lendepandans

lan nou pran an, lajan yo mande a (150 milyon fran lò) se pou esklav yo, se pa pou plantasyon yo. (Se vre yo drese lis abitasyon kolon yo. Men apretou, yo vann ni Kebèk ni Lwizyàn ki pi gwo lontan pase Ayiti pou po patat. Gade kat konparatif nan Tablo sa a).



Konparezon ant diferan Teritwa nan Amerik la Lafrans te posede. Kredi pou imaj la : [www.mhschool.com](http://www.mhschool.com).

Menm apre lendepandans lan, fenomèn driverans lan kontinye. Afòs li pase pasay, Ayisyen an vin devlope yon santiman kòm kwa li pa lakay li. Santiman sa a gen rasin nan yon reyalye. Sa fè syèk y ap bwote Ayisyen al diferan kote al travay, anpil fwa nan move kondisyon : Panama, Kiba, Repiblik Dominikèn, Bahamas, Etazini,

Kanada, Giyàn, Lafrans, elt... Jodi a, 25% popilasyon Ayisyèn lan ap viv nan yon lòt peyi kote, pou m repete Manno Charlemagne, yo se “esklav modèn aletranje, k ap vann souf yo pou 2 penich”. Nan 75% ki rete yo, anpil ap reve ki jou pou yo menm tou pati.



Kondisyon ‘Modèn’ Driverans Ayisyen.

Kredi : Desen Klodi Lemoine nan liv Piti Piti Plen  
Kay (S. Madhère, 1987)

Lè yon moun pa gen yon kote fiks pou li rete, ni li pa gen yon lojman desan, maladi pa janm lwen. Dabò moun lan ekspoze ak plis mikwòb epi tout kalite mikwòb. Kondisyon sanitè yo difisil. Ou pa jwenn dlo pou w lave w. Ou pa gen kote pou w fè bezwen w. Moun ap viv pil sou pil. Si youn tonbe malad, li kapab kontamine tout lòt yo. Nan sitiyasyon kolonizasyon an, kontak ak yon popilasyon diferan konn tounen sous epidemi. Nan epòk kote Ewopeyen yo te lanse mouvman kolonizasyon an, te gen anpil fleyo ki tap touye moun kou mouch lakay yo (Cohn, 2002). Kidonk yo trennen dèyè yo anpil vye maladi tankou varyòl, tifoyid, yon lapès klou-nan-lenn (“peste bubonique”) ki pa t ekziste sou kontinan Amerik la. Maladi sa yo pou kont yo pral devaste anpil moun nan popilasyon lokal yo. Nan epòk pa nou an nan peyi d Ayiti, gen evidans se solda Nasyonzini


yo ki vin pote viris kolera a isit, yon maladi ki te disparèt nan peyi a depi sou tan benbo. Gen plizyè santèn Ayisyen ki gen tan mouri anba maladi a. N a wè pi devan an detay kòman tout kondisyon ekolojik sa yo, ki asosye ak fenomèn driverans lan, gen yon latriye konsekans fizyolojik sou moun.

### Dechoukay Kiltirèl

Anpil fwa, lè y ap pale de relasyon yon koloni genyen ak peyi metwopòl la, yo souliyen piyay ki fèt sou resous koloni an. Men gen yon konsekans kolonizasyon an pote dèyè l ki pi rès toujou, ki fè li merite non katastwòf kolektif la. Li eseye demoli tout aranjman sosyal popilasyon lokal yo te deja mete sou pye. Se yon veritab dechoukay kiltirèl ki lanse. Kolon an pran yon bann dispozisyon pou anpeche popilasyon lokal la ta janm rive gen “levray”, sa vle di priz sou okenn levye kiltirèl oswa sou okenn enstitisyon. Konsa atak fèt sou lang lokal yo. Kolon an fè espere li melanje moun ki soti nan diferan tribi e ki pa pale menm lang dekwa pou yo pa rive kominike youn ak lòt. Si, malgre sa, yo ta fè radiyès krewe yon lòt langaj, kolon an deklare se pa yon lang li ye tout bon : Se ti nèg ki ap jebede. Si li remake nou prete dezoutwa mo nan lang pa l la, li klewonnen se prèv langaj nou an se yon ti bata pa l la, ki pa tèm, kidonk ki pap janm gen okenn avni ni nan lasyans, ni nan literati, ni nan filozofi. Li manje manje bliye sou ki kote lang ewopeyen yo soti epi kòman yo te devlope. Lè kolon an vin pantan sou senbòl ‘Akan’ yo nan Ghana, oswa ‘Tusona’ yo nan Angola, oswa ‘Vèvè’ yo an Ayiti, olye li rekonèt yo kòm kokenn sistèm ideyogram ki charye gran kapasite pou lide konplèks, abstrè oswa andaki (Diop, 1963), li pito di w se majigridi.



Ideyogram : Akan (Ghana)



Ideyogram : Tusona (Angola)



Ideyogram : Vèvè (Ayiti)

Pèsekisyon fèt kont relijyon w (Mbiti, 1990), paske kolon an di tout kwayans ou yo se sipèstisyon epi Granmèt pa w la se Satan ki la pou li fè mal sèlman. Nan fason w te konn kreye fanmi w, ou pran yon michan kalòt marasa : Sou yon bò, kolon an bezwen ni fanm ni gason grennen pitit ba li adwat-agòch pou l kab vin gen plis esklav gratis ticheri; sou yon lòt bò, li deklare antant ki te konn genyen ant nèg ak nègès pou yo tabli yon fwaye oswa yon lakou pa lejitim ni devan lalwa ni devan Bondye. Kote kolon an jwenn lekòl, bibliyotèk, ak inivèsite, li kraze yo; si li kwaze ak kèk grandèt ki gen plis konesans pase l (Van Sertima, 1983), li touye yo oswa li fòse yo kraze rak : konsa pa gen moun ki rete pou ba w sans konesans lan, pou kadre l ak ni listwa w ni kondisyon lavi w; epi li pi fasil pou kolon an mete non pa l sou sa grandèt ou yo te pwodui, dèske pa gen temwen ankò.

Tout sa kolon an wè ki twò bèl, menm si yo te deja nan kav, li leve yo pote ale nan mize lakay li. Li eseye detwi san kite tras tout gwo kay ak gran vil zansèt ou yo te bati, apre sa li fè pawòl pou di se nan kounouk oswa nan raje ou te abitye viv. Si w deplwaye entelijans pou w rive bati yon sitadèl sou pwòp fòs kouray ou, li vle simen latwoublay pou w pa ba l non potorik gason nan listwa lakay ou. Li wete dwa lajan nan men w, paske l di kòb pa w la se sou kòb pa l la pou l depann; epi se lakay li pou w depoze l; lè w bezwen, l a prete w. Li demonte sistèm jistis pa w la ki te baze sou sans moral ak sajès grandèt ou yo; li ranplase l dabò ak yon “Kòd pou Nèg” (jan

Trouillot an 1977 te rele “Code Noir” la) epi ak yon seri lwa li ekri nan yon jagon ou mal pou konprann. Si kounye a ou wè twòp pou ou, ou pran lyann, w al nan mawon, kolon an deklare mawonnaj se vagabondaj (Talleyrand, 2002). Lè yon moun pa gen priz sou okenn nan levye kiltirèl yo (ni legliz, ni lekòl, labank, tribinal, lapolis, jounal, radyo, elt...), li pa fasil pou l rete kanpe, ni menm pou l leve kanpe; pye l pa janm asire. Se sa ki fè Kreyòl la di : “Ayiti se tè glise”.


Evidans sou Ansyen Sivilizasyon Nèg d’Afrik malgre Dechoukay  
Kiltirèl



Lalibela, Etyopi. Kredi pou imaj yo : bootsintheoven.com



Tanp Gede nan Malindi, Kenya. Kredi pou imaj yo :  
[www.art.com](http://www.art.com)



Gran Miray Zimbabwe. Kredi pou imaj yo : [gridclub.com](http://gridclub.com)




Sitadèl Henry I, nan Nò Ayiti. Kredi pou imaj yo :  
[www.worldfortravel.com](http://www.worldfortravel.com)

## Krebetizasyon

Yon fwa mouvman dechoukay kiltirèl la byen avanse epi l ap woule swa, li lanse yon lòt angrenaj ki rele krebetizasyon. [Lòt otè ki dekri menm fenomèn lan pale de “kokobetizasyon” (Laila Williams) oswa de “demounizasyon” (Patrick Sylvain)]. Krebetizasyon se yon konsèp ki makònen ansanm 2 mo : krebet e ak betize. Nou defini l kòm yon demach ki itilize prensip kondisyònman klasik pou kenbe yon kolonize nan yon eta krebet e anpeche l rekonèt tèt li kòm grandèt-majè an prezans ajan Metwopòl la. Obsèvasyon montre moun ki kolonize yo rete tankou ti petevi, oswa aji kòm de vivi-dan-griyen ki pa janm pa tèt anba devan kolon an. Yo toujou bezwen asistans li oswa benediksyon l nan tout bagay. Anplis kolon an gen dwa betize nou jan li vle, nenpòt lè lide l di l. Kòman angrenaj la mache? Krebetizasyon an baze sou yon teknik yo rele an Sikoloji kondisyònman klasik. Se yon teknik ki pèmèt ou vire repons (reyaksyon) yon sijè, soti sou yon amòs al sou yon lòt; li mache ni sou bèt (Pavlov) ni sou moun (Skinner). Premye amòs la natirèl; dezyèm amòs la atifisyèl, men li pwovoke menm repons lan. Premye moun ki te demontre prensip kondisyònman klasik la se te Pavlov. Devan yon chen ki grangou e ki mare, misye parèt ak yon moso vyann kòm yon amòs natirèl. Depi chen an wè vyann lan, li kòmanse souke ke l epi bouch li fè dlo (saliv) : Li pral manje. Sa pa pran tan pou yon

premye koneksyon fèt ant amòs natirèl la ak reyaksyon chen an. Nan yon dezyèm faz eksperimantasyon an, Pavlov pran abitud sonnen yon ti klòch anvan li parèt ak moso vyann lan devan chen an. Kounye a, depi chen an tande klòch la, li konn vyann lan ap vini, li kòmanse souke ke l epi bouch li fè saliv : Se yon dezyèm koneksyon ki fèt ant toude amos yo, son klòch la ak moso vyann lan. Men chen an pral kontinye bay menm repons lan menm lè yo pa mete vyann lan devan l ankò. Kidonk vin gen yon twazyèm koneksyon ki tabli ant son klòch la (ki se yon amòs atifisyèl, paske li pa kapab satisfè grangou bèt la) ak konpòtman chen an : Chen an vin kondisyone. (Al gade dyagram lan). Nan ka n ap egzamine a, repons lan se yon anvi pou alemyò tout moun genyen. Amòs natirèl la se konesans : Gen yon premye koneksyon ki fèt ant konesans ak alemyò. Amòs atifisyèl la se lang (ak tout pawòl) kolon an : Yo fè yon dezyèm koneksyon ant li ak konesans. Kidonk, apre yon tan, lespri kolonize a vin asosye lang (pawòl) kolon an ak alemyò, menm lè pa gen okenn benefis reyèl deyè l ankò. Se lè sa a nou tonbe nan krebetizasyon. Tankou nan tout aplikasyon eksperimantal kondisyònman klasik, amòs atifisyèl la pa kapab satisfè okenn bezwen tout bon vre. Men nou kouri kanmenm deyè boul malatchong lan. Se si tèlman vre anpil nan nou jije reysit akademik ak sosyal dabò sou baz kapasite yon moun pou li pale lang kolon an. Nou vin bay kolon an yon kokenn pouvwa. Li pwofite ranfòse demach la grasa yon sistèm lekòl li met an plas. Te gen yon epòk, Blan an pa te vle kolonize a konn li ni ekri, pou li te kapab kenbe l pi byen nan eta krebetizasyon an. Men dwòlman dwòl, lè nou vin gen posiblite al lekòl, se kòm si nou vin tonbe nan yon “pèlen tèt”, pou m repete Franketienne. Nou adopte yon sistèm edikasyon kote nou lage fòmasyon lespri pitit nou yo nan men kolon an je-fèmen. Sa vin kwense n nan yon dyagonal kote n toujou nan fè teyat, nan “jwe wòl” tout tan, pou benefis dezoutwa kolon nou bezwen konprann nou; 10 milyon moun ki nan pèp nou an, nou pa gen anyen serye pou n pale ak yo. Nou fè Blan an (tout Blan) yon kredi konpetans, san n pa pran tan mande konbyen nan yo ki gen okenn konpetans tout bon vre. Nou mete nan tèt nou se kolon an sèl ki pou valide refleksyon nou, travay nou ak lavi nou. Se sa ki fè nou aji devan l tankou ti moun piti.



Krebetizasyon kòm Kondisyònman

Genyen fòmman nan sistèm kolonyal la ki la pou kenbe angrenaj krebetizasyon an byen luile, paske tanzantan yo raple nou kòman nou se sovaj, nou se yon ras enferyè. Paregzanp an Ewòp, nan fen diznevyèm syèk la, se te Gobineau. Si kòm sikològ n ap suiv etid ki pibliye nan domèn entelijans, n ap remake chak 25 lane, gen yon “djannikon nan akademi”, yon “mèt doktrin” ki mete yon liv deyò pou di Nèg pa posede jenetikman menm kapasite entelektyèl ak Blan an : An 1969 nan Etazini, se te A. Jensen; an 1994, se vin R. Herrnstein ak C. Murray. Malgre rezònman mesye sa yo toujou montre inyorans yo sou kesyon jenetik, mòd liv sa yo toujou vann tankou pate cho. Kidonk, chak jenerasyon, kolon an mete pwazon an nan bibwon, li fè nou tèt tèt li, nou vale l jouk li pase n nan san. Maleng lan vin pete nan figi nou, sou jan nou wè pwòp tèt nou, sou tout aspirasyon nou. Nou menm ankò twouve nou yon jan lèd; nou kòm rayi koulè nou, po bouch nou, zèl nen nou, cheve nou, fòm kò nou, anfen tout tèt nou, afòs nou gen foli blan. Nou pa renmen kote n fèt la; rèv nou se pou n ta viv devan papòt Blan an, menm si pou n pran imilyasyon (Fanon, 1967; Gilbert et al., 2009; Price-Mars, 1928). Si tout yon sosyete rive pase nan angrenaj krebetizasyon an, alò tout popilasyon an vin desann pwòp valè l kòm moun; li vin tounen yon krebetay, sa vle di, yon bann tèt betay krebetè.

## Trafik Sèks

Travay krebetizasyon an, ki pèmèt kolon an trete kolonize a kòm timoun, vin yon jan pi fasil pou fèt paske sèten nan nou se pitit kolon an tout bon vre. Se yon rapò papa ak pitit. Yo pa toujou byen egzamine fasad sa a nan kolonizasyon an. Wi, gen otè ki pale de kadejak blan an te konn fè sou ti nègès (National Humanities Center, 2007). Jenn ti gason yo pa te alabri nonplis (Foster, 2011). Men se pankò la mwen ta renmen rive. Mwen pito vle souliyen kòman trafik latrèt la se te yon trafik sèks tou. Li pa fasil pou rasanble done chifre dirèkteman sou sa, paske pa gen yon grefye tribinal ki ta fou pou l al kenbe rejis fidèl kote zak sa yo enskri. Men genyen lòt mwayen pou rive fè limyè sou kesyon an. Kòm sikològ, nou konnen pafwa yon eleman enfòmasyon enpòtan se grefe li grefe sou yon lòt. Konsa gen plizyè dokiman, tankou anons pou lavant esklav alankan (machanday), ki pote evidans endirèk vin devan nou. Paregzanp, tande sa yon anons ki parèt nan New Hampshire (Etazini) nan lane 1857 di :

Sarah, yon ti nègès ki pwòp anpil, ki bèl, ki entelijan... Li bon kuizinyè epi l konn koud... Li kapab bay yon gason ki selibatè anpil sèvis nan kay la.

Kisa pou yo te di w ankò?

Anons piblik konsa disponib pa santèn nan achiv yo. Nan Sen Domeng, nou jwenn yo sou tit “Affiches Américaines”. Te gen yon ekspresyon an Anglè nan epòk la ki te pale de ti nègès yo kòm “fancy maids”. Mo “fancy” a nan sans sa a pa vle di “sofistike”, men pito “kapris”. Kidonk “fancy maids” se te “ti konpay pou kapris” : Pa te gen benyen kache lonbrik!

**AUCTION!**

Will be sold at Public Auction, July 27th, 1855, the following articles of property :

**THE GIRL BETSEY!**

Betsey is a very likely girl; large, intelligent, handy and healthy. She is acquainted with all kinds of house work, and is a good breeder. Second,

**S A R A H;**

Said girl is very neat, handsome and intelligent; a good cook and seamstress, and would make a good housekeeper for a single man. Third,

**THE BOY FRANK.**

Said boy is 22 years old, healthy, well made, and able to endure much labor, drinks but little, and is as bright as "niggers" generally are. There would be no trouble with him on a cotton plantation. All the above are warranted sound in mind and limb.

ALSO, AT THE SAME TIME AND PLACE,

4 Plantation Whips, 2 Branding Irons, 4 Pistols, 3 rifles, 7 Hand-cuffs, 1 Gag, 2 Bull Dogs, and 6 Blood Hounds.

Also, at the same time and place,

300 copies of "Letter of Inquiry by a Northern Presbyterian," All which will be sold without reserve to the highest bidder. NERO LEGREE.

Hanover, N. H.                      edf. 17.

Yon Lavant Alankan nan Hanover, NH an  
1855. Kredi pou imaj la: la  
[www.raunerlibrary.blogspot.com](http://www.raunerlibrary.blogspot.com)

Si w twouve mòd dokiman sa yo pa gen ase pwa kòm evidans, nou kapab ekzamine kantite ti milat ki fèt nan yon peyi. Istoryen rapòte Prezidan Ameriken Jefferson fê sis pitit ak fanm Nwa : sis pitit se pa kab yon aksidan! Nan Etazini, pami popilasyon Ameriken Nwa yo, deja an 1870 se plis pase youn sou 10 ki te milat. Chif sa a se petèt twòkèt la sèlman, paske se pa tout kwazman ki mennen gwosès. Men chif la sifi pou revele kòman pratik sa a pa ta kab yon bagay ki rive sou aza. Se prèv kolon an pa tap chèche kay Afriken an gwo kouray ak talan sèlman; li te deyè plezi seksyèl tou. Antouka, genyen 2 konsekans ki enpòtan pou nou sonje : (a) Se pratik sa a ki trase yon teren kote lòbèy prejije koulè a vin pete nan mitan nou, (yon pwoblèm ki travèse tout listwa Ayiti jouk jounen jodi); (b) Si landwat prejije koulè a se yon "konplèks siperyorite", (kote ti nèg ak po klè a pran pòz pafwa li sipèryè ti nèg ak po nwa a), lanvè ensepaparab prejije koulè a se yon "konplèks enferyorite", (kote ti nèg ki gen foli blan an gen yon java anvlimen nan fon nanm li, dèske li pa janm kab rive fè Blan (li ta renmen) ki pwòp papa l la aksepte l tout bon vre). Apre yon etid sikodinamik sou yon echantiyon Nèg Ameriken, Kardiner ak Ovesey (1962) konkli mòd konplèks sa yo se pi move mak ki rete sou pèsonalite yon moun depi graj lopresyon fin fwote sou li. Gen kèk trajedi terib ki pase deja epi ki kontinye ap rive anndan plizyè

fanmi Ayisyèn. Fòk nou prepare kòm sikològ pou n konn ki jan n ap trete ka sa yo.

### Anbwataj Sosyo-ekonomik

Benefis ki te fèt grasa trafik negriye a epi kolonizasyon an vin pèmèt òganize travay ak pwodiksyon yon lòt fason sou latè. Se yon tounan istorik. Kidonk, anndan chak sosyete, li vin posib pou anbwate popilasyon an nan diferan kategori sosyo-ekonomik. Anbwataj la pa tap kapab mache kòm angrenaj si pa te gen diferans nan levray, kidonk priz diferan moun genyen sou levye kiltirèl yo. Gwoup ki kontwole levye kiltirèl yo se yo ki rive koupe fache ak lamizè. Sa a se yon prensip ki valid ni pou grenn moun ni pou tout yon nasyon. Anndan yon peyi kèlkonk, plis yon moun gen priz sou levye kiltirèl ak enstitisyonèl yo, se plis l ap gen yon pozisyon sosyo-ekonomik pi favorab sou nechèl sosyal la. Li menm ak akolit li yo kab bay Leta presyon pou li òganize tout bagay nan avantaj pa yo. Enstitisyon yo ba yo preferans an jeneral. Tout privilèj se pou yo. Se sa ki fè Kreyòl la di w : “Gran nèg se leta”. Se sa ki rele pouvwa lajan. Nasyon ki kontwole zouti kiltirèl yo (enfòmasyon, edikasyon, sinema, relijyon, elt...) se yo menm tou ki reyisi mete men sou pi fò richès sou latè beni. Yo pratike yon fòm lamedsin ki koute anpil lajan. Se yo menm ki ap distribye medikaman. Nan nenpòt bout ou abòde kesyon an, plis yon moun gen kòb, plis li fasil pou l rive jwenn aksè ak sèvis sante. Kominote ki pi pòv yo pa gen klinik. Si yo gen klinik, pa gen medikaman ni doktè pafwa. Jouk anndan ofis doktè a, tretman an konn pa menm. Anpil fwa se mezi lajan w, mezi wanga w.

An rezime, tout senk angrenaj sa yo nan aparèy kolonyal la, ki an plas depi plizyè syèk, pa janm sispann mache jouk jounen jodi.

### Yon espas sikolojik an 4 pwen kadino

Kote k gen chenn... toujou gen kou : toujou gen bawo ak bouwo

Yon fwa angrenaj aparèy kolonyal la ap vire tout silenn, li fasil pou kolon an trase epi defini pou kolonize a yon “espas sikolojik”. Se anndan espas sa a anpil nan atid nou ak santiman nou boujonnen. Se yon kalòj ak griyaj : Nou kapab wè deyò, men se ladan l, wè pa wè, konpòtman nou deplwaye. Espas la genyen 4 fasad : idantite nou, rapò nou youn ak lòt, sans moral nou, epi rapò nou ak pouvwa.

Kidonk nou wè jan nou bare nan 4 pwen kadino. Li enpòtan pou nou pran tan egzamine yo chak an pwofondè. Pou nou mennen egzamen dimansyon sa yo byen, fòk nou pran an konsiderasyon yon prensip modèl INGAM lan mete an limyè pou nou : Konpòtman yon grenn endividi, alewè pou tout yon gwoup, se yon sistèm dinamik (ki gen mouvman ladan) kote relasyon yo pa toujou lineyè, (yo tout pa fèt an liy dwat). Kidonk, premye devwa nou kòm syantifik se chèche idantifye tout pol fòs opoze ki ap plede redi anndan chak sikui. Chans pou nou, anpil fwa mouvman yo pa fèt nan bourara. Si n pran tan obsève, nou kab remake yon alevini, soti nan yon pol atraksyon al nan yon lòt : Tout kou gen kontrekou. Se tolalito sa a pou n suiv ak atansyon si n vle rive konprann espas sikolojik la fen e byen.


### Idantite ak rapò sosyal

Sikoloji Afriken an aprann nou pou nou pa etidye idantite san nou pa gade rapò sosyal an menm tan. Nan fondamantal filozofi l nan domèn sa a (“epistemoloji” l), li gen yon konsèp ki rele “umuntu” (nan kilti Achewa) oswa “ubuntu” (nan lang Nguni Bantu), ki menm di klèman pa gen idantite san rapò sosyal (Sindima, 1990). Pou m repete prensip la jan Desmond Tutu (1992) rapòte l : “Si nou pat sa n ye a, mwen pa tap sa m ye a. Se paske nou ekziste ki fè mwen tou kab ekziste”. Nan kilti Amara (an Etyopi), yo gen yon mo “sew” ki ale nan menm sans lan (Tedla, 1995). Lakay nou, an Kreyòl, nou rantre menm konsèp la nan sans laj mo “moun” lan. Lè nou di : “Entèl ou wè la a se moun!”, sa vle di li pa wè tèt li sèlman, li konn viv ak lòt moun. Sonje tou kòman nou sèvi ak pwonon “nou” an nan lang Kreyòl. Sikoloji Afriken an ensiste pou l fè nou byen konprann : chak fwa aktivite 2 dimansyon yo (idantite ak rapò sosyal) pa akòde ansanm, moun lan pa kab kenbe ekilib mantal li (Gbadegesin, 1991; Phinney and Ong, 2007).

### Fòmasyon ak Devlopman Idantite

(a) An liy ak prensip “umuntu” a, n ap defini idantite kòm totalite karakteristik (pyès fabrik) yon moun kole ansanm pou pèmèt li rekonèt sa li ye nan nannan l, double ak santiman l sou sa li kwè li vo. Kidonk yon moun pa tou fèt ak tout idantite w tou rèk. Se devlope w devlope l, apati sa ki disponib nan kominote w, nan echanj ak moun ki enpòtan pou lavi w, grasa yon jefò marasa pou w pa gaye,

epi pou w jwenn yon ekilib kote w fê sa w ye a vin egal ak sa w vo. Akòz dechoukay kiltirèl la, aparèy kolonyal la rive defòme jan moun lan wè pwòp tèt li. Li deranje (pafwa elimine) echanj ki genyen ant moun lan ak lòt moun ki (ta dwe) enpòtan pou li. Kolonizasyon an kreye yon dekalaj miwo-miba ant sa moun lan ye ak sa li kwè l vo. Men yon dyagram ki kapab bay yon lide sou fòmasyon idantite a.



Fòmasyon Nannan Idantite yon Moun

S = Siyalman; V= Valè. Yon moun seleksyone pami siyalman ak valè ki disponib alantou w.

Pou rezoud dekalaj la, anpil nan kolonize yo eseye aliye tout pawòl ak atitid yo pou mete yo konfòm ak tout sa Blan an espere. Kolonize a vin anvi demontre kòman li rejte kilti pa l la san rezèv, epi li plonje tèt li nètalkole nan kilti kolon an. Men demach la pa toujou fasil, paske pafwa li kreye sa yo rele “disonans kognitif” (Festinger, 1962). Sa vle di gen moman youn nan kilti yo ap bay enfòmasyon ki depaman ak lòt la, tankou 2 enstriman ki pa akòde nan yon òkès. Nan sikonstans sa yo, olye pou kodenn lan tounen yon pan, li tounen yon frize. Yon mafwezay fèt : Se yon mafwezay po-nwè / mas-blan. Nan kilti lakay nou, se jou fèt-dè-mò (2 Novanm) nou konn wè Gede yo kache je yo ak yon linèt epi blanchi figi yo. Nan relijyon ak filozofi Vodou, yo mete Gede yo nan menm kòtfanmi ak Lwa tankou Bawon Sanmdi, Bawon Lakwa, Bawon Simityè, ki kanpe nan chak dètou chimen lavi ap endike pasaj Lanmò a. Reprèzantasyon lanmò sa a se li menm, selon mwèn, ki prensipal mak-fabrik tout aktivite Gede yo ni nan fòm (aparans) ni nan fon (sibstans). Tout lòt konpòtman Gede yo (tankou di mo sal, oswa pale “franse”, oswa pase otorite Leta nan rizib) se menm mesaj lanmò a yo charye. Se sou baz koneksyon sa a, m asosye mafwezay po-nwè / mas-blan an ak lanmò. Mwen tou pwofite vin ak yon konsèp “gedeyizasyon” pou dekri mafwezay sa a, ansanm ak presyon lanmò sa a, epi tout sa yo trennen dèyè yo. Mwen defni gedeyizasyon an kòm lakwobat yon lespri kolonize oblije ap fè

san rete pou wè si l ta antre ak tout fòs nan moul yon lòt kilti ki pa pa l [3]. Nan yon sans pi laj, gedeyizasyon se tout aktivite yon moun angaje ladan l ki kab lakòz fòs lanmò rive toufe fòs lavi. Menm si jefò moun lan ta parèt pwofitab, li rete enseparab de yon demach lanmò. Se kout tiwèl douvan dyòl tonm : Kolonize a rantrè kò l nan yon move jwèt-konsanti, yon konplo pou touye pwòp tèt li.

Mwen makònen lide Fanon (1967) ansanm ak lide Bulhan (1985), Anderson (1991), epi pa Harrell (1999) pou m mete bwa dèyè konsèp gedeyizasyon an. Kontribisyon Fanon an klè kou dlo kokoye depi nan ekspresyon mafwezay po-nwè / mas-blan an. Harrell ajoute presizyon sou koneksyon ki ekziste ant kilti ak imaj mantal yo. Dapre Harrell, rezon ki pouse moun lage kò yo nan mafwezay la pa marye tèlman ak yon reyalite men plis ak yon imaj yo genyen nan tèt yo : Blan an pi bon. Kanta pou Anderson, li te fè yon travay kote li te layite sa l rele nan lang pa l “acculturative stress”. Dapre Anderson, mafwezay la se yon defi; se yon kokenn sous kristè oswa strès sikososyal. Kristè (strès) se yon reyaksyon ki deklannche lè yon moun pa santi li gen ase resous pou li fè fas kare epi degaje l regle yon sityasyon. Gen plizyè evènman nan lavi ki kapab bay moun kristè, tankou yon lanmò nan fanmi w, yon divòs, yon dilèm ou pran ladan, presyon nan travay, yon sityasyon vyolans, elatriye... Mòd evènman sa yo konn pa dire twò twò lontan; men pafwa sèten sityasyon konn vin tabli an pongongon, an pèmanans. Nou di yo vin kwonik. Nan ka n ap egzamine an, youn nan sous kristè kwonik se gedeyizasyon an. Pwoblèm idantite li poze a bay yon kristè (strès) ki pi malouk pase tout lòt paske (a) moun lan pa kab kouri pou li, (b) se moun lan ankò ki ap bay baka a manje. Mafwezay oswa gedeyizasyon toupatou devan je nou nan peyi a : Nan lang nou pale, nan jan n abiye, nan abitud n ap pran nan manje n. Nou kite akasan pou n tonbe nan manje pay mayi (“corn flakes”). N ap mete rad “pèpè” san gad dèyè, san mande poudi l bon nan yon peyi chalè twopikal konsa. Imajine konbyen Ayisyen ki oblije ap kenbe yon bwa franse an sosyete, alòske se nan lang Kreyòl la yo vreman alèz. Pa gen lontan, Blanc (2016) fè yon atik ki dekri fenomèn sa a ak tout valè kristè li pote kay etidyan nan Inivèsite a.

b) Eksperyans lavi a konn anpeche dechoukay kiltirèl la kreye twòp defòmasyon nan jan yon moun wè pwòp tèt li. Nan sikonstans sa a, li pi fasil pou yon moun aliye san douk sa li kwè li ye ak sa li kwè li vo. Kidonk kolonize a kapab refize mache opa. Li vle montre menm kòman pawòl li ak atitud li pa aliye sou sa kolon an ekzije. Piwèt

sou piwèt, li pa janm ret anplas lontan ase pou konpòtman l konfòme ak anyen. Li se yon ponpadò oswa yon kabradò. Li gen tanperaman yon chwal malen, e se pa fasil pou mennen l nan chimen jennen. Reyèlman vre, pi fò wanga kolon an prepare pou pran nanm li, li vire yo nan sans pa l. Sa pa vle di li pa santi kristè sikososal. Men sèl fason pou li jere kristè a se nan envante bagay epi re-envante pwòp tèt li. Li konnen reyalite kolonyal la ekziste. Men li gen yon soupap kote lespri l kapab pase nan yon lòt espas. Anndan espas sa a, li fè jefò pou li kreye “konsonans kognitif”, sa vle di yon jan pou tout enstriman yo byen akòde avèk vwa pa l. N ap pwopoze yon nouvo konsèp pou dekri kouray ak entelijans ki soutni rezistans sa a; nou asosye l ak yon pèsonaj nan kilti Ayisyen ki se Ogoun-Badagri, e nou rele l badagrizasyon. Nou defini badagrizasyon kòm tout jefò kalkile, nan disiplin ak tèt-ansanm, yon Nèg ap deplwaye san rete pou l evite ak tout fòs li mafwezay kiltirèl, epi pou l ede dezantòtye nanchon l anba pèlen-tèt kolonyal. Nan yon sans pi laj, badagrizasyon se tout aktivite yon moun angaje ladan ki kapab kontribye pou lavi rive pran pye kote lanmò tap domine. Se vreman nan kapasite pou badagrizasyon sa a tout kont-chante ak ti istwa nan kilti nou pran sous.

## Devlopman Rapò Sosyal

Rapò sosyal yo gen tandans fè tolalito ant 2 pol atraksyon : Izolman ak atachman. Lè yon moun pa gen priz sou okenn levye kiltirèl yo, pa gen anyen ki previzib. Ou pa janm konn kote w gad. Ou oblije tout tan sou pinga w. Si anplis ou konstate zòt ki gen pouvwa pran abitud sèvi ak sèten moun nan pwòp kominote w pou fè w malveyans, ou vin pa an konfyans. Anpil fwa w pa konnen ki sans pou w bay pawòl, entansyon, ak aksyon moun ki alantou w. Sa vin kreye mefyans alawonnbadè (Schul, Mayo, Burnstein, 2008). Kolonizasyon an tire pwofi sou sa pou li louvri zèl li. Kidonk “enprevizibilite” a pote mefyans. Depi mefyans tabli, mal pou gen atachman. Se atachman, kidonk kapasite pou yon moun devlope kèk kontak fyab epi dirab, ki baz tout lòt fòm sipò sosyal. Si li pa fouti boujonnen, sa ki pral leve nan plas li se yon santiman izolman (*loneliness* an Anglè). W ap viv ak lenpresyon tout moun lage w. Ou menm konn rive panse “moun yo pa vle wè w”. Anpil siklòg (House, Landis, & Umberson, 1998; Uchino, 2006) kondui plizyè etid ki detaye tout makòn pwoblèm sa yo, e yo pale de enpòtans sipò sosyal pou evite kèsere (anksyete), dekourajman ak lavi a (depresyon),

laperèz ak santiman pèsèkasyon. Kilti nou an Ayiti konprann byen sa sipò sosyal la vo. Se konsèp sa a ki bay yon nosyon tankou “vye moun pa m” tout sans li. Anpil Ayisyen, lè yo pa santi yo byen, yo di w : “Mwen pral nan tretman nan peyi m”. Moun sa a te mèt deja an Ayiti, sa l vle di se andeyò, nan gran lakou kote “demanbre” l yo ye, kote li gen fanmi ak lòt “vye moun” li yo. Lè w gen yon moun ki pre w, ou santi w kapab toujou konte sou li, pafwa menm ou (te) gen relasyon entim avè l, ou di tou “se vye moun mwen”. Sou bit ekoloji sosyal, mefyans ak mank atachman trennen dèyè yo izolman : Chak koukou klere pou je l; zafè kabrit pa zafè mouton. Izolman an kite chak moun an grennsenk, nan yon sitiyasyon frajil kote resous pèsònèl yo kapab pa sifizan pou fè fas ak difikilte lavi a. Izolman an anpeche monte òganizasyon sosyal, kote tèt-ansanm ta rive fèt epi lide rezistans ta kapab brase. Sou dimansyon sa a tou, zansèt nou yo te konprann jwèt la byen depi lontan : Tout mouvman mawonnaj la se la li soti. Menm lide a rete vivan nan plizyè pwovèb Kreyòl tankou : “Yon sèl dwèt pa manje kalalou” oswa “se kolonn ki bat”. Aparèy kolonyal la mete plizyè angrenaj an mach pou atachman an pa janm fèt. Pou mefyans kapab paweze, li bloke priz sou levye kiltirèl yo. Kontak fyab epi dirab mal pou devlope lè yon moun an sitiyasyon driverans. Si pa gen sipò sosyal, pa gen defans serye devan mafwezay oswa gedeyizasyon ak kristè sikososyal. Tout kondisyon sa yo asosye ak latwoublay fizyolojik, dega sou lasante, ak mòtalite (Zhang, Norris, Gregg, & Beckles, 2007). N a ekzamine sa nan pwochen seksyon an.

### Sans moral epi rapò nou ak pouvwa

Angrenaj krebetizasyon an pa senpleman aji sou mòd edikasyon nou resevwa lekòl la. Si se te sèl dispozitif la, anpil nan nou ta chape. Krebetizasyon an prevwa 2 lòt fason yo kab fè nou mache. Youn anvizaje yon fòs deyò ki pou bay presyon : Li defini baz rapò nou ak pouvwa. Lòt la jwe sou yon fòs anndan nou ki pouse nou reyaji san mank : se sans moral nou.

### Rapò nou ak pouvwa

Sou yon bit sikolojik, sitiyasyon nou viv nan kolonizasyon an sanble anpil ak kondisyon lavi yon timoun ki grandi nan maltretman. Kidonk analiz nou sou pwèn sa a kapab tire pwofi nan rechèch ki fèt sou maltretman timoun (Malinosky-Rummel ak Hansen, 1993).

Maltretman an te mèt fizik (bat), mantal (jouman), oswa seksyèl. Travay sa yo montre nou premyèman kòman moun ki viktim sistèm lan gen tandans blame pwòp tèt li ak parèy li yo : “nou merite chatiman vre”. Dezyèmman, viktim lan sispèk Mèt la (moun ki an kontwòl sitiyasyon an) konn tout bagay epi li gen je ak zòrèy toupatou. Pa gen mwayen chape anba l. Twazyèmman, gen yon kwayans ki devlope fòk viktim lan gen yon respè ak yon soumisyon total devan yon otorite si total : Se koube w osnon yo kraze zo w. Nou achte tout konsepsyon sa a lajan kontan nan men kolon an. Se li ki defini rapò nou ak pouvwa. Nou gen anpil krentif devan chèf, (sitou si l se blan). An menm tan, nou gen foli chèf, pou nou kab vin gen otorite san limit sa a. Moun ki anba chèf la kòm sibòdone a pa anyen. Si l manke fè wòklò, se pou l peye bouch li; se pou yo “fè l konn jòj”.

Tansyon ant lakrentif sou yon bò ak foli chèf sou yon lòt bò kapab rive domine tout pèsonalite a. Li vin kreye yon dinamik ak 4 vitès. Dabò n ap viv anpil fwa ak yon santiman ensekirite paske nou pè, si nou pa gen pouvwa, lòt moun parèy nou kab pran wotè sou nou, maltrete nou, fè nou abi, oswa senpleman derespekte n. Ansuit, prèske an reyaksyon kont ensekirite sa a, anpil nan nou devlope yon tandans pou nou anfle tèt nou, deklare “nou pa kanmarad” lòt moun, fè dyòlè, egzajere tout kote n pase, fè lwanj pou pouvwa oswa enpòtans nou genyen. Fòk yo wè puisans nou alawonn-badè. Si nou pa kapab montre puisans lan aklè, nou pretann nou gen yon “Pwen”, (swa se yon “eritaj”, swa se “achte” n achte l). Twazyèmman, malgre etalaj pouvwa a, anpil fwa nou pa kapab bliye mechanste nou te sibi anba men kolon an. Sa vin fè gen yon raj ki ap bouyi anndan nou anba anba. Malerezman, olye nou vire raj la kont kolon an (nou panse ki twò fò), se sou pwòp frè n nou soti pou n pase l, paske n pa kwè yo kab koresponn ak nou (Wilson, 1990). Lè katriyèm vitès la antre, li lage yon mank moderasyon nan fason nou jere otorite. Li nourri yon panchan lakay nou ki pouse n alekstrèm pou ti krik ti krak. Se kòm si lespri nou se yon teren aksidante ki tout an pik oswa falèz. Sikoloji dekri mòd atitud sa yo selon yon chema an 2 moman : Se tout nèt oswa anyen ditou. Si chema sa a jeneralize nan plizyè lòt domèn, li pap pa bay pwoblèm nan nenpòt sitiyasyon konplèks ki ta ekzije yon touch delika oswa yon apwòch an graden. N a anvizaje posiblite sa a pi devan lè n ap egzamine sèten nan sistèm fizyolojik yo.

## Sans moral

Se sans moral nou, kòm yon fòs anndan nou, ki la pou gide nou. Men dabò li pa devlope yon sèl kou. Ansuit sikonstans lavi a dikte jouk nan ki pwen fòs sa a kab byen grandi. Angrenaj krebetizasyon an fonksyone yon jan pou li bloke devlopman sans moral nou. Piaget (1932) aprann nou sans moral la pap janm grandi nòmalmman nan yon sitiyasyon gwo-ponyèt kote chodyè puisans lan bouyi yon sèl bò. Li rele sa yon relasyon “pouvwa san simetri” (“pouvoir asymétrique”). Nan ka sa a, tablo a prezante kòm yon jwèt pwenn-fèpa. Kohlberg (1963) montre nou gen twa gran etap nan devlopman sans moral. Nan premye etap la, sa sèlman ki konte se plezi oswa pinisyon. Nan dezyèm etap la, liy nou mache sou li a se ajisteman sosyal : toujou mete konpòtman n an règ ak otorite, omwens pou l pa twò depaman ak pa moun ki alantou n yo. Rezònman nou alò se : si tout moun fè l, mwen mèt fè l tou. Nan twazyèm etap la, se konsyans nou ki gide aksyon n : Nou gen prensip pou lavi pèsonel nou, epi nou ta renmen pou sosyete a mache selon prensip tou. Angrenaj kolonizasyon an bloke pi fò moun sou premye etap la. Li abitye n ak yon sistèm kote se plezi oswa fwèt-kach ki fè nou mache. Larezon pa ladan. Kòm nou te deja wè, krebetizasyon an fè kolonize yo devlope yon mantalite betay krebete. Se pa nenpòt ki betay non; se yon mantalite kabrit. Nou konnen, dapre pwovèb la, “kabrit di sa ki nan vant li, se li ki pa l”. Kidonk, viv pou moman prezan an : Ou wè jodi, ou pa konn demen. Mantalite sa a pi vit deplòtonnen kay moun ki nan yon sitiyasyon frajil, kote anyen pa asire. Pou sans moral moun ki kolonize a ta pran yon vitès siperyè pou rive nan twazyèm etap la, fòk li ta gen priz sou moso nan lavi l. Men se kolon an ki an kontwòl. Lespri kolonize a twouve l nan yon sitiyasyon depandans total li aksepte totalman : Tout bagay se moun ki pou fè l pou li. Menm panse li pap pran chans panse. Li vin tounen yon lapòpòt mantalman : Li bay legen; li dakò remèt kontwòl lavi a bay kolon an. Olye nou pran tan fè pou tèt pa nou, nou pito ap kouri dèyè sa ki “tou pare”, (sitou si se Blan ki ap bay li).

Aprè ti diskisyon brèf sa a sou ‘espas sikolojik’ la, nou wè kòman lespri kolonize a bare. Gen anpil nan nou ki gen konsyans sou limit sa yo. Se sa ki esplike anpati poukisa nou konn anvè kite peyi a pou n al aletranje. Men fòk nou pa bliye espas sikolojik la, kòm yon kalòj, se anndan nou li ye. Eske n pa toujou vwayaje ak tout kalòj nou? Pafwa aletranje, yo petèt konn ba nou yon pi bèl kalòj, ki parèt pi

gran. Konbyen nan nou ki sonje se souvan yon kalòj ‘antre-pa-soti’? (Kreyòl pale, Kreyòl konprann). Dèske espas sikolojik la se yon kalòj ki pran plas anndan nou, nou tou wè li pral gen enpak sou tout lòt ògàn reyèl ki anndan nou yo tou. Kidonk se nòminal pou nou reflechi sou aktivite fizyolojik yo.


### Konsekans fizyolojik

Se mèt kò ki veye kò... (Si w pa konn kò w, ou pa kab veye l.)

Kounye a nou fin ekzamine espas sikolojik la ak tout kondisyon sosyo-ekolojik kolonizasyon an kreye alantou l, nou pral deplòtonnen konsekans fizyolojik yo an 5 seksyon. N ap gade sa ki pase anndan selil kò a, ansuit nan sistèm pwoteksyon iminitè a, apre nan sistèm andokrin la; n ap rapousuiv ak konsekans sou potò sèvo a ak nwakou a, pou nou fini ak sistèm kouwòn lenbik la. Tout enfòmasyon mwen pral pote nan seksyon sa a benefesye avans ki fèt pandan 20 dènye lane yo sou byoloji molekilè, san konte devlopman teknik pou vizyalizasyon tankou MRS (“magnetic resonance spectroscopy”).

### Konsekans sou Selil Kò a

Konsekans fizyolojik kolonizasyon an kòmmanse depi ak kondisyon transpò esklav yo. Yo touche kò a jouk nan nannan, sa vle di nan nivo selil yo menm. Chak selil nan kò a bezwen enèji pou l kapab fonksyone byen. Enèji sa a li pwodui l nan yon silo kote li stoke yon seri filaman ak ti grenn yo rele mitokondri.




Pwodiksyon Enèji anndan Selil nan kò yon moun. Kredi pou imaj la : [www.Galleryhip.com](http://www.Galleryhip.com)

Pou enèji a pwodui, fòk selil la jwenn tout valè oksijèn li bezwen an. Si l manke oksijèn, (yon kondisyon yo rele ipoksemi oswa ipoksi), nivo enèji a vin bese, aktivite yo ralanti. Gen eleman ADN anndan silo a, (yo rele ADN mitokondriyal), ki kòmanse dekrenmen jouk selil la kab rive mouri. Nou te mansyone kòman, pandan transpò anba lakal bato a, moun yo te manke lè pou yo respire. Sa lakòz anpil pami yo devlope yon pwoblèm souf kout ki se sentòm ipoksi. Fouyapòt wè menm pwoblèm lan alèkile kay moun ki ap fè djòb dayiva oswa avyatè sipèsònik. Nan kisa fenomèn sa a enterese nou kòm sikològ? Se selil sèvo a, plis pase tout lòt yo, ki mande plis oksijèn pou yo mache byen. Sizoka gen ipoksi, se premye kote konsekans yo manifeste. Tousuit gen yon bès karebare ki fèt nan kapasite sèvo a pou l asire ekilib, pou pèmèt yon moun rekonèt kote l ye, pou l angaje nan kominikasyon vèbal, oswa pou asimile aprantisaj. Rechèch dekri sa kòm si moun lan te grave fon ak yon mak (sekèl) “ipoksik-iskemik” (Busl & Greer, 2010).


Se vre, gen moman pandan vwayaj transatlantik la, kapitèn lan ak sibreka yo te konn kite esklav yo monte sou pon batiman an pou y al pran yon ti van. Men avèk pratik sa a tou te gen yon lòt risk fizyolojik : Si twòp oksijèn anvayi yon sèl kou, sa kapab flange ògan nan sistèm respiratwa a. Se yon pwoblèm ki konn rive menm nan sal operasyon. (Yo rele l *oxygen reperfusion injury*, an Anglè). Gen espesyalis (Carden

& Granger, 2000) ki rapòte sa konn lakòz yon kriz kadyak oswa yon “estwok” (konjesyon serebral) lapoula.


Enèji ki pwodui nan silo mitokondri yo nesèsè pou aktivite metabolik ki ap fèt anndan selil la. Aktivite metabolik la kontrarye depi gen pwoblèm nan transpò oksijèn. Selil la vin anba sa yo rele “strès oksidatif”. Reyèlman vre, nan tout reyaksyon chimik ki ap fèt pou transfòmasyon metabolik yo, gen yon seri eleman ki vin rete an grennsenk ap flote (Harman, 1972). Yo rele eleman sa yo “radikal oksijèn lib” (*free oxygen radicals*, an Anglè). Mo “radikal” la nan ekspresyon sa a vle di “chouk”. Eleman sa yo fin dechennen anndan selil la; prezans yo kreye dezòd paske pafwa y al kole kò yo sou lòt molekil epi tou gate karaktè molekil sa yo (Ramaligan & Kim, 2012; Nunomura et al., 2005). Men yon chema ki bay yon egzanzp pou ede n wè pi klè kòman strès oksidatif la rive.




Sikilasyon Oksijèn ak Fòmasyon Radikal Oksijèn Lib




Se konsa dega konn fèt sou ADN nan selil la. Kòm fòk dega sa yo repara, toutotan kò a kapab, li fè travay reparasyon an epi li pwodui nouvo selil. Men gen yon pri pou peye. Kwomozòm ki repwodui nan nouvo selil yo pèdi piti piti sou longè yo : Pwent ki la kòm bouchon pou pwoteje rès enfòmasyon jenetik yo vin pi kout. Yo rele pwent sa yo “telomè”. Yon fwa pwent lan tonbe nèt, jèn yo menm ki sou kwomozòm lan pa alabri. Pou evite pi gwo malè, repwodiksyon sispann. Dapre sèten byolojis (Balaban, Nemoto, Finkel, 2005), se ratresisman telomè yo ki bay siy yon moun ap vyeyi. Plis ou sibi twoma, plis nivo strès oksidatif la ogmante; plis strès oksidatif la monte, se plis pwent telomè yo tonbe; plis telomè yo pèdi pwent yo, se plis ou vyeyi anvan lè. Nou wè poukisa Kreyòl la konn di : “Nou pankò jèn, nou vye”.



Chanjman nan Kwomozòm ak Telomè yo. Kredi pou imaj  
yo : [www.aid-n.com](http://www.aid-n.com)



Chanjman nan Kwomozòm ak Telomè yo. Kredi pou imaj  
yo : [www.medicalnewstoday.com](http://www.medicalnewstoday.com)



Chanjman nan Kwomozòm ak Telomè yo. Kredi pou imaj yo : [www.lookfordiagnosis.com](http://www.lookfordiagnosis.com)

### Konsekans sou Sistèm Pwoteksyon Iminité

Konsekans fizyolojik yo kontinye akòz kondisyon driverans ki ekspoze moun anba diferan kalite jèm maladi (patojèn). Gen senk fason ki pi kouran pou fèblès anpare yon moun, pou maladi grav mete l sou lagraba, oswa pou lanmò pote l ale. Danje a kab soti nan bakteri (tankou nan ka tibèkiloz), nan viris (tankou nan ka epatit), nan pwazon (tankou nan ka mòtora), nan mal-manje (malnitrisyon oswa moun nan pran abitud manje yon seri bagay ki pa bon pou kò a), epi nan vyolans (si yon moun pran yon katouch oswa yon kout manchèt).




Prensipal Kòz Maladi ak Lanmò

Nan 2 premye ka yo, jèm lan soti deyò pou l vin anvayi selil la. Nan twazyèm ka a, se yon dereglaj ki gaye anndan. Pou vyolans lan menm, an jeneral se san yon moun yo mete deyò. Nou kab konprann, kòm sikològ, kòman konpòtman jwe yon wòl sansib pou mete kòz sa yo an mouvman. Pafwa se yon senp neglijans ki sèvi kòm amòs la, (tankou si yon moun pa lave men l apre l fin twalèt). Gen lòt sikonstans kote yon moun ap brave danje : l amize l ap pran risk initil, kòm si l ap jwe lago-kache ak maladi a, (tankou lè yon moun pran abitud fimèn). Finalman gen de lè konpòtman an planifye pandan lontan, (tankou lè yon moun pral tire vanjans sou yon lòt).

Yon fwa youn nan kòz maladi yo deklannche, kò a oblije defann tèt li. Genyen tout yon sistèm li mete anplas pou bare maladi. Se tout koleksyon mwayen pwoteksyon yo ki rele sistèm iminitè a. Gen plizyè eleman nan san yon moun ki pare pou pote lamenfòt lè gen yon atak sou kò a. Pami yo nou kab site makwofaj (pou konbat enfeksyon), plakèt (pou ede san kaye), netwofil (pou konbat anflamasyon), ak mastosit (pou dilate/kontrakte venn yo).

Gen yon sibstans ki asosye sitou ak makwofaj yo, ki piti anpil men ki jwe yon wòl enpòtan nan pwoteksyon kò a : yo rele li sitokin. Se li menm ki ajè kòm yon lavangad, pou bay premye rèl la depi gen yon danje, epi pou mennen lòt eleman sekirite yo egzaktman

kote pwoblem lan ye a. Sitokin yo suiv tanperati kò w pou detekte si w pa gen lafyèv. Si w blese, se yo ki kouri rasanble plakèt yo kote blese a ye a, kòm si pou yo ta bouche twou a. Si w pran yon zòk oswa yon zòboy, se yo ki ede kontwole anflamasyon an dabò epi (pi ta) dezanfòmasyon an. Anndan sistèm pwoteksyon iminitè a, se sitokin yo ki pi enterese yon sikològ, paske yo voye tout enfòmasyon yo ranmase yo bay sèvo a. Kidonk yo pèmèt yon moun fè yon evalyasyon rapid sou kòmman l santi kò l (Maier and Watkins, 1998). Si eleman nan sistèm iminitè a pa rive fè travay yo kòm sadwa, alò defans moun lan vin febli. Maladi antre sou li trapde, pafwa yo plizyè alafwa. Gerizon an menm vin pa fasil : Jan pwovèb la di a, lè maladi ap vini se sou chwal; men lè pou l ale se sou bourik.




Ajan pou Pwoteksyon kont Jèm Maladi. Kredi pou imaj la :  
[www.eic.edu](http://www.eic.edu)

### Konsekans sou sistèm andokrin ak aktivite metabolik


Tout varyasyon nan ekoloji sosyal la deklannche yon kaskad reyaksyon nan sistèm andokrin lan. Ak sistèm andokrin lan, konsekans fizyolojik yo touche plis ògàn. Se sistèm andokrin lan ki pèmèt chak ògàn yo mache yon fason ki kòdyòm, kidonk ki byen balanse. Dèske sistèm sa a konekte ak aparèy metabolik la (kote kò a transfòme tout sa yon moun manje), se kòm si tout lavi nou te depann de li. Pou li fè yon gwo travay konsa, sistèm andokrin lan sèvi ak òmòn (Eisenberger, Taylor, & Gable, 2007).

## The Endocrine System General Functions of Hormones



Sistèm andokrin lan nan pami tout ògàn yo. Kredi pou imaj la : [www.goddessigned.com](http://www.goddessigned.com)

Kòm nou kab wè, sistèm lan laj anpil, men nou kapab sible pwen ki pi kritik yo pou fonksyònman sikolojik. Genyen yon trafik enpòtan ki ap fèt sou yon sikui ki gen senk estasyon. Li derape depi nan glann pineyal la, l al pase nan ipotalamis, li chankre sou glann pituitè, li plonje al sou glann tiwoyid, pou l vin bout sou glann adrenal yo. Nan chak pwen sa yo, gen yon òmòn pou fè travay la. Plizyè foyapòt remake nivo òmòn yo varye selon kalite rapò sosyal yon moun genyen. Si nou pran chak pwen sou sikui a, nou kab gade kòman òmòn li an sibi enfluyans rapò sosyal yo. Konsa nou kab ekzamine dabò twa òmòn ki se oksitosin (*oxytocyn*, an Anglè), kòtisòl, ak melatonin. Apre n a konsidere wòl yon lòt òmòn ki kontwole aktivite metabolik yo : yo rele l T3 (tri-iyodo-tiwonin).



Pwen enpòtan nan trafik sikui andokrin lan : PIPTA

Melatonin lan se yon òmòn ki soti nan “glann pineyal” la, e ki kontwole òlòj byolojik nan kò moun. Se yon chèf eskwad ki bay kilè pou chak aktivite fèt epi konbyen tan pou yo dire. Sa vle di li enpòtan pou tout fonksyon siklik yo, (sa vle di ki ap vire fê laviwonndede). Konsa se grasa li moun kapab fê diferans reyèlman ant lajounen ak lannuit, paske klète se yon amòs ki fê glann pineyal la mache (Turek & Gillette, 2004). Lè yon moun pa dòmi oswa mal dòmi, nivo melatonin li ap varye. Moun lan kab kòmanse santi li kagou oswa delala. Piti piti moun lan kapab menm vin dezoryante (pèdi lakat). Melatonin lan mete ansanm ak vazopresin (òmòn kay glann pituitè a) pou kontwole konbyen fwa yon moun bezwen fê pipi nan yon jounen. Plis toujou, genyen kèk endis ki ta vle montre kòman melatonin lan enfliyansè sistèm pwoteksyon iminitè nou. Rechèch rapòte ensidans kansè pi wo pami moun ki travay lannuit (kidonk yo sispèk òlòj melatonin yo deregle) pase pami moun ki travay lajounen.

Oksitosin lan mache ak ipotalamis la. Se yon òmòn ki rann pi fasil sikilasyon yon seri lòt sibstans ki rele andòfin (“endorphin”). Sibstans sa yo se yo ki bay yon moun tout sansasyon byennèt, ki fê w santi w swa, dous, e rilaks, ki kalme doulè w (Lee et al., 2009). Sekresyon oksitosin depann de kontak afektif yon moun genyen avèk lòt moun ou fye. Parekzanp, atirans ki genyen ant de moun ki renmen fê nivo oksitosin yo monte. Okontrè lè yon moun ap viv nan izolman, san okenn sipò sosyal, san kontak ki fyab epi dirab, pa genyen anyen ki pou deklannche travay oksitosin lan. Tout sa yo rele “memwa sosyal” la mache pi byen grasa oksitosin (Guastella et al., 2008). Parekzanp, lè yon Ayisyen ki nan chirepit ak yon lòt moun di li “mwèn make figi w”, se yon enfòmasyon li enskri nan memwa sosyal li grasa oksitosin.

Kòtisòl la mache ak glann adrenal yo. Se yon òmòn ki sekrete sitou lè yon moun santi li menase oswa li an danje. Li pèmèt moun lan vin pi veyatif, e li prepare l pou l kouri oswa pou l goumen. Kidonk kòtisòl la gen yon wòl itil epi pozitif lè gen ijans. Men si, pou tikrik tikrak, nivo òmòn sa a monte, ògàn yo ap fin fatige jouk yo pwodui twòp sibstans (kòtikosteroyid) ki pa bon ni pou ren w ni pou kè w. Twòp kòtisòl ralanti aprantisaj ki mande “memwa espasyal”, kote pou w sonje oswa gen tan wè pozisyon yon objè ki ap vire nan lespas (De Quervain et al., 1998).


Gen yon glann nan sistèm andokrin lan ki rele tiwoyid (an Fransè, thyroïde). Se devan gòj la nou jwenn li. Men se li ki kontwole kòman lòt ògàn yo transfòme tout sa nou manje. Li bay kontwòl depi sou apeti rive sou sa ki dwe flòch. Li oblije byen kalibre tout tan. Si li twò

sere, moun lan pa sou manje; si li twò lach, moun lan ap fè safrete. Fòk tiwoyid la ap byen mache pou dijasyon kapab byen fèt, pou pa gen konstipasyon, pou fwa a pa kite move grès (lipid) kaye nan venn yo, pou ren yo filtre kòm sadwa. Si tiwoyid la ap bay ratman, konn gen kèk pwoblèm anplis, tankou “gwo kou” (an Fransè, *goitre*), fatig, gòj anwe, cheve tonbe, epi règ ki pa regilye kay yon fi. Sa ki pi enteresan toujou se enpak rapò sosyal yo sou aktivite metabolik yo. Eksperyans lavi kourant montre kòman yon jenn ki gen ‘chagren damou’ konn pèdi apeti. Rechèch ki pi serye konfime koneksyon sa a. Konsa yon moun ki santi tout fanmi ak zanmi lage l (san sipò sosyal) gen plis difikilte pou li kontwole nivo glikoz nan san l. Plis yon moun oblije ap debat anba veksasyon rasis (*coping with racism* an Anglè), se plis LDL-kolestewòl li grenpe (Mwenda, Sims, Madhère, et al., 2011).

### Konsekans sou Sistèm Newo-relè Otonòm

N ap rantre kounye a nan katye-jeneral kò a. Se la tout gwo desizyon yo fèt, sitou sa ki konsène kiyès nou ye vre, kidonk idantite n.

Nou te diskite tout kontrent ki genyen pou yon kolonize devlope idantite l alèz, e kòman sa bay kristè. Se konsekans kristè sa a nou pral ekzamine. Lè yon moun gen kristè (strès), l ap santi chòk yo dabò sou “poto sèvo” a (an Fransè, yo di *tronc cerebral*; an Anglè, *brainstem*). Poto sèvo a se pati ki anlè tèt mwèl ki kouri nan rèl do nou an (“mwèl epinyè”). Li gen twa pati : pwolonjman mwèl la (“medulla oblongata”), chou vètebral la (an Anglè, yo rele l *pons*; an Fransè, *bulbe rachidien*), ak bonèt-medyàn sèvo a (an Anglè, *midbrain*; an Fransè, *mésencephalon*).



Planch Anatomik sou brenn lan.

Reyèlman vre, potò sèvo a se tankou yon potomitan li ye paske li chita nan pwèn santral anba fetay sèvo a. Se potò sèvo a ki kontwòle anpati kòman sistèm nè otonòm lan (SNO) fonksyone. Konsa sistèm lan jwe yon wòl enpòtan nan respirasyon, nan tansyon (ateryèl), nan batman kè, nan toudisman, nan feblès manm yo, nan santi doulè, nan pase saliv epi vale, nan swe, nan lajè nawè-je nou dilate, nan fòs vwa, nan konsantrasyon, elt... Nenpòt latwoublay nan youn nan fonksyon sa yo fasil pou detekte. Se de siyal vizib nou kapab obsève kay yon moun ki sou strès. Moun lan kapab santi l ap toufe; ton vwa l kapab chanje; li kab pèdi konsantrasyon epi li pran depale.


Potò sèvo a sèvi kòm yon pwèn relè pou tout enfòmasyon ki sot anba nan rèz kò a epi ki ap monte al nan katye-jeneral sèvo a. Se la yon premye triyaj rapid fèt (nan yon krib ki rele “fòmasyon retikile”) epi distribisyon an kòmanse. An n pran paregzanp yon sitiyasyon kote yon moun sou strès. Selon fòs strès la, potò sèvo a kapab dirije enfòmasyon an sou diferan sikui. Si strès la fò anpil, l ap pase nan yon liy eksprès pou l rive trapde sou nwakou a (yo rele *cervelet* an Fransè oswa *cerebellum* an Anglè). Nan ka sa a, moun lan kapab pèdi ekilib fizik li; li kapote tonbe anba sezisman. Si fòs strès la modere, enfòmasyon an pase sou yon sikui ki yon jan mwèn rapid, kote siyal eletrik yo chanje an siyal chimik ki rele “newotransmetè”. Nan ka sa a, se ekilib mantal la ki touche; moun lan vin santi tèl ou tèl emosyon. Si strès la sansib men li pa twò fò, enfòmasyon an ale sou sikui ki pran plis tan an. Li suiv yon aks “PIPTA”, nou te dekri depi lè nou tap ekzamine sistèm andokrin lan. Nan ka sa a, reyaksyon an al parèt nan sistèm metabolik la, kote se ren an oswa kè a ki peye sa (Mwendwa,

Sims, Madhère, et al., 2011). Si kristè a dire twò lontan, gen plis pase yon sèl sikui ki kapab vin aktif.

Kèlkeswa sikui ki aktif la, rezilta final la al manifeste sou lòb fwontal sèvo a. Se la yon dènnye triyaj fèt pou rann pi fasil nenpòt aktivite ki mande rezònman, jijman, ak desizyon tèt klè. N a wè plis sou sa pi devan.

### Konsekans sou Sistèm Lenbik

Kouwòn lenbik la se kòm badji kò a : Se la tout sekre entim regle; se la emosyon yo parèt, grandi, epi jere. Sa ki pou soti, soti; sa pou n kenbe kache, ret kache.



Sistèm Kouwòn Lenbik la. Kredi pou imaj la : [www.mmcneuro.wordpress.com](http://www.mmcneuro.wordpress.com)

Pati sa a nan sèvo a fòme yon demi-sèk, epi l gen de [2] ògàn ki pi enpòtan ladann. Se talamis la, ak amigdal la (*amygdala* an Anglè). Se talamis la ki fè yon dezyèm filtraj sou tout enfòmasyon senk [5] sans yo ap kolekte tout alantou nou, plis sa nou santi nan trip nou. Rapid faya li konpare sa ki nouvo ak sa nou te konn deja. (Li travay tèlman vit, li konn gen tan wè sa ki ap vin devan l lan anvan menm tout enfòmasyon an fin rive sou li). Si enfòmasyon an cho, (paske li pote anpil danje oswa anpil jwisans), talamis la voye l bay amigdal la pou verifikasyon. Si enfòmasyon an pa cho, li distribye l nan diferan lòb sèvo a pou entèpretasyon detaye epi pi bon konpreyasyon. Kapasite talamis lan pou li fè travay konpilasyon ak konparezon sa a vin tabl l


kòm premye liy referans nou : se li ki toujou kapab di nou kote nou ye, kiyès nou ye. Se “sizyèm sans” nou, bonnanj nou, nanm nou. Si pa malè talamis lan ta vin pran yon gwo chòk, moun lan kapab tonbe nan koma.

Amigdal la se yon sant jwisans ak panik alafwa. Pa gen anyen ankò ki konte la a. Lè talamis la voye yon enfòmasyon vini, se verifye l san pèdi tan sou yon balans 2-plato : èske li pral bay anpil plezi oubyen èske li pral bay panik? Amigdal la sitirè, li pa gen pwoblèm pèmèt tout anv pa weze. Si gen diferan estimilis ki pote plezi an menm tan, se sa ki pral bay plis plezi nan moman an ki gen priyorite. Pami tout chwa yo, plezi seksyèl la toujou gen yon tretman premye klas. Yon lòt kote, enfòmasyon ki tonbe a kapab deklannche laperèz, sitou si li sanble (de prè oubyen de lwen) ak yon move eksperyans moun lan te viv deja. Tout ansyen move souvni yo, depi laj ti katkat, sere fon nan sa yo rele “memwa emosyonèl” moun lan, (anndan yon lòt pati kouwòn lenbik la ki rele ipokanp). Se poutèt sa yo konn dekri amigdal la kòm achiv memwa danje. Si degre laperèz la pa twò wo, reyaksyon an se yon senp kèsere (anksyete). Si degre laperèz la depase limit, reyaksyon an se panik. Lè sa a se rèl, anmwe lagad, moun lan vin agresif. Sikològ yo di tout ensten animal yo reparèt. Reyèlman vre, an Kreyòl nou di : “Tout plim sou do m kanpe”, oswa “m oblije mete grif mwen deyò”.

### Konsekans Sikolojik

Kote dlo pase pou l antre nan bwa joumou?

Lè n ap pale de konsekans sikolojik yo, nou oblije konsidere ni domèn afektif (ki jan yon moun santi l), ni domèn kognitif (ki jan yon moun jere enfòmasyon ak lòt amòs). Kominikasyon ant diferan selil nan sèvo a rive fèt grasa yon seri sibstans chimik yo rele newosiyal oswa newotransmetè. Se yon sistèm ki konplèks nan chapant li, epi ki delika anpil nan fonsyònman l. Fòk ni volim, ni faz-tenmpo, ni limit-gachèt chak newosiyal byen kalibre. Gade dyagram 4.1 an ki montre n sa. Krebetizasyon ak kristè, menm lè l pa fò anpil, kapab deregle echanj siyal ant newòn yo (sa yo rele sèvis newo-transmisyon an).



Newotransmetè : Rezo Siyal nan Sistèm Nè yo. Kredi pou imaj la : [www.genius.com](http://www.genius.com)

## Newosiyal

Se mo newotransmisyon ak newotransmetè yo ki panke rantr nan vokabilè Kreyòl la. Men nosyon an deja ekziste nan kilti a. Paregzanp, lè yon mizik fè yon Ayisyen plezi anpil, nou konn tande li di “sa a mache nan san m, nan mwèl mwèn”. Kidonk li dekri yon eksperyans dinamik ki fè l santi yon bagay ap deplase de pwen an pwen nan tout kò l. Lasyans vin ede nou defini ak prezizyon sa bagay sa a ye ki “mache nan san an” : Se newotransmetè. Nou kapab site 4 pami newotransmetè yo ki enpòtan anpil : se sewotonin, dopamin, asetilkolin, ak gaba (gama-aminobòtirik asid).

Sewotonin lan pote siyal ki enflyanse konpòtman moun plizyè fason. Li kontwolè apeti an jeneral (ni pou manje ni pou sèks). Lè nivo sewotonin lan twò wo, li bay ajitasyon, toudisman, batmannkè. Moun lan rete li swe anpil, epi saliv li seche, bouch li vin chèch. Okontrè, lè nivo sewotonin lan twò ba, sa lakòz yon moun gen depresyon, apeti l koupe, li gen maltèt, anvi seksyèl li gate (Leibowitz, 1990).

Dopamin lan pote siyal ki aji sou tensyon ateryèl yon moun. Li ede vesò sangan yo dilate epi li pèmèt glann renal yo prije sòti (ekskrete) enpe sodyòm (sèl). Dopamin lan kontwole tou kowòdinasyon nan ti mouvman piti. Fòk li byen kalibre pou mouvman yo pa fèt brip-brip. Lè nivo dopamin lan deregle, moun lan kapab gen latranblad san rete, tankou nan maladi Pakinson. Dopamin enpòtan anpil finalman pou

yon moun konn sa ki rele plezi. Nivo dopamin lan monte lè yon moun santi l ap jwi. Se pa sèlman jwisans nan kò w, se nan tout bagay yon moun renmen fè, kidonk kote li gen motivasyon (Willner *et al.*, 2005).

Kanta asetilkolin lan se yon sibstans ki enpòtan tou dabò pou gran mouvman kò a : Li jwe yon wòl ni nan paralizi ni nan gwo kriz kote moun lan ap bat atè (tankou malkadi). Dezyèmman, li ede memwa yon moun byen mache. Se grasa asetilkolin yon moun kapab raple l de bagay ki senp, ki pankò gen twòp sans oswa “chaj emosyonèl”. Paregzanp, si w gen yon lis non moun ak nimewo telefòn yo pou w sonje, se asetilkolin ki pou ede sèvo a pase siyal yo. Nenpòt lè yon timoun ap bat yon leson pakè (sitou nan yon lang etranjè li pa metrize), se asetilkolin. Ansuit asetilkolin jwe yon wòl nan devlopman mouvman repetitif ak otomatik. Li fasilite aprantisaj tout woutin yon moun bezwen pou l fè yon travay, kit se pyano l ap jwe, kit se yon goyin l ap manyen. Finalman, asetilkolin pèmèt yon moun triye pami plizyè amòs (estimilis) ki ap vin jwenn ou yon sèl kou. Konsa w kapab fè yon desizyon rapid sou kiyès ki pi enpòtan nan moman an, kidonk sou kiyès pou w konsantre (Platt & Riedel, 2011). 4.1.4. Gaba se yon newotransmetè ki nan tout sòs, paske wòl pa l se bay kontwòl. Alòske prèske tout lòt newotransmetè yo gen tandans deklannche, eksite kidonk akselere yon reyaksyon, gaba li menm aji pou l ralanti (“inibe”) reyaksyon an. Konsa li kontwole entansite doulè yon moun santi; li ede balanse tonalite (fòs) miskilè; li teke fren w lè anksyete ta vle anvayi. Nan maladi tankou malkadi (epilepsi), kote anpil ond eletrik soti pou neye lòb tanporal sèvo a yon sèl kou, se nivo gaba a ki pou rive kalma kriz la (Li & Xu, 2008; Petroff, 2002).

Ti kont-randi brèf sa a sou wòl 4 newotransmetè sèlman vize pou bay yon apèsi sou konsekans emosyonèl yo lè genyen yon deregilaj. Nou wè kòman chanjman nan yon sèl grenn lan kapab reponn sou divès fonksyon; alewè lè se plizyè ki afekte alafwa.

## Aktivite kognitif

Sa yo rele aktivite kognitif la se jan nou jere, òganize, epi transfòme enfòmasyon pou nou fè l tounen konesans. Aktivite kognitif sa yo pran divès fòm tankou konsantrasyon (atansyon), memwa, aprantisaj sou baz asosyasyon, aprantisaj sou baz fabrikasyon (manipilasyon), konpreyansyon (sans), kalkil sou senbòl tankou chif,

À la suite de la conférence internationale de Jomtien (Thaïlande) en 1990 sur les principaux enjeux de l'éducation dans le développement du monde moderne et la nécessité d'avoir « une vision élargie de l'éducation », l'accent avait été mis sur la prise en charge des jeunes fragilisés hors de l'école et déscolarisés et des adultes analphabètes, sur la résolution des problèmes d'inégalité des genres dans les pays défavorisés ainsi que sur l'importance des apprentissages effectifs des apprenants. Prolongée par le forum de Dakar en 2000 qui renforce la nécessité de l'éducation pour tous et confirme la détermination des organisations internationales à en garantir la réalisation, l'éducation occupe dès lors une place centrale dans les politiques nationales et internationales. Elle est considérée avant tout comme un instrument idéal de la lutte contre la pauvreté. À ce titre, il est rappelé que l'éducation est un droit fondamental de l'être

humain, qu'elle est la clé du développement durable, de la paix et de la stabilité locale et nationale, et constitue donc un moyen indispensable d'une participation effective à l'économie et à la vie des sociétés du XXI<sup>e</sup> siècle, qui témoignent d'une globalisation expansive. De ce fait, depuis le Forum mondial sur l'éducation à Dakar en 2000 qui a défini le cadre d'action de l'éducation pour tous sur un horizon de 15 ans, horizon reconduit par l'ONU jusqu'en 2030<sup>10</sup>, les PED se sont engagés dans la réforme de leur système éducatif pour en garantir la qualité et l'efficacité pour tous, en se référant à l'APC comme cadre didactique et pédagogique. Ce cadre guide ainsi les réformes éducatives actuelles :

Cette ambition d'assurer l'effectivité du droit à l'éducation pour tous a amené les plus hautes autorités du pays à élaborer et à mettre en œuvre des politiques éducatives et à engager depuis 2007 la réforme du système éducatif dont les principes de base sont : la gratuité, l'obligation scolaire, la réforme des curricula selon l'approche par les compétences. (Banque Mondiale, 2010)

### Pourquoi l'approche par compétences?

L'APC est présentée comme étant l'approche la plus appropriée pour favoriser la réussite du projet d'éducation pour tous. Son adoption dans les réformes éducatives répondrait au besoin d'assurer l'autonomisation et l'épanouissement de l'individu, de favoriser l'égalité des chances et surtout de mettre la formation en adéquation avec le marché du travail. L'APC représente ainsi le nouveau courant méthodologique et didactique qui s'oppose à la pédagogie par objectifs (PPO) qui a « longtemps régné sur le monde de l'éducation » (Scallon, 2015). Cette dernière est présentée aujourd'hui comme étant restée trop longtemps enfermée dans les limites de la formation classique, théorique et le cloisonnement des apprentissages, tandis que la nouvelle approche développerait les apprentissages à partir de compétences identifiées dans le milieu professionnel et privilégierait davantage l'autonomisation et les apprentissages tout au long de la vie. En d'autres termes, l'APC dépasserait les frontières du monde de la formation classique, traditionnelle, pour une formation plus

10. Le programme d'éducation pour tous est arrivé à expiration en 2015. Pour lui succéder, l'ONU exploite la « dynamique dégagée » par les objectifs du Millénaire pour le développement et l'élaboration d'un autre programme pour l'après-2015 qui s'intitule « Transformer notre monde : le Programme de développement durable à l'horizon 2030 ».

pratique répondant aux besoins réels de l'apprenant et de sa société. Les réformes débouchent ainsi sur une façon différente de concevoir la formation de l'individu (Scallon, 2015).

D'un point de vue général, l'APC représente une évolution des méthodes didactiques allant d'un accent traditionnel mis sur le processus d'enseignement vers une attention particulière à des processus d'apprentissage plus participatifs et davantage axés sur l'apprenant, d'une grande importance accordée aux connaissances vers une préoccupation pour le développement des compétences. L'application de cette approche aux différentes disciplines suppose des valeurs éducatives telles que la différenciation dans l'enseignement et dans l'évaluation, le rôle de construction des acquis par l'apprenant ou l'apprenante, la réduction des disparités scolaires, l'articulation des apprentissages aux exigences du contexte, la démarche par résolution de problèmes, etc.

En quoi l'APC se démarquerait-elle du modèle de l'école coloniale?

Les nouvelles réformes éducatives entreprises notamment en Haïti et au Burkina Faso, privilégiant l'APC, pourraient se démarquer du modèle scolaire hérité de la colonisation française du point de vue du changement des finalités de l'éducation, c'est-à-dire par rapport aux objets d'enseignement, aux approches didactiques et aux pratiques d'évaluation. Autrement dit, si le modèle privilégié jusqu'à est basé sur la sélection des apprenants selon divers critères, sur le découpage disciplinaire, sur des pratiques d'enseignement magistrales couplées à des séances répétitives d'exercices et de mémorisation, sur la restriction et l'exclusion, l'APC pourrait constituer une voie de rupture avec ce modèle en ce sens que cette nouvelle approche valoriserait et canaliserait les capacités de tous. Ainsi, dans une approche par compétences, les contenus disciplinaires entendent dépasser le stade des savoirs et des savoir-faire pour intégrer de nouvelles catégories de contenus comme des *life skills* et les compétences transversales. L'apprenant serait placé au centre des apprentissages, c'est-à-dire que l'élève devrait pouvoir s'engager dans la scolarité en apprenant à réfléchir, à mobiliser des connaissances pour résoudre un problème, réaliser une tâche ou un projet dans diverses situations habituelles ou nouvelles. L'APC changerait aussi la place de l'enseignant. Le rôle de celui-ci consisterait à susciter l'intérêt des apprenants et apprenantes, à définir des modalités pertinentes

pour l'atteinte des objectifs en privilégiant des activités et des pratiques basées sur de véritables enjeux intellectuels. L'APC se distinguerait également sur le plan de l'évaluation. Celle-ci permettrait de mieux asseoir les décisions et les actions qui régulent les apprentissages de l'apprenant. Cette conception de l'évaluation inviterait à la considérer comme une composante de l'apprentissage plutôt que comme une entité distincte. À noter aussi que, dans cette nouvelle approche de l'éducation et de l'enseignement/apprentissage, le choix de la scolarisation en langue maternelle est encore possible. Celui-ci est bien mis en avant dans les prescrits. En effet, ces réformes par APC devraient permettre une nouvelle forme d'égalité fondée sur une conception correctrice de la justice et l'épanouissement de chacun dans son environnement de vie. Ces nouvelles orientations apparaissent bien comme une opportunité de mieux remplir pour tous les missions essentielles de l'école.

### Les défis de l'approche par compétences

Comme nous venons de le voir, les réformes éducatives par l'approche par compétences sont devenues une préoccupation mondiale dans les PD comme dans les PED. L'APC trouve ses applications dans différentes composantes des systèmes éducatifs : les curricula, les manuels scolaires, le système d'évaluation et la formation des enseignants. C'est un véritable chantier de recherche, d'exploration, qui s'ouvre et qui modifie les systèmes éducatifs à tous les niveaux. L'APC a été introduite en Haïti et au Burkina Faso à partir de 2007, mais elle cherche encore sa voie. Les résultats ne sont pas encore probants à cause de diverses contraintes majeures auxquelles ces pays ont à faire face. On peut citer celles qui sont liées à la coordination et au pilotage de la réforme, à la pénurie d'enseignants, d'encadreurs qualifiés, à l'insuffisance de ressources matérielles et pédagogiques. Cette liste n'est pas exhaustive, mais on constate que ce sont ces mêmes contraintes qui se répètent d'une réforme à l'autre. Pourtant, si ces pays veulent effectuer un réel changement dans leur système éducatif, le moment est favorable. L'esprit de ces réformes est différent de celui qui a toujours guidé les systèmes postcoloniaux. Et selon les organisations internationales, l'aide internationale ne devrait faire défaut à aucun pays qui en a besoin pour bâtir des systèmes éducatifs qui répondent aux besoins de tous (UNESCO, 2000). Mais ces pays ne devraient

pas miser que sur ces aides s'ils veulent bâtir des systèmes éducatifs durables, car celles-ci sont souvent instables, éphémères et limitées dans le temps. Il serait peut-être temps que les États fassent de la démocratisation de l'éducation, de son rendement et de son efficacité leur priorité. On sait toutefois que les situations sociopolitiques et socioéconomiques de ces pays sont encore précaires. Comment peut-on rester indifférent face au monde qui change?

## Conclusion

Puisque l'éducation en Haïti et au Burkina Faso est jugée inadéquate face aux exigences du monde actuel du fait de son attachement aux visions et démarches dépassées de l'enseignement/apprentissage et de la formation, les nouvelles réformes éducatives pourraient représenter une solution aux problèmes de ces systèmes éducatifs. Elles pourraient faire évoluer les pratiques pédagogiques en dynamisant la création de nouveaux supports didactiques appropriés aux contextes et besoins de la société et du monde, en introduisant les nouvelles technologies d'information et de communication, en plaçant l'apprentissage en langue maternelle/nationale comme stratégie de réussite des apprenants, en redéfinissant les filières et en promouvant l'obligation scolaire et la garantie de sa gratuité. Mais il reviendrait aux dirigeants nationaux de mobiliser les moyens, les ressources humaines pour adapter et mettre en œuvre les nouvelles réformes dans le sens des besoins existants et à venir identifiés par les pays eux-mêmes, car, il y a d'abord un intérêt national.

Enfin, nous terminons cette analyse par ces mots de Mamadou Diouf sur sa vision de l'école de demain. L'école de demain est « une école du pluralisme, pour de véritables citoyens – des citoyens du monde. Il ne s'agit pas d'effacer la citoyenneté nationale, mais d'y ajouter une citoyenneté locale et, à celle-ci, d'ajouter d'autres connexions, d'autres lectures, d'autres récits, d'autres histoires »<sup>11</sup>.

## Références

Banque Mondiale. (2010). *Les défis du système éducatif burkinabè en appui à la croissance économique*. Série : Le développement humain en Afrique. N° 176 : Banque Mondiale.

11. Mamadou Diouf, « Éduquer à l'échelle du monde », Tréma, 40 - 2013, mis en ligne le 1<sup>er</sup> décembre 2015, consulté le 10 avril 2016. [En ligne] <http://trema.revues.org/3033>

- Compaoré, M. (1995). « L'école au quotidien en Haute -Volta pendant la période coloniale ». In *La Haute-Volta coloniale : témoignages, recherches, regards*. Paris : Karthala.
- DeGraff, M. (2013). « Men anpil, chay pa lou : Ann sèvi ak lang kreyòl la pou bon jan edikasyon ak rechèch ann Ayiti ». *Akademi kreyòl ayisyen : Ki pwoblèm? Ki avantaj? Ki defi? Ki avni?* Port-au-Prince : Université d'État d'Haïti
- Descartes, R. (1645). *Correspondance à Madame Élisabeth, Princesse palatine*, 15 juin 1645, Lettre VII Tome 1, n° 94.  
<http://dicocitations.lemonde.fr/citations-auteur-descartes-2.php#2fh1XMi6ZPX3TzwA.99>
- Joint, L. A. (2007). *Système éducatif et inégalités sociales en Haïti : le cas des écoles catholiques*. Paris : L'Harmattan.
- Madhère, S. (1992). *Silo Sajes : prensip filozofi lavi*. Washington DC : Sophex.
- Memmi, A. (1973). *Portrait du colonisé. Précédé du portrait du colonisateur*. Paris : Payot.
- Miled, M. (2006). « Un cadre conceptuel pour l'élaboration d'un curriculum selon l'approche par les compétences ». *La refondation du système éducatif en Algérie* : UNESCO.
- Pilon, M. (2004). « L'évolution du champ scolaire au Burkina Faso entre diversification et privatisation ». *Cahiers de la recherche sur l'éducation et les savoirs* (n° 3, 2004) pp.147-169. Paris : ARES.
- Sarraut, A. (1923). *La mise en valeur des colonies françaises*. Paris : Payot.
- Somé, M. Z. (2003). *Politique éducative et politique linguistique en Afrique : enseignement du français et valorisation des langues « nationales », le cas du Burkina Faso*. Collection Études africaines. Paris : L'Harmattan.
- UNESCO. (2000). *Texte adopté au Forum mondial sur l'éducation Dakar, Sénégal, 26-28 avril 2000*. Repéré à [http://www.unesco.org/education/efa/fr/wef\\_2000/](http://www.unesco.org/education/efa/fr/wef_2000/)

Perspectives :  
L'épistémologie  
haïtienne / Pike devan:  
Epistemoloji ayisyen  
an

## Ki non epistemoloji ayisyen an? Ki sa l vle di pou pratik sikoloji ann ayiti?

JUDITE BLANC

### Nòt biyografik

Aprè li fin fè lisans li nan Inivèsite Leta d Ayiti nan sikoloji, Judite Blanc te pati nan peyi Lafrans kote l fè yon metriz nan Universite Toulouse 2 epi yon doktora nan sikoloji klinik nan Universite de Paris 13. Doktè Blanc fè kèk piblikasyon nan revyi entènasyonal sou konsekans sikolojik tranbleman tèt 12 Janvye 2010 la sitou sou tibebe ki te nan vant manman yo pandan katastwòf la. Judite Blanc anseye Sikoloji nan Inivèsite Leta d Ayiti ak nan kèk lòt Inivèsite prive nan Potoprens. An 2015, li te fonde ak kèk lòt kòlèg Asosyasyon Sikotwomatis

ak Afrikanite (SITWOMAFRIKA). Sou menm wout rechèch ki deja fèt ki montre gen konsekans pou devlopman sikolojik moun kite viv lè yo tibebe nan vant manman evènman malouk, Judite Blanc ap kontinye ak rechèch li nan peyi Etazini sou konsèp *Sikotwomatis nan vant manman, Ras, Sèks ak Devlopman Biyosikososal*.

1. Twokèt la
2. De ki sa epistemoloji pale nou?
3. Kad konsepsyèl : kèk kouran panse epistemolojik
4. Teyori lakonesans : nan tradisyon pèp afriken
5. Kijan lakonesans defini selon tradisyon Ayisyen an?
6. Vodou : yon wout sinatirèl ak natirèl pou jwenn lakonesans?  
– Vodou : botanik, famakoloji, ak syans fizik
7. Teyori lakonesans nan tradisyon oral ann Ayiti : egzanzp kèk pwovèb!
8. Pwovèb ak Apwòch Anpirik (empirisme)
9. Kisa ki apwòch anpirik?
10. Afwosantriste, panse antikolonyalis, revolisyon ayisyen nan 1791 : pansè filozofi politik?
11. Yon tantativ definisyon sou epistemoloji ayisyen
12. Enplikasyon pou pratik syans sikoloji ann Ayiti nan 21 inyèm syèk la
13. Dènnye pawòl
14. Referans

### Twokèt la

Èske genyen yon epistemoloji ayisyen ki egziste? Kòman pou mwenn abòde ekspresyon epistemoloji nan yon kontèks ki redwi, kote m rale l mete sou yon teritwa oswa ba li yon nasyonalite? Kounye a la ki sa adjektif « ayisyen » ta vle di nan ekspresyon an : « epistemoloji ayisyen an »? Èske nou genyen yon tradisyon ki rele n chè mèt chè mètrès nan jan nou konprann monn ki viwonnen nou an ak jan nou brase lide sou yo? Èske se Lang Kreyòl la? Èske

se yon kare jeyografik? Èske se yon kolòn pratik? Yon jan nou itilize metodoloji oswa kèk teyori? Oswa yon latriye otè (Jacques Stephen Alexis, Jacques Roumain, Jean Price-Mars ak pitit li Louis Mars, Anténor Firmin, Felix Morisseau Leroy, Max Beauvoir, Frankétienne, Serge Madhère, Marie-Vieux Chauvet oswa Suzanne Cormhaire-Sylvain)?

Men avan, èske m pa ta ka ale pi lwen nan listwa peyi a, nan fouye zo nan kalalou nasyon an, pou m rive konprann depi kilè epistemoloji ayisyen te siman kòmanse parèt pwent tèt li? Èske se pa t depi avan tan lakoloni depi sou kontinan kote majorite zansèt Afriken nou yo ta moun?

Ki plas Revolisyon lame endijèn 1791/1803 genyen nan kesyon an? Epi ki sa filozofi Vodou ka reprezante nan epistemoloji sa? Si genyen yon epistemoloji ayisyen, li siman anrasinen depi sou kontinan Lafrik. Men èske m pa ta dwe pase men pran tou eritaj amerendyen ak ewopeyen yo te kite pou nou akòz lesklavaj ki te dire anviwon kat (4) syèk? Apati de repons ak kesyon sa yo, m kapab rive konnen epistemoloji ayisyen ki non l pote, epi petèt ki sa l ka pote pou devlopman syans sikoloji lakay nou.

Men avan, m pa vle pase pou moun ki gen gwo tanta, m panse yon travay kon sa ta sipoze devlope nan yon liv apa pou kont li kote plizyè otè ap bay dizon pa l selon domèn li etidye. Men sa p ap anpeche nou fè egzèsis pou n eseye reponn ak kesyon nou sot poze piwo a la.

M ap eseye defini konsèp epistemoloji a selon twa (3) tradisyon (anglosakson, frankofòn epi afriken); m ap analize epistemoloji ayisyen an selon kritè teyori lakonesans afriken (plas vodou ak tradisyon oral yo); analiz sa ap pase pran tou kouran epistemoloji anpiris (yon kouran sou panse ki bay anpil enpòtans ak eksperyans nou fè ak senk sans nou); rapò revolisyon ayisyen an 1791 lan ak mòd filozofi rasyonalis (yon mòd panse ki fè kwè ke lide ak konesans ka egziste avan w fè eksperyans) p ap rete atè. Lè m fin fè tout konsiderasyon sou sa ki sanble sèvi kòm wòch dife chodyè epistemoloji nan kontèks ayisyen an; m ap eseye bout refleksyon mwen sou plas epistemoloji sa a ka genyen pou pratik sikoloji ann Ayiti, sitou nan sa ki gen pou wè ak konseptyalizasyon devlopman entèlèktyèl selon modèl devlopman entelijans Serge Madhère.

### De ki sa epistemoloji pale nou?

Selon literati ki soti ann Ewòp, se yon filozòf ki te fèt nan

peyi Ekòs : James Frederic Ferrier (1808-1864) ki ta sanble itilize neyolojis “Epistemology” sa pou premye fwa an 1854 nan liv li ki rele : “Institutes of metaphysic, The theory of knowing and being”.

Mo Epistemoloji a gen rasin li nan mo Grèk sa yo : “episteme” ki vle di “konesans ki laverite” – “syans”, epi “logos” ki vle di «etid»-“diskou”. Si m baze m sou defnisyon rasin mo yo, sa ta vle di ke epistemoloji se teyori lakonesans (opinyon, pwenn d vi, modèl moun eklere) ak validite l. Mwen ka di selon de (2) tradisyon filozofik ki pi koni nan monn oksidantal la, defnisyon branch sa a ki soti nan filozofi gen de (2) poto ki kenbe l.

Yon bò, nou jwenn yon poto, nan peyi ki pale Angle yo, kote alèkile, epistemoloji reprezante yon konsèp filozofik, ki vle di teyori lakonesans (*Theory of Knowledge*). Lè sa li charye tout bagay ki mande fè analiz sou ki sa lakonesans ye, jiski kote chouk li rive, Èske nou ka fè l konfyans, oswa kilè n ka bat lestomak nou pou n di nou mete men sou sa yo rele konesans lan. Tout bagay sa yo regade epistemoloji a. Yon lòt bò menm, li genyen yon lòt poto nan tradisyon filozofik peyi ki pale Franse yo, kote yo wè epistemoloji tankou teyori lasyans (*theorie de la science*) an jeneral. Mwen ap raple ke Lasians<sup>1</sup> se tout sa k konsène konesans yon moun posede oswa l ka ranmase nan bat bèt li (etidye), nan reflechi, oswa sa eksperyans li fè kite nan li. Mwen ka ajoute tou, yo pale de syans pou tout sa k gen awè ak yon ekip konesans ki mache bradsibradsa ak lòt ki bay esplikasyon sou yon fenomèn ki gen lwa objektif (ki pa depann de moun) k ap gouvène li. Kòt fanmi konesans sa yo pran chè, se lè w fin mete lòd nan dezòd, kidonk ak metòd ou aplike pou sa.

Kon sa, yo pale de epistemoloji syans fizik ak chimik, biyolojik e menm lalojik. Se jisteman branch epistemoloji lalojik la ki mache men nan men ak konsepsyon epistemoloji nan peyi anglosakson yo, paske li bay anpil atansyon ak tout kalte vizyon ki genyen pou teyori lakonesans. Teyori sa ap fouye zo nan kalalou pou l konprann fondasyon fenomèn lakonesans la, ki jan l layite l, ki sa ki pitit li, sa l pote nan djakout li, epi ki kote l vle rive (Browaey, 2004).

Ban m voye je gade nan domèn filzofi lasyans, pou m wè ki kouran (yon mòd panse) ki pran kòt lan pou yo. Mwen jwenn senk (5) ke m pral site nan tablo ki pral vini la :

1. <http://www.cnrtl.fr/definition/Science>

Kad konsepsyèl : kèk kouran panse epistemolojik

Tablo 1 : Kouran epistemolojik ki pi popilè yo (*Adapte selon tablo : Riopel, 2013*)

| Kouran                            | Definisyon   | Otè teyorisyen   |
|-----------------------------------|--|--|
| <b>Rasyonalis (17yèm syèk)</b>    | Tout konesans ki valab se bon pitit larezon.   | Platon (428- 347 avan Jezikri.) Descartes (1596-1650), Leibnitz (1646-1716), Euclide (300 avan Jezikri), Pythagore (495-580 avan Jezikri), Emmanuel Kant (1724-1804).  |
| <b>Anpiris (18yèm syèk)</b>       | Tout konesans valab se bon pitit eksperyans nou fè at senk sans nou.   | Anaximène (610-545 avan Jezikri.) Bacon (1561 -1626), Locke (1632 -1704), Newton (1642-1726), Berkeley (1685-1753), David Hume (1711-1776), William James (1842-1910). |
| <b>Pozitivis (19yèm syèk)</b>     | La syans pwogrese paske l apiye sou bagay ou ka mezire, ki vin tounen modèl pou moun panse sou baz kèk ezanp patikilye ki pèmèt ou devlope lwa jeneral (rezònman endiksyon). Tout sa w pa ka mezire, oswa wè aklè dirèkteman pa egziste. | Sextus Empiricus (160-210), Auguste Comte (1718-1857), Stuart Mill (1806-1873), Mach (1838-1916), Bridgman (1882-1961), Bohr (1885-1962), Carnap (1891-1970).          |
| <b>Konstriktivis (20yèm syèk)</b> | Monn lan pa depann de lespri moun. Men konesans nou genyen sou monn lan se konstwi moun ak sosyete a konstwi sa.   | Héraclite (550-480 avan Jezikri), Protagoras (485-410 avan Jezikri), Brouwer (1881- 1966), JeanPiaget (1896 -1980).  |
| <b>Reyalis (20tyèm syèk)</b>      | Modèl syantifik yo se nou ki konstwi yo pou n ka esplike reyelite moun wè aklè (objektif) ki pa depann de moun k ap gade a.  | Aristote (384-322 avan Jezikri), Reid (1710- 1796), Planck (1858- 1947), Russel (1872- 1970), Albert Einstein (1879-1955).   |

Pou Riopel (2013), klasifikasyon sa se rezilta refleksyon filozòf,

syantifik ak didaktisyen sou istwa lasyans. Konsepsyon yon syantifik ka genyen de lasyans, ka depann de matyè a : li kapab genyen atitid pozitivis nan entèpretasyon l bay fizik kantik, poutan li gen dwa gen lide rasyonalis nan refleksyon li sou rapò koub ant espas-aktan. Menm si souvan yo gen tandans makonnen yon kouran ak yon potorik syantifik; men, nou pa oblije makonnen yon grenn kouran epistemolojik ak chak syantifik. Se sa k rive nan ka pa Newton (1642-1727), mwen te ajoute l nan kouran anpiris ki te ap banbile nan peryòd msye t ap viv sou tè a, men, gen moun ki konn mete l tou nan kategori reyalis.

Toujou nan menm lide limit definisyon epistemoloji a, gran epistemològ franse ki rele Gaston Bachelard (1884-1962) te poze kesyon sou rapò ki genyen ant epistemoloji reyjonal yo ak posibilite pou yon epistemoloji jeneral egziste. Nan analiz Bachelard (1980), epistemoloji reyjonal yo mare sosis ak yon grenn syans, yon grenn metòd. Espesyalis apwòch reyjonalis bout di sa a, pa tolere ankenn enonsyasyon ki pale de verite jeneral sou lasyans. Pou li, sèl epistemoloji ki pwòp (san tach), ki pa gen lòt grenn zanno kay òfèv se sa k reyjonal la. Yon rechèch sipoze adapte l ak zouti li akouche yo. Nan ka sa a, epistemoloji ki egziste tout bon an se sak adapte l ak rechèch la pandan l ap deplòtònen (lide sou dekouyaj disiplin yo).

Men yon lòt bò mwen ka di ke sa yo rele epistemoloji jeneral la, se lè w ap fouye zo nan kalalou syans, rechèch syantifik alawonbadè, epi w w ap mande tèt ou ki metòd ki metòd syantifik? Mwen p ap gentan fè twòp pale anpil sou relasyon epistemoloji ak lasyans. Nan kad travay sa a, se sitou definisyon epistemoloji antan ke teyori lakonesans an jeneral, ki nati konesans ak ki limit konesans yon moun posede ke mwen ap chache konprann. Se kon sa mwen pral kontinye vwayaj epistemolojik lan, apre ke m fin montre kòman yo wè kesyon an nan de (2) reyjon nan monn lan, ki fè pati kilti oksidantal la. Kounye a mwen pral fè ti kout pye sou kontinan Lafrik, kote mòd panse ayisyen an ta sipoze gen premye grenn zanno kay òfèv sa.

### Teyori lakonesans : nan tradisyon pèp afriken

Li lejitim si m panse ke, menm jan lòt peyi Anglosakson ak Frankofòn yo te devlope pwòp vizyon pa yo sou ki wout ki miyò nan chache konnen; pèp k ap viv sou lòt kontinan te konn pran wout sa tou. Tankou pèp ki ap viv Lafrik oswa ki gen zansèt ki soti la, nan eksperyans yo te fè antan ke moun, dwe genyen yon teyori tou

sou konesans. Yon pèp ki gen istwa l ki date depi ti konmkomn t ap goumen ak berejèn, èske eksperyans y ap fè antan ke kominote, nan listwa limanite, èske yo menm tou pa genyen yon fason ki rele yo chè mèt chè mètrès nan jan yo konprann monn lan epi esplike kompleksite sityasyon moun k ap viv sou tè a? Pou mwen reponn ak kesyon sa yo, mwen te refere m ak sentèz Mutombo Nkulu-N'Sengha te fè nan tèks li *African Epistemology* (2005) (epistemoloji afriken) in *Encyclopedia of Black Studies* (Ansiklopedi Etid sou moun Nwa) ke de (2) gran zotobre syantifik nan domèn afrikoloji : Molefi Asante ak Ama Mazama dirije. Pou otè a ki fè yon bèl rale mennen vini sou kesyon an, pou rakonte listwa epistemoloji afriken sa a; ki konsèp ki pi enpòtan pou li; ak tout entèlèktyèl ak filozòf alawonnbadè sou kontinan an ak nan diaspora a ki ba l richès li; gen plizyè fason ak kote nou kapab detekte prezans epistemoloji sa. Sa k vini antèt, se sa jès ke sosyete sa transmèt nan bouch (mit oswa lejann sou kreyasyon lemond, kont popilè yo, ak pwovèb); fason yo chache jwenn laverite anndan sosyete sa yo, nan aparèy jistis, nan politik, nan legliz; nan travay medsen fèy; nan jan yo chache jwenn koupab yo lè yo trennen yo lajistis; epi tout fason Afriken rezoud zafè bouch louvri ki gen nan fanmi yo ak nan sosyete a. Nan yon kontèks afwosantrik, Asante (1996) fè konnen ke wout chache konnen pase pa disiplin Afrikoloji, li pase pa lang yo, mit oswa lejann yo, souveni nou kenbe de zansèt yo, lakreyasyon (danse, jwe mizik, elatriye), ak lasyans. Tout sa yo se sous pou n ranmase konesans, rekonèt ki sa k prèv ak ki sa k laverite.

Kon sa nou pa dwe neglije enpòtans ansyen dokiman ki te ekri depi peryòd *Kemèt* oswa *Kamit* (premye non pèp ki sot nan peyi Ejipt an n Afrik pote), ki ofri premye tras epistemoloji afriken an; pa egzanp nan defnisyon nou jwenn sou kiyès yon filozòf ye nan Enskripsyon (pawòl ki grave sou mi, wòch, elt) *Antef* (12yèm Dinasti, 2000-1768 avan JeziKri), ak Ptahhotep (25yèm syèk, avan JeziKri), Enskripsyon *Nebmare-Nakt* (sou papiris, 12yèm syèk avan JeziKri), Enskripsyon san non sou papiris ke Chester Beatty IV (12yèm syèk avan JeziKri) te jwenn, epi leson sou etik (lamoral) ke Amenemope te fè. Tout tèks sa yo ansanm betonnen wout afriken pran pou chache lakonesans. Yon bò nou jwenn nan tèks Zera Yacob (Hatata), ki rele epistemoloji Bwino ki soti nan filozofi pèp Bantu yo ak epistemoloji Ofamfa-Matemasi kay pèp Akan pou nou site sa yo sèlman. Men, jounen jodi, konsekans lesklavaj, kolonyalis, neyokolonyalis ak rasis vin ap fè fas kare ak yon kouran epistemolojik afriken k ap kritike

lakonesans ki mare sosis ak pouvwa politik ak ekonomik. Kouran afwosantris sa a demontre epi denonse kòman kòkòday ki genyen ant lasyans ak politik epi ekonomi te lakoz ke tout analiz ak etid ki panche sou moun afwodesandan toujou defini yo apati de linèt kolon yo oswa mèt esklav yo, ki pa t janm pran yo kòm moun ki egal yo.

Pou N'Sengha (2005), gen kat (4) fason selon tradisyon afriken an moun ranmanse konesans ke n ka regwoupe ankò selon twa (3) kategori : 1) Sinatirèl (divinò ak revelasyon), 2) natirèl (entwisyon – lè lide w di w fè yon bagay, ak larezon), ak 3) paranòm al oswa pèsèpsyon ekstrasansoryèl ki rive pi lwen ke sans nou yo (kay moun ki fèt ankwaf ak lè w nan telepati ou rive fè lespri w kominike ak lòt moun alòs ke nou lwen youn ak lòt).

Kidonk, nou ka remake ke epistemoloji afriken an, ki kite plas pou diferan mòd kognitif lè moun ap chache konnen, se yon panse ki sibi anpil vyolans epistemik tou anba men kolon epi plim neyokolonyalis moun save ewodesandan. Moun sa yo pran pretèks ke epistemoloji afriken pa danse kole ak larezon, oswa ke panse afriken an se lekonntrè epistemoloji sosyete oksidantal yo, e menm limanite alawonbadè. Ak paradigim afwosantrik la, anpil zotobre afwodesandan nan diaspora a, te rive demontre ke ak epistemoloji yo, pèp ki t ap viv sou kontinan lafrik la, avan ke lasyans modèn te kòmanse devlope, te gentan konn sèvi kòm sa dwa ak zannimo ki gen kat (4) pye, tankou cheval, fè agrikilti, envante almanak astwonmik, deja maton nan plant medisinal, bay timoun lenstriksyon epi soti vivan apre gwo evenman malouk ak lanmò pandye; paske yo te gentan gen ase konesans ki te pèmèt yo louvri bwat sekre lanati epi louvri pòt sou lojik k ap gouvènè egzistans moun.

Si epistemoloji afriken an, menm jan ak sa k soti nan peyi desandan ewopeyen yo, kite plas pou rasyonnalite kidonk larezon; men, sa pa anpeche ke l genyen trè pa l, ki rann li orijinal, kote ke ni objè etid la ni sijè fè yon sèl gras ak yon apwòch olistik (selon apwòch sa a yon fenomèn se plizyè pati ki kole youn ak lòt ki fè youn). Nou konprann, yon moun ki gen eritaj afriken, se yon sijè ki panse, non sèlman ak tèt li; men, li panse ak kè l tou. Nan ka sa, kilti sa a voye jete koze divizyon ant larezon ak emosyon/santiman sou baz lojik Katezyen (logique cartésienne) an (Descartes, 1637).

Pran wout chache konnen nan tradisyon afriken an, kòmanse dabò ak imilite epistemolojik. Paske ou pa filozòf jis paske w wè pi klè nan kèk bagay; men, ou se filozòf paske w toujou ap chache opinyon lòt moun, pa sèlman kay saj yo, men kay moun ki inyoran yo e

menm kay ti sèvant ki anba nèt nan nechèl sosyete a. Nan vizyon di monn (*vision du monde*) pèp Yoruba Ifa, tout moun fè pati yon kòt kosmik (cosmos), ki rasanble tout fòm lavi ak enèji ki gen nan linivè. Se sa ki pou asire ekilib ak amoni ki endispansab pou lasante ak kè kontan moun. Se pou sa epistemoloji afriken an pa kite plas pou separasyon ant sa ki sakre (legliz) ak sa ki pwofàn (nan lemonn), ant metòd espirityèl ak metòd anpirik nan efò pou n chache lakonesans. Pou kilti afriken an, pa gen koupefache (*dualisme*) ant matyè (kò) ak lespri (panse), ant lafwa ak lakonesans, yo pa sitire divizyon ant lasyans ak relijyon. Travay gerisè (medsen fèy) afriken yo montre reyalye sa klè kou dlo kokoye, kote moun sa yo toujou travay ansanm ak tout modalite kognitif yo pou jwenn bonjan rezilta kont pwoblèm sante. Nan kontèks sa a, ou konprann yon bagay oswa ou konnen li, se lè w rive mete men sou koneksyon ki genyen pami tout bagay nèt. Gwoup moun sa yo prefere pale pito ak sa yo swete konnen an : « Y ap tounen pye bwa ak pye bwa a- wòch ak wòch la- dlo ak dlo a- van ak van an » (N' Sengha, *ibid*, paj 42). Si w divize konesans ak metòd yo an miyèt moso (konpatimantalizasyon), ou riske tonbe sou « eskizofrèni entèlèktyèl » tankou lè w pèdi yon fèy. Konpatimantalizasyon sa a se konesans an chikèt de grenn gòch. Se sèlman yon gwo van ti lapli li ofri. Entèdisiplinarite epi chita pale ant epistemoloji yo se mèt kesyon apwòch olistik sa a. Se yon panse ki kwè ke meyè fason pou konnen se lè w itilize tout kalte zouti ak metòd ke w ka jwenn.

An sòm, nan kilti sa a, yon moun ki saj se pa yon moun ki genyen yon sèl sajès epi ki metrize yon sèl domèn. Li se yon saj paske, li kapab rive jwe wòl yon sikològ, yon anseyan, yon mèt espirityèl, yon atis, yon achitèk, yon pansè epi yon moun k ap mete konesans an pratik (pratisyen) an menm tan.

Kòm mwen te anonse nan twokèt la, m ap fè yon rale sou epistemoloji ayisyen. Genyen anpil rezon ki fè m kwè epistemoloji ayisyen an nou kapab konsidere l dabò tankou bon pitit epistemoloji afriken. Yon lòt bò, m ap gade tou èske panse ayisyen sa a pa sanble tèt koupe ak lòt epistemoloji ki devlope pami lòt pèp nan monn lan, sitou pèp ewopeyen ak amerendyen? Se yon sikonstans twomatik ki te fè pèp sa yo rankontre sou tè d Amerik depi plizyè syèk.

Ki jan lakonesans defini selon tradisyon Ayisyen an?

An Kreyòl, lè yon moun pa gen konsyans de ki kote l ye, ki

lè li ye, ak tout sa k viwonnen li, yo di l pèdi konesans. Nan kèk sitiyasyon, yo konn di l endispoze tou. Lakay nou, yo itilize mo konesans lan, tou pou pale de *Lide*, moso *limyè* w kapab genyen sou yon bagay, yon sitiyasyon, yon moun. Egzanp : lè w ka fè diferans ant byen ak mal. Lè w konnen Bondye. Ou konnen yon moun. Ou konn tout pati kò w. Ou konn pale yon lang. Ou konnen yon kote. Ou konn yon peyi. Ou konn sa k pral rive. Ou vin dekouvri yon bagay. Lè w fèk rankontre yon moun pou premye fwa, ou di w fè konesans ak moun lan. Lè w pa gen enfòmasyon de yon bagay, yo di w pa konnen anyen sou sa. Si w gen enfòmasyon, yo ka di w, ou konnen sa w ap fè a byen, oswa w konnen de ki sa w ap pale a. Nan ka moun ki pase lekòl, nan inivèsite, ki fè anpil tan ap itilize liv ann Ayiti, yo souvan pale de moun sa yo tankou de moun ki konnen. Paske tout sa k gen awè ak espas lekòl ak inivèsite sitou kote moun ap sèvi ak ekriti yo souvan rele yo bagay lespri. Moun ki pase anpil tan nan espas sa yo, yo konn rele moun sa yo moun lespri tou; moun ki li nan ti lèt fen, oswa nan gwo liv. Nan sans sa a, se konn yon lòt fason pou di moun lan fò. Tankou, moun yo rele moun lespri a, se yon moun ki pase anpil tan ap chache konnen bagay ki pa klè devan je nenpòt ki moun touswit.

Kounye a la, si mwen mete m dakò ak definisyon epistemoloji antan ke wout chache konnen, teyori lakonesans, epi m ajoute tou teyori lasyans, mwen imajine ke anpil lektè ak lektris siman gentan tonbe nan pyèj la, nan kouri kole yon etikèt sou do epistemoloji ayisyen an pou ba li pote non yon grenn kouran epistemolojik selon tradisyon kilti oksidantal la. Nan je pa yo, se ta kon sa pou bay yon pi bon radyografi de ki sa k reprezante konesans ki gen pi plis valè nan sosyete ayisyen an. Men, pou nou se yon demach ki riske kache ke dèyè mòn gen mòn nan epistemoloji sa ki gen kòd lonbrik li mare ak manman Lafrik avan. Selon deskripsyon nou sot fè de epistemoloji afriken an, nou kwè ke nan tèt yon ayisyen natif natal, ke l konsyan oswa pa konsyan de sa, gen diferan wout ki ka pèmèt ou jwen konesans ki valid :

1. Sinatirèl : Souvan nou konn tande lakay nou, anpil moun ki kwayan, ap repete ke se bondye ki bay lakonesans, e ke tout sa lèzom ak fanm rive akonpli ki grandyoz nan fè tèt li travay se men bondye ki dèyè yo. Sa vle di, selon vizyon di monn ayisyen an, moun kapab dekouvri lakonesans gras ak èd yon èt ki gen plis pouvwa pase moun, tankou Bondye, lespri yo, lwa

yo nan relijyon Vodou, gras ak sèvis divinò (oungan, manbo), revelasyon (mesaj yo pote bay moun lan nan dòmi oswa nan vizyon li genyen). Nan Divinasyon ak revelasyon kòm mòd kognitif, lakonesans pase oswa vini dirèkteman de entèvansyon èt sinatirèl –lespri, zansèt yo, fanmi ki te mouri, divinite ki vini nan rèv yo, oswa ki pase pa divinò, ougan ak manbo, zannimo, oswa kèk evènman lavi ki ra, oswa fenomèn natirèl ki mande yon atansyon espesyal (Vornax, 2008).

2. Natirèl : nan epistemoloji ayisyen an, moun kapab dekouvri konesans tou, gras ak lidè ki pase nan tèt yo oswa nan fè lespri yo travay sou yon sitiyasyon – yon pwoblèm. Mwen te ka rele wout sa a « rasyonnalite ayisyen ». Ann Ayiti, tout sa ki mande pou fè tèt ou travay, oswa ki pase pa travay lapanse se gwo koze. Anpil pwovèb nan lang Kreyòl envite nou respekte granmoun yo- paske eksperyans yo se nan tèt yo li ye. Men an menm tan an, yon jèn moun ki pase anpil tan ap travay ak liv ki rete anpil tan lekòl vin pase pou moun ki gen anpil bagay nan tèt li.
3. Paranòmàl : pèspeksyon ekstrasansoryèl (*perception extrasensorielle*). Nan kilti ayisyen an, li kouran pou tande pale de moun ki di depi lè yo tou piti yo te gen don pou wè sa tout moun pa ka wè oswa kominike ak lespri oswa moun ki mouri deja.

Vodou : yon wout sinatirèl ak natirèl pou jwenn lakonesans?

Selon lang afriken ki rele *Fon*, mo *Vodou* a vle di Fòs, enèji ak lespri. Vodou ayisyen an jounen jodi reprezante yon sistèm relijyon ki konplèks anpil. Pou kont li se yon pèspektiv tèlman laj, ke l rive akeyi nan sen l lòt sistèm relijyon tankou Katolis, Chamanis Amerendyen, Franmason, pratik Wozkwa ak Agnostisis. Selon Crosley (2000), relijyon ayisyen sa a te egziste avan yon pakèt lòt relijyon sou latè paske li gen rasin nan Saara neyolitik ann Afrik (Sahara Neolithique)<sup>2</sup>. Filozofi relijyon sa a wè moun tankou yon konsèp konplèks ki siyifi yon « ansanm », ki genyen yon *nanm* (*nyam*= yon pati nan yon ansanm nan lang afriken). Nanm sa rasanble yon bann ak yon pakèt dimansyon esprityèl kay moun lan : *Ti Bon anj*, *Gwo Bon anj*, *Nanm*, *Lwa mèt tèt*, *Wonsiyon*, *Lwa rasin yo* (ki soti nan

2. Yon pèp nan preistwa ki t ap viv nan Lès Afrik e ki vin pran avans sou lòt pèp nan domèn teknik ak atistik.

manman ak papa) konn pote non *Lwa eritaj*; genyen yon *lwa zetwal* k ap viv deyò kò moun lan nan yon zetwal nan syèl la. Depi premye jou moun lan vini sou tè a. Tout ajan espiyèl sa yo (tablo 2 bay kèk egzanp), ki se enèji k ap fè mouvman se yo ki drese ideyal ak nòm pou lalojik, lamoral, etik ak estetik. Epi an menm tan yo pa sèlman zafè yon grenn moun; men, yo blayi sou tout sosyete a ak anviwonman an. Antite sa yo gide moun tou sou wout lapè ak bonè. Tout moun eksperimante yo, epi nou tout depann youn de lòt, paske ankenn moun pa ka egziste si l pa gen rapò ak lòt moun parèy li nan je gwo prèt vodou Max Beauvoir (Crosley, 2000). Katafal konesans sa yo pase de bouch an bouch de yon jenerasyon ak yon lòt, sitou pandan peryòd inisyasyon (kanzo).

Tablo 2: Lwa prensipal yo ak konsèp yo reprezante

| <b>Lwa</b>   | <b>Konsèp yo reprezante</b>   |
|--|---|
| Legba  | Li louvri pòt pou antre nan monn espiyèl – Kominikasyon                             |
| Dambalah Wèdo (Koulèv): Kreyatè tout lwa –Solèy la | “Animus” (Maskilinite) – lanmou papa gen pou pitit –                                |
| Azaka Mede   | Agrikilti – travay di   |
| Kouzen Zaka (Frè Azaka)(Peyizan)                   | Agrikilti – lavi yon moun peyizan   |
| Ayida Wèdo (Patnè fanm Dambalah): Lalin lan        | Lakansyèl – “Anima” (Feminite)  |
| Ezilie Dantò                                       | Lanmou manman pou pitit- mefyans – andwojini (trè gason ansanm ak fanm) – lezbyèn   |
| Ezili Freda Dahome (Matlòt Dantò)                  | Lanmou – poligami ( gen plizyè nèg oswa fanm) – rèv                                 |
| Ogou Feray   | Gèye politik  |
| Ogou Badagri                                       | Lwa save – lapwofesi  |
| Bawon  | Lanmò   |
| Gede (pitit Bawon Samdi ak Grann Brijit)           | Lespri zansèt yo– lè w travèse soti nan lavi ale nan lanmò – pwoteksyon timoun piti |
| Kalfou (Gede, move vizaj Legba)                    | Sak bon ak sak pa bon- move chans – malè –  |
| Simbi  | Metres Dlo – sous remèd pou maladi natirèl  |
| Marassa  | Fètilite – andwojini – jalouzi – Sous bon remèd                                     |

## Vodou : botanik, famakoloji, ak syans fizik


Vodou se yon sistèm laswenyay total kapital. Andedan li ou jwenn yon ekip moun ki resevwa resèt remèd nan men lwa nan dòmi pou bay laswenyay. Pafwa lwa a gen dwa monte moun lan tou epi l fè remèd la li menm. Vodou se yon sistèm ki genyen modèl teyori pa l pou esplike maladi ke yo konn akize moun responsab (swa se malad la oswa yon moun deyò). Epi nan menm sistèm sa a, ou jwenn yon pakèt mwayen pou bay laswenyay, geri malad epi pwoteje moun pou maladi pa antre sou ou (Beauvoir, 2006).

Vornax (2008) fè konnen ke genyen yon medsin kreyòl ki te egziste nan tan lakoni sou Zile Sendomeng. Kòm esklavize yo te gentan gen abitud itilize sa yo jwenn nan antouraj yo pou trete maladi, li te vin fasil pou yo kontinye ak tradisyon sa yo te soti lakay yo ak li a. Pandan yo ap adapte yo ak yon nouvel anviwonman ekolojik, yo pwofite remete an pratik tout sa yo te aprann fè pou bay laswenyay depi Lafrik. Ti pa ti pa, yo devlope solisyon kont maladi ki te vin ap maltrete yo nan nouvo monn lan. Yo kolepyese yon medsin anpirik ak eksperyans ansanm ak tout mwayen ki vin disponib pou yo. Se vre kolon yo te konn pèsekite yo pou pratik sa yo ke yo te konfonn ak bagay malfektè; men, sa pa t anpeche konesans sou fèy ak plant kay swayan yo, fanmchay yo epi pratik ki melanje medsin ak reliyon devlope. Medsin kreyòl ayisyen sa grandi epi simaye alawonbadè bouch an bouch kote ke jodi a li se yon medsin tout moun konnen (yon bann remèd ak pratik ki diferan youn ak lòt) eki chaje espesyalite ladan (tankou fanmchay, doktè-fèy, ansanm ak Ougan epi Manbo). Fanmchay yo pran ede fanm akouche epi yo trete tibebe, pafwa yo konn prepare remèd fèy pou lòt maladi pi yo rale moun. Doktè fèy la konn trete moun ak « senp », poze sansi, yo mete gad sou moun epi yo konn trete pwoblèm zo kase oswa ki deplase. Kategori moun sa yo menm jan ak fanmchay la itilize fèy ak chouk bwa osnon kèk lòt resèt natirèl pou fè remèd pou moun malad. Vodouyizan genyen anpil plas nan medsin kreyòl sa malgre tout pèsekisyon yo te sibi nan men kretyen yo sa pa gen two lontan (Vornax, 2008).

Nan sa k konsène rapò Vodou ak syans fizik, Doktè Reginald Crosley, nan liv li ekri sou Vodou ak rapò li ak fizik kantik : « The Vodou Quantum leap » (2000), estime ke lasyans nan 20yèm syèk pou kont li te rive rebat kat la nan diskisyon sou ki sa ki yon reyalite, paske l rive rezoud twoke-kòn ant matyè ak lespri ke epistemoloji

vodou a, ki enspire de epistemoloji afriken an, voye jete depi syèk. Genyen yon kontinyòm ant kò ak lespri. Enèji espiyèl layite nan tout fraktal (ti zing ak miyèt) ki konpoze linivè. Pou otè « The Vodou Quantum leap » la, ou jwenn vizyon kantik la anpil nan pratik vodou a, sitou lè ougan, manbo oswa bòkò a ap fè leson, wanga epi ap pratike fenomèn lougawou (lycanthropisme). Yon ouns kanzo dwe genyen yon bon relasyon ak yon lwa espesyal l ap sèvi (lwa gad). Lè sèvitè (chwal) sa a mouri, sipoze genyen yon seremoni espesyal ki fèt pou rive separe sèvitè a ak lwa gad li (desounen).

Pou m fini pati sa sou enpòtans teyori fizik kantik la pou louvri bwat sekre sistèm Vodou a, epi souliye wout natirèl li ofri pou dekouvri lakonesans, mwen kapab apiye agimantasyon mwen, sou travay yon syantifik ayisyen, Serge Madhère (2012). Yon espesyalis nan evalyasyon sikolojik, ki kwè ke kilti ayisyen an chaje zouti natirèl ke n kapab itilize pou fasilite timoun ayisyen aprann matyè tankou matematik ak syans.



Sous : Madhère (2012).

Pou demontre aplikasyon yon apwòch pedagojik ‘Mayamay’ (Maieutique socratique) kòm metòd pou gide elèv ayisyen yo, youn nan twa (3) pwodwi kiltirèl Madhère te pran kòm egzansp se te rapò sistèm VèVè (yon desen ki ranpli ak liy koube, ki fèt ak farin frans, ki senbolize epi fasilite dyalòg k ap fèt ant moun ak lwa yo nan reljyon Vodou) genyen ak sistèm fraktal yo (repwodiksyon fòm jeometrik ki gen nan lanati). Nan sa ki konsène itilizasyon sistèm fraktal pou

konstwi antèn elektrik, enjenyè ki travay nan kominikasyon satelit remake ke mòd antèn sa yo kapab kapte yon bann kantite siyal menm lè w itilize yon ti espas tou piti. Madhère (2012) fè remake resanblans ki genyen ant yon chema enjenyè yo konnen sou non « Minkowski design » epi vèvè pou Lwa Kalfou a. Ansuit li souleve ipotèz ke si n rive asosye yon chema Minkowski ak yon chema vèvè Kalfou, kantite enfòmasyon nou ka rive kapte a t ap plis ke sa n t ap rekòlte ak yon senp chema Minkowski.

### Teyori lakonesans nan tradisyon oral ann Ayiti : egzanzp kèk pwovèb!

Kiyès moun k ap viv sou tè Desalin lan, ki pa yon fwa nan vi l, ou menm detanzantan nan konvèzasyon ak refleksyon l ap fè an kreyòl sou sitiyasyon ki gen rapò ak lakonesans, ki pa konn tande oswa itilize youn nan maksim (pwovèb) sa yo?

Tablo 3: Dis Pwovèb ayisyen ak kouran epistemolojik yo antre ladan l

| <b>Pwovèb</b>   | <b>Apwòch oswa paradig epistemolojik</b> |
|---|--|
| <i>Se sentoma w ye lè w wè w kwè.</i>                             | Anpiris                                  |
| <i>Fòk ou konnen la pou ale la ?</i>                              | Anpiris                                  |
| <i>Sa w pa konnen pi gran pase w.</i>                             | Anpiris- Rasyonalis                      |
| <i>Analfabèt pa bèt.</i>  | Anpiris- Rasyonalis                      |
| <i>Bouch gran moun lan santi men pawòl nan bouch li pa santi.</i> | Anpiris- Rasyonalis                      |
| <i>Eksperyans granmoun lan se nan tèt li.</i>                     | Rasyonalis- Anpiris                      |
| <i>Se mèt kò ki veye kò.</i>                                      | Anpiris                                  |
| <i>Mache chache pa dòmi san soupe.</i>                            | Anpiris                                  |
| <i>Sa w fè se li w wè.</i>  | Anpiris                                  |
| <i>Entèl pèdi yon fèy.</i>  | Anpiris                                  |

Selon pwovèb ki nan tablo sa, mwen konprann yo tankou machin k ap transpòte teyori sou lakonesans. Yo chak kapab pran sans ki pwòp ak yo, epi veyikile yon sajès espesyal. Pa egzanzp, andedan chak grenn li pa parèt two konplike pou jwenn aklè plas enpòtan *sans* ak *eksperyans*, *lide ki grave nan lespri*, *egzistans yon reyalite*

*objektif*. Dapre pwovèb sa yo moun lan k ap fè jefò sou wout chache konnen an kapab yon sous konesans ki gen laverite nan li. Mwen jwenn tou lide ke objè etid ak sijè a makonnen nan domèn lakonesans. Pou anpil moun, pwovèb se sous vizyon di monn pou konprann epistemoloji; jan w jwenn sa souvan nan tradisyon oksidantal la, si w analize yo byen ou ka idantifye kèk tras kouran epistemik ki popilè ladan yo.

### Pwovèb ak Apwòch Anpirik (empirisme)

Pi wo a, mwen te bay yon avètisman sou fasilite anpil nan nou genyen pou kole yon grenn etikèt epistemolojik sou teyori lakonesans nan kilti ayisyen an, senpleman sou baz analiz kontni pwovèb, oswa relasyon doukla (dyalis) ki konn sanble ap taye banda ant objè n ap etidye a ak sijè a...

Pa egzanp, nou di moun « se sentoma w ye lè w wè w kwè », sitou nan ka ke moun lan refize kwè yon pawòl ke w di l nan bouch, ke li menm li pa wè ak je l oswa santi l.

« Fòk ou konnen la pou ale la », se yon fason pou n admèt ke kèlkeswa pwoblèm ou anfas li, si w pa t gen enfòmasyon solid deja sou sa, eben li pral enposib pou rezoud li kòm sa dwa.

« Sa w pa konnen pi gran pase w » se yon ideyal ki ankouraje w pou w pa janm sispann aprann konnen. Paske lakonesans pa andedan w sèlman, li deyò w sitou ak nan anviwon w. Plis w ap aprann plis w ap grandi, e pou w grandi fòk ou toujou ap chache konnen. Fòk ou eksperimante yon bagay ak sans ou pou konnen l. Sa w pa konnen pi gran pase w men sa pa vle di w sòt oswa w pa konnen anyen.

« Analfabèt pa bèt », nou remake malgre mepri ayisyen konn genyen pou moun ki pa konn li ak ekri oswa ki fè ti klas piti, li pa janm ezite rekonèt epi wete chapo devan moun yo di ki analfabèt, e ki konn rive rezoud pwoblèm ak entèlijans. Analfabèt pa bèt, nou tandè sa souvan, lè diyite moun nan dlo, epi n bezwen raple ke se pa lekòl ke moun aprann tout bagay nan lavi a. Pwovèb kreyòl sa raple prensip imilite epistemolojik ki chè nan tradisyon teyori lakonesans ann Afrik yo.

« Bouch gran moun lan santi; men, pawòl nan bouch li pa santi », se youn nan pwovèb nou souvan tandè, lè n bezwen raple enpòtans grandèt yo ak eksperyans yo charye ki ka sèvi nou pou n avanse kòm pi piti.

« Eksperyans gran moun lan se nan tèt li », pou n pa bliye ke kalte

refleksyon depann de eksperyans nou fè; sa pa depann de kapasite fizik nou; men tou, sa depann de larezon ke n ranmanse ak laj.

« Mache chache pa dòmi san soupe » – « Sa w fè se li w wè », pou n di ke pa gen meyè fason pou jwenn solisyon ak yon pwoblèm ke nan fouye zo nan kalalou, keseswa nan reflechi oswa nan aji; rezilta w gen nan menm w jodi a, se konsekans fason w te aji (pawòl ak aksyon) w ayè.

“Entèl pèdi yon fèy”, nou di pawòl sa, nan ka ke aksyon yon moun ap poze depaman ak reyalyte a. Yon fason pou n di moun lan pèdi larezon li. Sa vle di aksyon moun nan ap poze oswa pawòl l ap repete paret pa rasyonèl. Sa vle di rasyonalyte, se yon eleman endispansab nan ekilib yon kretyen vivan.

Si gen otè ki estime ke pwovèb yo, dikton yo, maksim yo ke nou jwenn nan lang moun pale, se konn sous sajès ak filozofi; se kon sa tou, genyen, tankou filozòf anpiris John Locke (1632-1704), ki te voye jete, kanal sa yo, kòm kanal fyab kote w ka tire pawòl laverite. Dayè, nan liv li a : *An Essay Concerning Human Understanding* (*Èsè sou fason moun konprann ak rezoud pwoblèm*), ki te mete van nan vwal sistèm filozofi anpiris la, li voye jete ak tout fòs li kwayans ki fè konnen ke pwovèb se prensip natirèl, ki te tou grave nan lespri nou depi n soti nan vant manman nou. Kòm egzanp, li pran timoun ansanm ak kategori moun ann Ewòp ke yo te konn rele nan tan lontan « enbesil » ak « sovaj » yo. Li pran egzanp sa yo pou l demontre ke si timoun, enbesil ak sovaj pa konnen pwovèb ke l site nan liv li a, enben, sa se yon prèv ke prensip sa yo pa natirèl epi yo pa jwenn akò ki vreman inivèsèl sou baz rezònman. Nan lespri Locke, sèl fason moun kapab ranmase lakonesans se sou baz eksperyans. Ak pozisyon sa a, deja an nou imajine kompleksite kesyon pou n ta koupe an moso epistemoloji ayisyen an, sèlman sou baz sa kèk pwovèb yo esplike. Paskè nan denye ka sa a, bagay la mongonmen pou n ta pale de epistemoloji ayisyen kòm yon filozofi anpiris sèlman; oswa yon konesans anpirik ki swadizan koupe fache ak rezònman? Ban m kontinye fouye pou m wè nan ki enpas yon konklizyon kon sa kapab lage nou si n ta deside redwi epistemoloji ayisyen ak anpiris pou kont li sèlman, san konsidere, enpòtans yon tip apwòch olistik epi tout lòt mòd kognitif ak sous valid pou chache lakonesans ke epistemoloji afriken ofri nou.

## Kisa ki apwòch anpirik?

Se yon teyori filozofik ki deklare ke konesans moun genyen soti dirèkteman e sèlman de eksperyans ou fè ak senk (5) sans ou. Antan ke branch nan epistemoloji, li pa chita sou ensten/entwisyon. Tout konesans li bay valè se sa ke w wè, tandè, santi, manyen elt... Lekòl sou panse sa a bay enpresyon ke l pa kwè nan rezònman *apriori* (dediksyon) pou ranmase ak analize lakonesans. Se nan konesans *aposteriori* (endiksyon) bay li kwè. Selon otè k ap bay filozofi sa a jarèt, tout konsèp, tout konesans epi tout jeneralite syantifik kapab redwi ak sa yo rele sansasyon ak pèsepsyon. Sofis<sup>3</sup> Grèk yo te deklare nan sans sa a : « L’homme est la mesure de toute chose ». Epi filozòf John Locke, yon potirik gason nan lekòl panse sa, konsidere lespri moun tankou yon “Tabula rasa” (Locke, 1690), sa vle di ki vini nan monn lan vid nèt san ankenn lide ladan. Anpiris tradisyonèl yo ensiste anpil pou di ke eksperyans nou fè ak sans nou se premye gid ki ka pèmèt nou konprann monn ki viwonnen nou an. Se sèl metòd ak kondisyon ki ka pèmèt ou konnen epi dekouvri laverite. Si yon opinyon oswa yon jijman pa chita sou prèv eksperyans ba w, ou sipoze konsidere l tankou yon bagay ensèten, swa ki pa veridik oswa ki se yon sipèstisyon (Hossain, 2014).

Ban m fè ti rete sou dènye pawòl sa ki raple m kritik ke rasyonnalite afriken an, ki bay epistemoloji ayisyen koulè l, sibi anpil anba plim syantifik oksidantal neyokolonyalis yo. Nan tradisyon kilti ayisyen an, ki bati sou chantye vizyon olistik afriken an, sous sinatirèl ak paranòmalyal mache men nan men ak vwa lazezou sou wout chache konnen. Alòs, èske se pa krache sou divèsite epistemoloji ayisyen an ofri nou, si n ta deklare ak awogans ke li se senpleman yon epistemoloji anpiris? Èske pale de epistemoloji ayisyen sou fòm de konesans anpirik, se pa yon bonèt twò jis, alamòd oksidantal, nou vle taye mete nan tèt li? Èske se pa yon prèv vyolans epistemik ke pèspektiv pèp ki pa oksidantal yo ap sibi depi senk (5) syèk (Ani, 2013)? San ezite m ap reponn wi, paske nan fason Hossain (2014) esplike a, lekòl panse anpiris jan otè oksidanto yo te aprann nou li a, pa sèlman ka pote benefis; men, li lage nou nan tchouboum eskizofreni entèlèktyèl, pou jan li separe monn lan an de (2) moso : 1) sijè a ki la pou l pèsevwa (wè, tandè, santi, gouste, touche), epi 2) objè

3. Filozòf ki t ap viv nan menm peryòd ak gwo filozòf Sokrat ki te konn pale ak fè rezònman, e ki te konn vann ansèyman filozofik yo pou kòb.

a ki la pou sijè a pèsevwa (dekouvri). Nan ka sa a, mwen gen dout ke filozofi anpiris pou kont li, san maryaj ak lòt filozofi, ka bay mwayen fyab pou n dekouvi konesans ki valid, paske l pa rekonèt relasyon dyalektik ki egziste ant eleman objektif ak sibjektif sou wout chache konnen.

### Afwosantrinite, pansè antikolonyalis, revolisyon ayisyen nan 1791 : pansè filozofi politik?

N'Sengha (2005) te ekri li nan analiz li fè sou teyori lakonesans kay afriken an, lè l presize ke travay refleksyon kritik nan kominote syantifik afwodesandan yo, sou loksidan ak tout epistemoloji yo, se yon pati enpòtan nan epistemoloji afriken an. Mwen genyen anpil rezon pou mwen ta deklare ke premye teyorisyen ak teyorisyon paradigman afwosantrinite, pansè antikolonyalis yo e menm ideyal demokratik sou libète ak egalite rasyal k ap banbale nan le monn lan sèjousi, se te aktè ak aktris ki te fè revolisyon an 1791, pou yo soti nan esklavaj sou tè d Ayiti (Zile Sendomeng).

Premye refleksyon teyorik paradigman (kouran) afwosantrinite ak antikolonyalis te deja ap manifeste nan lide ak aksyon zansèt afriken nou yo, ke ewopeyen yo te kidnape soti ann Afrik vin foute nan lesklavaj nan Amerik ansanm ak amerendyen yo. Paske selon sa listwa rapòte, se te nan relijyon Vodou a, ki se yon eritaj kiltirèl afriken, ke endijèn sa yo te konn pwize sous enspirasyon, pou reziste mati yo t ap sibi, epi defye sistèm pezesouse yo te anba li a nan Zile Sendomeng (Hurbon, 1975). Youn nan definisyon Asante ak Mazama (2005) pwopoze nou de konsèp afwosantrinite a, se ke se pa yon bit rayisans kont ewopeyen; men, se sitou yon mwayen pou pèmèt pitit lafrik tou patou sou latè, fè jefò chache konprann sa k ap pase nan monn lan apati de pwenn d vi pa yo tou. Sa se yon fason pou yo te goumen kont ideyoloji ejemonik ak enperyalis ki te vle fè kwè tout sa k gen awè ak Ewòp se bon bagay santi bon; ke se sèlman lide ki soti sou kontinan Lewòp ki valab epi ki se modèl inivèsèl pou nou aji ak pansè.

Revolisyon ayisyen an vin leve rido sou tout kontradiksyon sa yo ke nou ka idantifye depi peryòd *Siècle des Lumières* nan Lafrans (syèk moun eklere, oswa ki gen limyè).

Nan 18yèm syèk, lesklavaj te tounen yon foto sistèm filozofi politik kilti oksidantal la. *Libète*, ki parèt yon konsèp ki reprezante antitèz lesklavaj te reprezante nan je pansè eklere yo tankou pi gwo valè

politik inivèsèl, kidonk ki ta sipoze pou tout moun. Sepandan, nan tèks ke filozòf sa yo te ekri, menm si yo te konn montre yo estomake devan pratik esklavajis la, nan reyalite teren an yo pa t bay sitiyasyon esklav yo regle anyen pou yo. Se vre abolisyon lesklavaj te ka parèt tankou yon pasaj oblije ke ideyal libète kòm valè inivèsèl ta pra l akouche. An tou ka, se pa t ak lide ni aksyon revolisyonè nan Lafrans nan peryòd sa a ki te bay esklav yo libète. Se jisteman zèv esklav sa yo menm ki te bay tèt yo libète. Zile Sendomeng, youn nan koloni ki te pi rich nan monn lan, se te la menm kalte revolisyon sa te pran chè. An 1791, demi milyon esklav ak zam kaba lame fransèz epi fòse yo (*Komisè Sonthonax ak Polverel*) rekonèt abolisyon lesklavaj. Sa se pa yon liberasyon pou *perle des antilles* sèlman; men yo te fè l layite nan tout rès koloni franse nan monn. Yon lame ke Toussaint Louverture te alatèt li, te rive genyen lame angle tou, epi bay mouvman abolisyonis la jarèt nan peyi Angletè, kote yo te oblije fè yon kanpe sou kòmès negriye a an 1807. Men avan, an 1801, Toussaint Louverture, yon ansyen esklav, ki vin tounen gouvènè Sendomeng te ekri yon konstitisyon pou koloni a, ki se youn nan premye fòm dokiman kon sa sou tè-a, ki sanble trase wout pou sistèm demokrasi ak egalite rasyal, epi defni ki sa k sitwayènte (Buck-Morss, 2000; Tavarès, 2006).

Yon siy ke malgre tout maspinay ki t ap fèt sou lespri ak kraze zo nèg ak nègès sa yo depi plizyè jenerasyon nan lakou Sendomeng; rasyonnalite (larezon) yo te soti ak li ann Afrik la, ki te pèmèt abitan sou kontinan sa envante epi pratike lasyans te rete ankè (Asante & Abarry, 1996; Diop, 1981). Èske revolisyon ayisyèn sa a, se pa ta rezilta tou yon makònay byen sere, yon kalibray san fay ant yon latriye zouti kognitif (sinatirèl, natirèl, paranòm), filozofi olistik imanis epistemoloji afriken an ofri a, nan kokennchenn zak rezistans ak revòl ki rive ranvèse yon lòd mondyal ki te gen tout machin sistèm politik ak ekonomik epòk la yo anba men yo?

Nan ankadre ki pral vini an ki prezante yon lèt orijinal an Franse chèf Nèg ak Nègès ki te revolte nan Mwa Jiyè 1792 te voye bay Asanble Jeneral nan Metwopòl Lafrans, nou ka jwenn yon apèsi de ki sa k t ap bouyi nan tèt aktè ak aktris revolisyon ayisyen an.

Ankadre 1 : *Lettre originale des chefs des Nègres révoltés, à l'assemblée générale, aux commissaires nationaux et aux citoyens de la partie française de Saint-Domingue du mois de juillet 1792*

Messieurs, ceux qui ont l'honneur de vous présenter ces Mémoire est une classe d'hommes que vous avez jusqu'à présent méconnus pour vos semblables, et que vous avez couvert d'opprobre en les accablant de toute lignominie attaché à leur malheureux sort, ce sont des hommes qui ne savent choisir les grands mots mais qui vont vous montre ce et à toute la terre la justice de leur cause; enfin ce sont ceux que vous appelez vos esclaves et qui réclament les droits que toute hommes peut prétendre.

Trop long-tems Messieurs par un abus qu'on ne peut que trop accuser d'avoir lieu par notte peu d'entendement et notte egnorance depuis long-tems dis-je nous avont été les victimes de votte cupidité et de votte avarice, sous vos coups de fouet barbare nous vous accumulions les trésors, dont vous jouissiez dans cette Colonies, l'espèce humaine souffrait de voir avec qu'elle barbaries vous traitiés ces hommes comme vous oui des hommes et sur qui vous n'avez d'autre droit que celui du plus fort et du plus barbare de nous vous en faisiez un traficque vous vendiez des hommes pour des cheveaux et c'est encore le moindre de vous forfaits aux yeux de l'humanité, notre vie ne dépendoit que de vos caprices, et quant il s'agissent de vous recréer cetait sur un homme commes vous qui bien souvent n'avait d'autre crime que celui d'être sous vos ordres.

Nous sommes noirs, il est vrait mais detes nous Messieurs vous qui êtes si judicieux qu'el est cette loy qui dit que l'hommes noirs doit appartenir et être une propriété à l'homme blancs certainement que vous ne pourrez pas nous la faire voir ou si elle existe ce n'est que dans votte imagination toujours prête a en former de nouvelles des lors que c'est à votte avantage, oui Messieurs nous sommes nés libre comme vous, et ce n'est que par votre avarice et notre ignorance qui est tenu dans l'esclavage jusqu'à ce jour, et nous ne pouvons voir ni trouver le droit que vous prétendez avoir sur nous, ni rien qui puisse nous le prouver placé sur la terre comme vous étant tous enfans d'un même perre créé sur une même image nous sommes donc vos égaux en droit naturel et si la nature se plait a diversifier les couleurs dans l'espèce humain il n'est pas un crime detre noir ni une avantage detre blanc et s'il y a quelques annés qu'existoient des abus dans la Colonies, cetoit avant qu'une heureuse révolution qui a eu lieu dans la Mere Patries et qui nous a frayé le chemin que notre courage et nos travaux sauront nous faire gravir pour arriver au temple de la Liberté comme ces braves Français qui sont nos modèles, et que tou lunivers contemple, trop long-tems nous avons porté nos chaînes sans penser à les secour, mais toute autorité qui n'est pas fondé sur la vertu et sur l'humanité et qui ne tent qu'a assujettir a l'esclavage celui qui est son semblable, doit avoir une fin et telle est la votre vous Messieurs qui prétendez nous assujettir a l'esclavage n'avez vous pas, jurer de maintenir la constitution française dont vous êtes membres et que ait elle c'ette respectable constitution et quelle est sa loix fondamentale, avez vous oublié que vous avez formellement jurée la déclaration des droits de V hommes qui dit que les hommes

naissent libres et égaux en droit et que les droits naturels sont la liberté, la propriété la sûreté et la résistance a l'oppression, si donc comme vous ne pouvez le nier vous avez juré nous sommes dans nos droits et vous devez vous reconnoitre parjure et par vos décrets vous reconnaissez que toute homme est libre, et vous voulez maintenir la servitude pour quatre cens quatrevingt mille individus qui vous font jouir de tout ce que vous possédez vous nous offret par vos envoyés de nous donner la liberté aux chef c'est encore une de vos maximes en politiques c'est à dire que ceux qui nous aurait été de moitié dans nos travaux serait livré par nous pour êtres vos victimes non nous préférons la mort mille fois que dagir de cette sorte vis à vis de nos semblables et si vous voulez nous accorder des biens faits qui nous est due il faut qu'il rejaillissent sur tous nos frères.

Vous Messieurs de l'Assemblé Général en qui le sort de cette Colonies est confié, il est encore temps de la preserver de sa destruction totale, reflechisset a ce mémoire peset vos intérêt, et apprenet que nous saurons mourir si vous persister à nous refuser ce qui nous et nos semblables demande.

Vous Monsieur le Commissaire Nationale vous qui êtes venu dans cette Colonie pour pacifier les troubles, et qui êtes envoyé par la Nation et le Roi, vous avez été témoin des débats qui a eu lieu à l'Assemblée Nationale pour la liberté de l'homme, remplissez vos devoirs et soyet juste à l'égard de tous les hommes, ils sont également chers à l'humanité qui fait la base de vos principes.

Vous Citoyens de la Colonie en général ne voyet plus en 1' hommes noir qu'un de vos frères ne lui refuset pas ce titre d'hommes qui lui appartient et soyet juste envers lui alors vous verrez la prospérité régné dans cette Contré, alors vous jouiret de vos revenus vous serez chez vous ils vous aimera comme son père et son bienfaiteurs.

Vous Citoyens de Couleurs en particulier n'oubliez jamais que si vous tenez ce titre respectable ce n'est que par le travail des hommes que vous voulez égorgé souvenet vous qu'ils sont vos frères vos parens et que leur sang coule dans vos vaines souvenet vous dis-je que un de vos braves Frères fut victime pour vous, et qu'il y eut nombre d'autres sacrifiés par vos ennemis, n'oubliet pas sur-tout qu'Ogé est mort victime de la liberté et souvenet vous qu'on fit le sermen dans l'exécrable Assemblé Provincial de verser jusqua la dernière goutte de sang plutôt que de permettre l'exécution du décret du 15 mai, en votre faveur.

Et vous qui avez traversé mères pour combattre des hommes qui veulent reclamer leur droit c'est à dire ceux qui leur appartient et que vous avet vous même jurer de faire observer avez vous oubliez tous vos travaux pour parvenir à l'égalité avez vous oublié que si vous aviet succombé, ce que vous auriez souffert vous êtes victorieux vous êtes parvenu au but que vous cherchiez a atteindre et bien patriote français penset en vous que ceux que vous voulez combattre soutiendront jusqu'au moment où

leur droit leur seront accordet, et qu'il préfère vivre libre que de vivres esclaves.

Messieurs vous avet vu en peu de mots notre façon de pensé elle est général et c'est après avoir consulté tous ceux à qui nous sommes liés pour une même cause que nous vous présentons nos demandes, que voici.

Premièrement la liberté général de tous les hommes détenus dans l'esclavage.

Deuxièmement amnistie général pour le passé.

Troisièmement la garantie de ses articles par le gouvernement Espagnol.

Quatrièmement les trois articles ci-dessus sont la base et les seul moyen de pouvoir avoir une paix qui soit respectable pour les deux partis sauf après l'acceptation qui sera faite au nom de la Colonies et approuvé de M. le Lieutenant Général et des commissaires nationaux civils de la présenté au roi et à l'assemblée nationale si comme nous le desirons les articles ci dessus soient accepté.

Nous nous obligeons à ce qui suit savoir premièrement de mettre bas les armes, deuxièmement de rentrer chacun dans l'habitation ou il appartenait et d'y reprendre ses travaux moyennant un prix qui sera fixé par anné pour chaque cultivateur qui commencera a courir du tems qui sera fixé.

Voilà Messieurs la demande.

Voilà Messieurs la demande des hommes qui sont vos semblables et voila leur Dernier résolution et qu'il sont résolu de vivre libres ou de mourir.

Nous avons l'honneur d'être Messieurs, vos très-humble et obéissant serviteur,

Signés, Biassou, Jean-François et Belair.

Sous : Piquionne (1998)

Pozisyon anti-kolonyalis nan epistemoloji ayisyen an kontinye blayi kò l nan limanite depi apre revolisyon sa a; men, sou lòt fom, sitou nan domèn syans moun ak literè, pou dekolonizasyon epistemik, patikilyèman nan zèv gwo pansè kontanporen soti sou : 1) Jacques Stephen Alexis (Reyalis mèveye), 2) Antênor Firmin (Antwopoloji pozitif); 3) Jean Price-Mars (Endijenis); 4) Louis Mars (Etnosikyatri); 5) Suzanne Cormharie-Sylvain (Antwopoloji Feminis

Afwosantris)<sup>4</sup>; 6) Felix Morisseau-Leroy (Renesans Kreyòl); 7) epi Serge Madhère (epistemoloji peristilistik).

### Yon tantativ definisyon sou epistemoloji ayisyen

Selon analiz m sot fè nan premye liy yo, m kapab di ke epistemoloji ayisyen se yon teyori ke tout moun ki benyen nan kilti peyi d Ayiti genyen sou nati lakonesans; sou chemen yo ka itilize pou ranmase lakonesans; nan ki kondisyon yo konn evalye validite lakonesans; ki rezon ki fè yo pran wout chache konnen; epi ki wòl yo panse lakonesans jwe nan egzistans moun an jeneral.

Nan lide pa m, epistemoloji afriken/epistemoloji endijèn se premye matris kote epistemoloji ayisyen an pran sous li. Se yon epistemoloji kote mwayen sinatirèl (divinasyon ak revelasyon), natirèl (entuisyon ak larezon) ak paranòm (klèvwayans ak telepati), menm jan ak tradisyon oral yo reprezante sous valab pou dekouvri konesans.

Se yon teyori lakonesans ki bay anpil enpòtans ak entèdepandans/entèkoneksyon. Apwòch olistik sa pa fè separasyon ant sijè a (ajan kognitif la) ak objè l ap konnen an; li pa nan dozado ant kò ak lespri, ni ant lasyans ak relijyon, ni ant larezon ak santiman, ni ant pwofan ak sakre, ni ant maskilen ak feminen. Sou pwèn maskilen ak feminen an, epistemoloji ayisyen an raple nou yon epistemoloji feminis. Anplis, menm jan epistemoloji ayisyen an sanble tèt koupe ak kouran panse yo rele anpiris lan ki soti nan epistemoloji oksidantal la, nan jan ayisyen bay eksperyans moun fè anpil enpòtans; men dapre kèk evenman istorik ki te rive nan fen 19yèm syèk sou tè d Ayiti, nou reyalize a klè ke, aktivite yo rele rasyonalizasyon an genyen fondasyon li nan panse pèp sa byen fon.

Pa egzansp se sou tè d Ayiti, kèk valè yo di k inivèsèl tankou « libète ak egalite » nan sistèm demokrasi rive pran tout sans li nan kad revòl gason ak fanm yo te mete nan lesklavaj yo. Larivyè lannmou sa ke pèp ayisyen genyen pou libète ak egalite nan lespri pa m kapab esplikè tou pou ki sa, pa rete anpil espas pou dogmatis (*dogmatisme*) nan fonksyonman sosyete ak panse ayisyen. Se kòm si, pwoblematik ki poze nan epistemoloji oksidantal la tankou : obligasyon pou ajan kognitif la demontre ke konesans li jwenn lan se laverite, epi san paradòks la pa sanble konsène epistemoloji ayisyen an.

Selon sa James McClellan III (2010) rapòte nan istorik li fè sou

4. Remak pèsoneèl.

kòkòday ant kolonyalis ak lasyans sou ansyen rejim, lè Ayiti te « La perle des Antilles »; kolon ewopeyen yo te kreye yon sosyete savant ki te gen renome entènasyonal epi ki t ap pouse gwo rechèch ak piblikasyon monte nan domèn sante ak syans natirèl pou fè machin kolonyal la mache; sosyete syantifik sa te rele : « Le cercle des Philadelphes ». Men dapre sa otè a dekouvri nan moman sa kolonizatè yo pat janm panse fonde yon inivèsite nan koloni an, malgre sete yon konsèp ki te gentan alamòd lakay yo ak nan kèk peyi afriken depi plizyè syèk

Lajounen jodi, ann Ayiti tout moun gen dwa gen opinyon sou tout bagay. Se yon sosyete kote w ka tandè plizyè vwa ap pale ansanm. Tout metòd sanble valab pou pwodui konesans ki laverite. Pa genyen yon sèl otorite devan lakonesans. Pa egzans, inivèsite ak inivèsite yo pa vreman gen lavwa ochapit nan zafè k regade fonksyonman ak devlopman sosyete ayisyen an. M poko konnen eske se akòz kolon yo pat montre n enpòtans enstitisyon sa pou pwodiksyon lakonesans oswa se paske genyen de (2) epistemoloji (vizyon di monn) kap twoke kònn yo : afriken/endijèn ak ewopeyen nan peyi a depi tan lakoni? Depi apre lendepandans, tout kesyon sosyal oswa ki ijan pou devlopman nasyon an se nan literati (woman ak pwezi) yap analize yo e se yon bagay ki nòmal nan je tout ayisyen ak ayisyèn.

Alèkile, lè m konsidere tout sa m sot esplike piwo a sou epistemoloji ayisyèn an : plas pliralite nan metòd ayisyen/ayisyèn itilize pou chache konnen; lefèt ke pa gen dògmatis epi ni yon grenn lwa jeneral kap gouvène nan panse pèp sila; m ap mande tèt mwen kijan teyori anachis sou lakonesans (Feyerabend, 1979) te kapab ede m konprann epistemoloji sa lajounen jodi? Men m jan tou, m ap poze kesyon si se pa yon epistemoloji ki rive nan yon kafou kote li oblije konstwi tèt li pou pèmèt lasyans ak tout nasyon an alawonbadè rive pran yon lòt direksyon?

### Sou pratik syans sikoloji ann Ayiti nan 21 inyèm syèk la

Ak fenomèn kolonyalis, esklavajis epi neyokolonyalis ki tabli kò l sou linmanite depi senk syèk, modèl panse mèt-esklav vin tounen nòm inivèsèl pou defini gwoup moun yo t ap eksplwate yo, epi tout lide ak konpòtman ki gen rapò ak Lafrik. Nan sans sa a, panse ayisyen an pa egzante. Ata menm lasyans, sitou filozòf syans moun (Emmanuel Kant, David Hume, Claude Levy-Bruhl, pou m site sa yo sèlman) gen men tranpe nan fè maspinay sou panse ak kilti pèp

afwodesandan yo. Se te menmman parèyman nan sikoloji, ak tout sa k konsène sante mantal (Ani, 2013; Nobles, 1986).

Se pou rezon sa depi kèk tan, anpil gran pansè afwodesandan atire atansyon kominote syantifik la sou difikilte oswa echèk sikoloji ki san tre sou loksidan an pou l panse sou moun ki gen eritaj kiltirèl afriken epi pou l bay lespri yo laswenyay yo bezwen. Otè yo plenyen de malè ki pandye sou tèt nou, lè espesyalis oksidantal chita lakay yo epi bati sistèm nozolojik (etid kritè pou defini maladi) epi itilize yo pou kole etikèt malad mantal ki bezwen tretman alòs ke se biznis ideyoloji ejemonik kolonyal k ap regle (Hickling & Hutchinson, 2000).

Sikyati ayisyen Louis-Mars (1906-2000), pitit teyorisyen kouran endijenis ak pyonye syans etnoloji ann Ayiti, te suiv tras papa l (Jean Price-Mars) nan sans sa a. Ak entèrè l pou Vodou epi mouvman dekolonizasyon, li deside envante yon konsèp ki rele *Etnosikyatri* (ethnopsychiatrie). Dapre li, se pa paske yon pèp pa gen tradisyon ekri ki byen kanpe ki pou ta fè pèp sa a pa gen konesans. Etnosikyatri se pitit syans sikyatri ki gen marasa l nan tout kilti kote gen moun (Mars, 1951; Raphael, 2010). Nan Amerik di Nò, otè afwodesandan yo deside goumen nan menm lanse paradigm afwozantrik, anti-kolonyal la pou pèmèt eritaj afriken nan pratik syans sikoloji jwenn plas li bò tab la nan fason n ap konseptyalize epi trete tout sa k gen rapò ak fenomèn lespri epi konpòtman moun, sitou sa k gen orijin kiltirèl afriken (Nobles, 1986).

Dapre obsèvasyon ke m fè, e sou baz sa m konnen, li ra, sinon li menm enposib pou jwenn nan kourikoulòm kote y ap anseye sikoloji ann Ayiti, yon kou apa ki entwodui etidyan ak etidyan yo, oswa pèmèt yo espesyalize nan apwòch ki rele etnosikyatri ki te wè jou nan tèt yon ayisyen (Mars, 1951); men ke yon espesyalis Georges Devereux<sup>5</sup> (1908-1985) deside difize lakay li anfrans kote l pase pou fondatè paradigm lan.

Wade Nobles, yon sikològ sosyal afwoameriken, nan liv li ekri sou sikoloji afriken (1986), rapòte yon lis non ke etidyan ak etidyan ayisyen k ap resevwa fòmasyon nan inivèsite Ayiti, ap etidye tankou gwo pansè, poutan ki te patisipe ak travay yo nan ranfòse lide rasis ke moun ki gen koulè po fonce t ap sibi anba men ewodesandan. Nou vle pale de : Carl Gustave Jung (Sikanaliz), Francis Galton (Sikoloji entèlijans), Edward L.Thorndike (kouran beavyoris), Stanley G. Hall

5. [http://www.ethnopsychiatrie.net/Pratiquer\\_l'ethnopsychiatri.htm](http://www.ethnopsychiatrie.net/Pratiquer_l'ethnopsychiatri.htm)

(Sikoloji devlopman moun), Mac Dougal (Sikoloji sosyal). Nou te ka ajoute toujou nan lis sa, anpil lòt syantifik syans moun ki trè popilè ke entèlèktyèl ayisyen renmen site, ki te dekri tout pèp ki gen kilti ki depaman ak ewodesandan, tankou èt ki enferyè nan zafè entèlijans ak emosyon/santiman. Ipotèz sou enferyorite mantal moun nwa oswa afwodesandan sa a, se souvan ak tèz sikolojik, sitou sa k evalye entèlijans oswa kapasite entèlèktyèl ki debouche sou Kosyan Entèlèktyèl (Quotient Intellectuel) yo konn eseye konfime yo (Madhère, 1989; Nobles, 1986).


Nan sans sa a, nou panse ke syans sikoloji ann Ayiti dwe kite bèso ti bebe l ap dodo mea ladan an, epi sispann rete chita tann ke se espesyalis ki soti lòtbòdlo ki pou vin ba li otorizasyon pou louvri je l sou ijans ak enpòtans :

- Tip apwòch olistik ke epistemoloji afriken/endijèn ofri kòm premye remèd kont eskizofreni entèlèktyèl;
- Adaptasyon teyori sikolojik yo epi kreyasyon/validasyon zouti evalyasyon yo selon reyalyite kiltirèl ayisyen an jan Cenat ak Derivois kòmanse fè l nan validasyon tradiksyon Kreyòl kèk zouti nan domèn sikopatoloji (2014, 2015);
- Itilize epi edike popilasyon an sou lamàn kèk pwodwi kiltirèl ayisyen :
  - Lang Kreyòl pou avantaj li kòm lang matènèl nan aprantisaj an jeneral;
  - Diferan mòd jwèt (teke mab, woule sèk, monte kap, wòslè, vèvè) pou ansèyman matematik ak matyè syantifik (Madhère, 1992, 2012); epi pou mete kanpe pwogram tretman ak estimilasyon kognitif ki ka ede konbat baboukèt nan lespri elèv lekòl ak tout lòt ajan kognitif k ap evolye ann Ayiti (Blanc, 2016).

Mwen konnen ke nan kou sikometri (evalyasyon sikolojik) ke yo anseye nan depatman sikoloji Ayiti yo, yo toujou avèti pwofesyonèl ki pral itilize enstriman y ap etidye yo, ke tèz sa yo nan kòkòday ak lakilti, pwen d vi espesyalis ki envante yo a (Madhère, 1989; Sternberg & Gringorenko, 2004). Selon sa m konnen, depi goudoudougou 2010, anpil bèl jefò fèt, nan òganizasyon evènman ak piblikasyon syantifik sou konsekans sikolojik ak sikopatolojik evenman twomatojèn sa a (pou yon envantè piblikasyon sa yo, nou

ka refere nou ak tèks : Blanc, 2015). Men, li enposib pou n ta jwenn yon tès (zouti sikometrik) ki pou evalye entèlijans timoun ak gran moun nan peyi a e ki pa enpòte. Tout se toujou zouti ki te elabore ak pwodui kiltirèl ansyen pwisans kolonyal yo, souvan ke yo kenbe nan vèsyon angle (Wechsler, 2014) oswa franse pou travay ak popilasyon ayisyen an, yon pèp afwokarayibeyen ki pale plis kreyòl. Alòs ke youn nan kondisyon estanda (san pati pri) pou administre yon zouti kon sa fòk li vini nan lang sa a ke moun lan pale alèz. M ap raple ke kapasite vèbal (konprann, pale, vokabilè, konseptyalizasyon) nan tradisyon oksidantal la, se youn nan konpozant entèlijans, menm jan ak sa yo rele vitès w ap sèvi ak enfòmasyon anviwònman w ba w pou reyaji (vitesse de traitement de l'information) (Wechsler, 2014; Sparov & Davis, 2000), poutan nan kilti ayisyen an nou toujou gen tan devan nou pou n regle tout bagay. Lekòl pa fòse timoun travay vit lakay nou. Dayè langaj popilè a fè diferans ant « lè blan ak lè ayisyen ». Epi nou jwenn konesans jeneral tou ki se yon konpozant kèk tès sa yo evalye ak konesans moun lan de dat istorik, domèn konesans epi kèk moniman nasyonal, elt (Wechsler, 2014). Enstriman sa yo pa ko janm pase nan paswa etid syantifik, ki demontre ke yo adapte (valid) nan kontèks sosyokiltirèl ayisyen an epi respekte estanda yo, jan yo te tabli l nan tradisyon oksidantal la ki ekspòte tès sa yo.

Sou kesyon sa a, gen travay espesyalis ayisyen, Doktè Serge Madhère, nan evalyasyon sikolojik depi plizyè dizèn lane. Madhère marye epistemoloji jenetik, kouran sosyo-konstriktivis (*socio-constructivisme*) ak konsèp *epistemoloji peristilistik* ki simante sou *silo kiltirèl ayisyen*. Kalte travay sa yo merite anpil atansyon ann Ayiti. Selon Madhère (2014), « apwòch epistemik peristilistik la vize pou wete baryè epi degaje pasaj toutotou konesans natirèl pou pèmèt chak moun, ki nòmalman dispoze, kòmanse dekouvri konesans ak sans, depi nan matris silo kiltirèl Ayiti a, jouk li rive aprann konprann chanjman (dinamik) nan lavi nou, alantou nou, ak listwa nou kòm moun ». Atravè plizyè piblikasyon ak kominikasyon syantifik, otè a mete anpil aksan sou nesite pou yon lòt redefnisyon de nosyon entèlijans lan, ki ka pèmèt nou konsidere nan tout dimansyon yo reyalyte sosyokiltirèl timoun k ap grandi nan kominote afwodesandan yo, tankou lakay nou (Madhère, 1989, 1992, 2012, 2014).



Sous : Madhère (2014)

## Dènnye pawòl

Sa w pa konnen pi gran pase w... Men se mèt kò ki veye kò!

Si genyen yon reyalite sijè a pa metrize, ki egziste pa deyò; men li ka fè konfyans ak enfòmasyon sans li, ba li sou tèt li (kò ak lespri); paske pa gen moun ki ka konnen l epi pran swen tèt li pi byen ke pwòp li menm.

Mwen sot fè rale mennen vini sou konsèp teyori lakonesans ak lasyans, ke yo rele « epistemoloji ». Li difisil pou jwenn nasyonalite premye moun ki reflechi sou nosyon sa a, menm si gen otè ki fè kwè ke se yon ewopeyen ki te premye itilize neyolojis lan nan 19yèm syèk. Paske dapre virewon mwen fè nan dokiman sa yo ki deja disponib, m remake pa gen epistemoloji jeneral san epistemoloji rejyonal. Yon epistemoloji se pitit yon analiz ke chak pèp sou latè oswa yon syans akouche. Adjektif *ayisyen* apre konsèp *epistemoloji* a, nan fason mwen sot itilize l la, pa gen anyen awè ak kesyon jenetik. Men, sa mande pou n konsidere jeyografi nou, ansanm ak la kilti epi evènman istorik ki te rive nan lavi nasyon nou. Se tout faktè sa yo ki enfluyans konpreyansyon ak espikasyon nou sou monn ki viwonnen nou an, epi sou kompleksite kondisyon nou sou latè. Etandone ke ayisyen fè pati kòt fanmi Homo Sapiens, teyori nou devlope sou lakonesans gen trè ak fason lòt pèp sou planèt la wè kesyon an tou.

Apre tout sa nou sot pale sou relasyon ant epistemoloji ayisyen ak

epistemoloji afriken ki bay tout modalite kognitif nan wout chache konnen valè (sinatirèl, natirèl, paranòm); Èske nou ka krache sou itilite operasyonalizasyon modèl teyorik yo pou n devlope nouvo zouti, esplike pi byen reyalye nou epi pwopoze solisyon ki adapte ak pwoblèm kominote nou menm jan sa fèt nan tradisyon oksidantal la sitou nan sak regade pratik syans sikoloji? Repons ak kesyon sa pral depann de ki kote nou plase nan deba epistemolojik ki divize syantifik ki kwè nan jistifikasyon entènalis lakonesans (sou kont ajan kognitif la); ak sa k ta sanble plis rapwoche de pozisyon ekstènalis neyopozitivis (neo-positivisme) ki prefere konesans ki lokalize nan kontèks sosyal la e ki pase pa eksperyans senk (5) sans nou ban nou ak tout siyal nou kapte nan anvivonman nou (Ogungbure, 2013).

### Referans

- Ani, N.C. (2013). Appraisal of African Epistemology in the Global System. *Alternation* 20,1 (2013) 295 – 320 ISSN 1023-1757
- Asante, M. & Mazama, A. (2005). *Encyclopedia of Black Studies*. London : Sage Publications. [http://www.mawelulu.net/downloads/encyclopedia of black studies.pdf](http://www.mawelulu.net/downloads/encyclopedia%20of%20black%20studies.pdf)
- Asante, M. & Abarry, A.S. (1996). *African Intellectual Heritage*. Philadelphia : University Press.
- Asante, M. (1996). The principal issues in Afrocentric Inquiry. In Asante M. & Abarry, A.S. *African Intellectual Heritage* (p. 256-281). Philadelphia : University Press.
- Bachelard, G. (1980). *Epistemologie* (3<sup>e</sup> eds). Paris : Les presses Universitaires de France.
- Beauvoir, M. (2006). Herbs, and Energy : the holistic medical system of the Haitian people. In Bellegarde-Smith, P. & Michel, C. (113-133) (Dir). *Haitian Vodou*. Bloomington/Indianapolis : University Press.
- Blanc, J. (2016). Et si la psychologie cognitive pouvait casser le mythe que le Kreyòl n'est pas une langue scientifique? In Piron, F., Regulus, S. & Dibounje Madiba, M.S. (dir). *Justice cognitive, libre accès et savoirs locaux*. (p. 249-264). Québec : Éditions science et bien commun.
- Blanc, J. (2015). *Evènement sismique de 2010 en Haïti et psychopathologies : facteurs de risques pré, péri et post-traumatiques*. Thèse de doctorat de Psychologie. Université de Paris 13.

Browaeyns, M.J (2004). *Complexity of epistemology : Theory of knowledge or philosophy of science?* Fourth Annual Meeting of the European Chaos and Complexity in Organisations Network (ECCON), 22-23 October 2004, Driebergen, NL.

Buck-Morss, S. (2000). Hegel and Haiti. *Critical Inquiry*, Vol. 26, No. 4. (Summer, 2000), pp. 821-865.

Cenat, J.M. & Derivois, D. (2015). Psychometric properties of the Creole Haitian version of the Resilience Scale amongst child and adolescent survivors of the 2010 earthquake. *Comparative Psychiatry*. Nov, Volume 63, Pages 96-104(2) : 388-95. doi : 10.1016/j.comppsy.2013.09.008

Cenat, J.M. & Derivois, D. (2014). Assessment of prevalence and determinants of posttraumatic stress disorder and depression symptoms in adults survivors of earthquake in Haiti after 30 months . *J Affect Disord*. Apr;159 : 111-7. doi : 10.1016/j.jad.2014.02.025.

Crosley, R. (2000). *The Vodou quantum leap. Alternate realities, power, and mysticism*. Saint-Paul, Minnesota : Llewellyn Publications.

Descartes, R. (1637). *Discours de la Méthode*. Paris : GF Flammarion.

Diop, C. A. (1981). *Civilisation ou barbarie*. Paris : Présence africaine.

Feyerabend, P. (1979). *Contre la Méthode*. Paris : Éditions du Seuil.

Hickling, F.W. & Hutchinson, G. (2000). Post-colonialism and mental health : Understanding the roast breadfruit. *Psychiatric Bulletin*, 24 : 94-95.

Hossain, F. M. A. (2014). A Critical Analysis of Empiricism. *Open Journal of Philosophy*, 4 : 225-230. <http://dx.doi.org/10.4236/ojpp.2014.43030>.

Hurbon, L. (1975). Le culte du vaudou. Histoire – Pensée – Vie. In Casalis, G. Davy, M.M., Gallay, P., Hurbon, L., Pâques, V. & Sinda, M. *Croyants hors-frontières*. Paris : Les Editions Buchet/Chastel, 1975, 251 pp. Collection : Deux milliards de croyants.

James F. F. (1854). *Institutes of Metaphysic, The theory of knowing and being*. Edinburgh & London : Blackwood & sons.

Locke, J. (1690). *An Essay Concerning Human Understanding*. The Pennsylvania State University.

- McClellan III, J.E. (2010). *Colonialism and Science*. United States of America : University of Chicago Press.
- Mars, L. (1951). Nouvelle contribution à l'Étude de la Crise de possession. *Psyché*, revue internationale des sciences de l'homme et de psychanalyse, Maryse Choisy (Ed.), Paris, 6<sup>e</sup> année, numéro 60, octobre 1951, pp. 640-669. Texte repris dans l'ouvrage collectif : *Les Afro-Américains* (préface de Théodore Monod). Dakar, I.F.A.N., 1953, vol; in 4°.
- Madhère, S. (2014). *Lit, Lang, ak Silo Kiltirèl pou Levasyon ak Transfòmasyon Ayiti*. Prezantasyon pou Jounen Entènasyonal Kreyòl. New York : Brooklyn College.
- Madhère, S. (2012). *Haitian Culture, Math-Science Instruction, & Maieutics*. Paper Presented at the Conference on Educating Multilingual Haitian Children CUNY Graduate Center May 2012.
- Madhère, S. (1992). Children's game as teaching tools. June 1992, *Finesse magazine* 15.
- Madhère, S. (1989). Models of Intelligence and the Black Intellect. *The Journal of Negro Education*, Vol. 58, No. 2 (Spring, 1989), pp. 189-202.
- Nobles, W. (1986). *African Psychology*. California : Black Family Institute Publication.
- N'Sengha, M. N. (2005). African Epistemology. In Asante, M. & Mazama, A. (Dir). *Encyclopedia of Black Studies*. London : Sage Publications, pp.39-44.
- Ogungbure, A. A. (2013). Towards an Internalist Conception of Justification in African Epistemology. *Thought and Practice : A Journal of the Philosophical Association of Kenya (PAK)*. New Series, Vol.6, No.2, December 2014, pp.39-54.
- Piquionne, N. (1998). Lettre de Jean-François, Biassou et Belair. *Annales historiques de la Révolution française*, n°311, 1998. pp.132-139; doi : 10.3406/ahrf.1998.2095.
- Raphaël, F. (2010). L'ethnopsychiatrie haïtienne : un enracinement dans l'histoire du pays. *L'Autre*. 2010-3 (Volume 11) DOI : 10.3917/lautr.033.0323.
- Riopel, M. (2013). *Épistémologie et enseignement des sciences*. Université du Québec à Montréal. Disponib nan sit : <https://sites.google.com/site/epistemologieenseignement>
- Sparrow, S.S. & Davis, S.M. (2000). Recent Advances in the

- Assessment of Intelligence and Cognition. *J. Child Psychol. Psychiat.* Vol. 41, No. 1, pp.117–131.
- Sternberg, R.J. & Gringorenko, E.L. (2004). Intelligence and culture : how culture shapes what intelligence means, and the implications for a science of well-being . *Phil. Trans. R. Soc. Lond. B* (2004) 359, 1427–1434 doi :10.1098/rstb.2004.1514
- Tavarès P. F. (2006). À propos de Hegel et Haïti. Lettre de Pierre Franklin Tavares à Jean Ristat. *L'Humanité*. Samedi, 2 décembre, 2006.
- Vonarx, N. (2008). Vodou et pluralisme médico-religieux en Haïti : du vodou dans tous les espaces de soins. *Anthropologie et Sociétés* vol.32, no 3 : p. 213–231.
- Wechsler Intelligence Scale for Children®-Fifth Édition. (WISC®-V) (2014).United States of America : Pearson.

## Épilogue/Epilòg

FLORENCE PIRON

Kòm editris epi fanm k ap milite anfavè kòz jistis kognitif la, piblikasyon liv espesyal sa a nan Edisyon *science et bien commun* se yon fyète pou mwen. Premye bagay ki bay liv sa a tout valè li se sijè a menm, k ap raple nou pou nou pa janm bliye plas esklavaj transatlantik la nan pase ak prezan pèp Amerik, Afrik ak Ewòp yo. Kit yo se desandan esklav oswa esklavajis, sitwayen peyi sa yo, fanm kou gason gen yon dèt memwa pou peryòd lawont ak vyolans sa a nan listwa limanite. Tras sichik peryòd sa a kontinye parèt aklè, pa egzanp nan alyenasyon epistemik entelektyèl peyi Sid yo, ki tiraye ant tantasyon pou yo imite entelektyèl peyi Nò yo ak volonte pou yo chèche yon otantisite lokal. Apre sa, liv la diferan tou paske kontni an trete nan plizyè lang, san konte chwa otè yo fè, non sèlman pou yo tradui entwodiksyon yo an kreyòl, men tou pou yo pibliye kèk chapit sèlman an kreyòl. Konsa, Judite Blanc ak Serge Madhère te vle sèvi egzanp pou yo demontre (E la, se pa ak voye monte tankou « Fòk nou ta... » yo montre sa) kijan kreyòl la se yon lang fètefouni, rich, entelijan ki pèmèt nou analize, reflechi, panse. An nou espere egzanp sa a yo bay la ap enspire epi ankouraje anpil lòt otè, fanm kou gason, pou yo suiv menm chemen an.

\*\*\*

En tant qu'éditrice et militante en faveur de la justice cognitive, je suis très fière de la publication de ce livre singulier aux Éditions science et bien commun. Ce livre est tout d'abord très précieux

par son thème qui nous rappelle de ne jamais oublier la place de l'esclavage transatlantique dans le passé et le présent des peuples d'Amérique, d'Afrique et d'Europe. Qu'ils soient les descendants des esclaves ou des esclavagistes, les citoyens et les citoyennes de ces pays ont une dette de mémoire envers cette désolante et violente période de l'histoire humaine, dont les traces psychiques sont encore bien visibles, notamment dans l'aliénation épistémique des intellectuels du Sud, déchirés entre la tentation de l'imitation du Nord et la recherche d'une authenticité locale. Ensuite, ce livre est singulier par son plurilinguisme et par le choix délibéré de ses auteurs non seulement de traduire en créole l'introduction, mais de publier certains chapitres seulement en créole. Judite Blanc et Serge Madhère ont ainsi voulu montrer par l'exemple (et non par des incantations du type « il faudrait ») que le créole est une langue intelligente, riche, inventive qui permet d'analyser, de réfléchir, de penser. Espérons qu'ils inspireront et encourageront de nombreux auteurs et auteures à suivre leur chemin!

## À propos de la maison d'édition

Les Éditions science et bien commun sont une branche de l'Association science et bien commun (ASBC), un organisme sans but lucratif enregistré au Québec depuis juillet 2011.

### **L'Association science et bien commun**

L'ASBC a comme mission de stimuler la vigilance et l'action pour une science ouverte au service du bien commun. À cette fin, elle s'emploie à :

- Défendre et promouvoir une vision des sciences au service du bien commun;
- Colliger, analyser, produire et diffuser de l'information sur la science et sur ses rapports avec la société;
- Soutenir, promouvoir ou organiser des expériences de démocratisation des sciences;
- Organiser des expériences de débat public sur diverses facettes des sciences;
- Mettre en place des expériences de rencontre entre le monde scientifique et d'autres sphères sociales (ex. le milieu artistique, le milieu politique, etc.);
- Offrir un service d'orientation des groupes de la société civile dans le monde universitaire;
- Offrir, sous réserve de la Loi sur l'enseignement privé (L. R. Q.,

c. E-9.1) et de ses règlements, des formations sur la responsabilité sociale, la science avec les citoyens et l'éthique des sciences.

Sur son site Web se trouvent de nombreuses informations sur ses activités et ses publications. Il est possible de devenir membre de l'Association science et bien commun en payant un tarif modeste.

Pour plus d'information, écrire à [info @ scienceetbiencommun.org](mailto:info@scienceetbiencommun.org), s'abonner à son compte Twitter [@ScienceBienComm](https://twitter.com/ScienceBienComm) ou à sa page Facebook : <https://www.facebook.com/scienceetbiencommun>

### **Les Éditions science et bien commun**

**Un projet éditorial novateur dont les principales valeurs sont :**

- la publication numérique en libre accès, en plus des autres formats
- la pluridisciplinarité, dans la mesure du possible
- le plurilinguisme qui encourage à publier en plusieurs langues, notamment dans des langues nationales africaines ou en créole, en plus du français
- l'internationalisation, qui conduit à vouloir rassembler des auteurs et auteures de différents pays ou à écrire en ayant à l'esprit un public issu de différents pays, de différentes cultures
- mais surtout la justice cognitive :
  - chaque livre collectif, même s'il s'agit des actes d'un colloque, devrait aspirer à la parité entre femmes et hommes, entre juniors et seniors, entre auteurs et auteures issues du Nord et issues du Sud (des Suds); en tout cas, tous les livres devront éviter un déséquilibre flagrant entre ces points de vue;
  - chaque livre, même rédigé par une seule personne, devrait s'efforcer d'inclure des références à la fois aux pays du Nord et aux pays des Suds, dans ses thèmes ou dans sa bibliographie;
  - chaque livre devrait viser l'accessibilité et la « lisibilité », réduisant au maximum le jargon, même s'il est à vocation scientifique et évalué par les pairs.

### **Le catalogue**

Le catalogue des Éditions science et bien commun (ESBC) est composé de livres qui respectent les valeurs et principes des ÉSBC énoncés ci-dessus :

- Des ouvrages scientifiques (livres collectifs de toutes sortes ou monographies) qui peuvent être des manuscrits inédits originaux, issus de thèses, de mémoires, de colloques, de séminaires ou de projets de recherche, des rééditions numériques ou des manuels universitaires. Les manuscrits inédits seront évalués par les pairs de manière ouverte, sauf si les auteurs ne le souhaitent pas (voir le point de l'évaluation ci-dessus).
- Des ouvrages de science citoyenne ou participative, de vulgarisation scientifique ou qui présentent des savoirs locaux et patrimoniaux, dont le but est de rendre des savoirs accessibles au plus grand nombre.
- Des essais portant sur les sciences et les politiques scientifiques (en études sociales des sciences ou en éthique des sciences, par exemple).
- Des anthologies de textes déjà publiés, mais non accessibles sur le web, dans une langue autre que le français ou qui ne sont pas en libre accès, mais d'un intérêt scientifique, intellectuel ou patrimonial démontré.
- Des manuels scolaires ou des livres éducatifs pour enfants

**Pour l'accès libre et universel, par le biais du numérique, à des livres scientifiques publiés par des auteures et auteurs de pays des Suds et du Nord**

Pour plus d'information : écrire à [info@editionsscienceetbiencommun.org](mailto:info@editionsscienceetbiencommun.org)